43. Ora liyan angin tiwa-tiwa Rasul
saenggone kinabakti
dening saka kiri tuwuh
ing daratan ing jaladri
sami atur boya panor.

44. Malah akeh bajak ingkang padha ngaruh
marang praune sang yoni
saking kadohan kaweruh
yen pinatekan agoib
yen adoh wus malih katon.

45. Ambal pindho ping telu malah ping pitu
genya ya amangarahi
parandene kenang dudu
pangrasa gusti Hyang Widi
mring pangandikane panor.

46. Meres kasutapan ing tengaling laut
adilipun Sang Hyang Widi
lampahe kang nerang dudu
agawe sedih ing ati

ning wong tuwane sakaro.

47. Kaya-kaya ing mangko rasa katebus
ing ngajaran aning aswasi
partapa ana ing laut
mila rahayunipun urip
dohir karamate katon.

48. Abdurokhim Saripudin Rara Ayu
Bagdad lan ya Datuk Kahpid
kadya emas kang sinepuh
wuwuh tuwa wuwuh adi
kawulane samya katon.

49. Dadi karuruh ika duriyat Rasul
satibane kang abecik
kabancuwan sarwa alus
lan kahanan ingkang sami
badan rohanine awor.

50. Among sanak ana ing madyaning laut
maring sang jati sesiwi
ngarep-arep siyang dalu
anjelir ingkang pinuji
lan sampun asonggon-songgon.

51. Kulawarga tan ana kakuranganipun
ing sandhang kalawan tedhi
juragan ana ing laut
kathah sami angabakti
kang sami sadaya panor.

IX. LADRANG

1. Carang wolu saking pangkadaning
tedhak eyang
Rasulullah kang ulu
Abdul Mutholib winuri wuring Raja.

2. Sapapak kalawan duryat Nabi
aja iwang
Pangeran yaktine
tedhak Nabi Ibrahim pramila Raja.

3. Raja laku kapanditan luwih
mangambara
yakti wantu dinulireng
karamatullah lampah-lampahira.

4. Saenggone padha katon adi
kasasaran
kang mukjijat jeng Nabie
kocapa ahiyang pinarcaya ika

5. dening Alllah mila nak putu sir
padha tresna
padha pertapa laku
nguwati laku angrupa martabatira

6. Kocake pisan madu manis ing
rahsa ingkang
bangsa Jalal Robanu
timbul agamaning Allah ingkang patrap.

7. Katraping laku lakaring wong becik
dadi esak
abecik satibane
nganthi apa kang arah saja anuta.

8. Abdul Mutholib kang aneng Nabi
agung ingkang
den wastani kaki Adep
kaki Makowam kang rayi Amir Ambyah

9. Sultaning jin janma padha katiti
ping sakawan
Khijal kang namanipun
dupi putra kang miyos saking Nyi Halta

10. jaler gangsal pan dipun wastani
kaki Dunar
panggulune pra Wali
kang dadi Ratu Agung pandita mulya.

11. Panengah ingkan peparab Kosim
ana nira
ya dadi gegedhene
kapir iku kang nama Ki Abu Lahab

12. tan kena wus takdiring Hyang tuli
tunggal bangsa
ana Islam na kupur
milih kapala satundhun pan tan padha.

13. Wruju nama Juber dadi Wali
meunggeng kramat
kinasih dening Robbun
maka peputra kang miyos saking patmah

14. Istri tiga jaler tiga iki
kang pratama
Nyi Baedah Nyi Buroh iku
Nyi Arwi ki abdul Kangab lan ki Abdullah.

15. Ki Abdullah wrujune den arani
Abi Tholib
yeku ingkang purwane
apaputra jalu sakawan anama

16. Ali Maola rajinipun winastani
Jakpar Maola
Said Maola ping telu
warujune ingkang dipun sebat ika

17. Ubed Maola mangka sesiwi
Said Aet
kang anggayuh laku
kadya setan angumbara saba paran

18. lawan padha ayat luwih mandi
jajarira
yaiku Said Kusen
kang sahid supaya remen ngumbara.

19. Maring malah nusa apa kadi
rijalullah
cat katingal cat palsu
kawasa mring ing Damsit lan ing Jabakap.

20. Sayid Aet nuli asesiwi
maharaja
Mukasah kumalangkung
sakti sinujudan dening ingkang wiyat

21. Nuli apeputra lanang iki
Bagus Soleh
anglelana mring pulo
ing sabrang sira dinggo mantu kalayan

22. Sunan Agung ing Kamboja puri
dadiya ta
Tu Bagus asesunu
lanang mulya Maulana Syekh Kapid ika

23. aneng Nagara Aci megeng ing
kramat mulya
nemahi sabdanipun
saciptane ika dumadya sadaya

24. bisa basa maring alam goib
jan-sinanjan
lawan Jabalkap makluk
anggeleraken sarengating agama.

25, Lintang rasa sabile amargi
Hiyang Tunggal
Datuk Kapid ing dangu
apeputra lanang Syekh Ibrahim ika

26. natkala ing nagara Ansari
wus dumadya
Gung Gotami misuwur
kawasa amabur maring jomantara.

27. Kaya abure Aji dedel ing
angawiyat
tanpa elar lan wulu
kurang renah manahe sang Syekh Bermana

28. Dadya nyolong putra Raja Paris
ingkang lintang
putri rumajang ayu
den samber sing gagana mapan wus kena

29. kagawa dening sang Syekh Ansari
kang kinarya
anggegalak mring napsu
dadi sanget sabile ing napsunira

30. Putri sakarsane den tutugi
sandhang pangan
panggonan mulya bagus
kang sira garbat ing salebeting tilam

31. Panggenan Bermana lan sang putri
pagulingan
papajangan kumendhung
prandene Bermana tan kantos sanggama.

32. Lami sangete sira sang putri
dadya werat
ora kalawan kambu
dadya Bermana kojem kadhuk sasabda

33. Lah sira metheng sapa kang nuroni
pon tan ginggang
lan isun saban dalu

teka sira amemirang maring ingwang.

34. Sang suputri sabdane angimpi
sacombana
lawan ndika dhuk dalu
kula wewerat iki angsal nyupena.

35. Pareng lami ing lami adohir
dan binakta
mabur ngawiyat sampun
ambeneri pulo Jawa maostikta

36. Ing alas kang dinujug adohir
kabeneran
metu peryayi bagus
lanang wus tinilar ing wana Jawa.

37. Den temu pan dening Nini Barit
rinupeya
jabang bayi den sebut
Bagus Mada namane tekeng perjaka.

38. Ngon kebo ing Canthilan Mospait
tiyang Jawa
datan ana kang weruh
yen Gus Mada terahing andana Wirya.

39. Kocapa sang Syekh Bermana Ansari
sampunira
ambuka ngeker ilmu
den awas sawindu laminipun tarak.

40. Mangka sawus luwar sang Bermani
nuli dadya
peputra lanang bagus
kang nami Raja Resi Pandita Johar.

41. Kamashur Waliyullah ahli tapsir
lan hikayat

carita liyanipun
miyosaken ing sakehipun anggitan.

42. Anggit catur kang sunah lan wajib
ingkang wenang
den etap bagus-bagus
akeh wong agung sanes nusa kang aman.

43. Lamining gesang nuli sesiwi
Surya Suka
iang Sukadana iku
kang remen ngumbara salamining gesang.

44. Masrik lan Magrib wus den acalik
iya kramat
kang kawasa agawe
lalakon gelis limangatus taun dadya

45. den lakoni asung limang bengi
malah ika
kagungan garwa loro
siji aneng masrik siji magrib pisan.

46. Ya marmane dadi colak-colik
gilir garwa
sajumat sewang estu
limang dina akone maring dadalan.

47. Nuju ing marga ing Jawa manggih
Syekh Bi Rawa
kang dhedhepok ing gunung
Ardi Gundul umahe ora kejamak.

48. Payon dendeng ing luhur ngebeki
atap tumpang
amrih aja angluru
susah angulati piranti lawuwan.

49. Krengulu kasur karung lan kampil.

isi beras
tumpang tindih kadulu
permadani dodol wajik atap tumpang.

50. Sampiran pating grembyong gegendis
pagerira
gegubar warna aduh
awan bengi ora mendha olah-olah.

51. Estu napsu Loamah den tutugi
wengi rina
memangan bae terus
menda mayeng anggenira amemangan.

52. Kaduga yen wengi tan kaur guling
pijer mangan
awan mangkono iku
dadya cegah turu kasengsem ing pangan.

53. Gawok sang Surya Saka ningali
dadya nabda
sapa kang tinilab wruh
tuwan anglampahi kang kadya mangkana.

54. Teka keram kaula ing ndika iki
Syekh Bi Rawa
mangsuli tuwan iku
sinten tinilad colak-calik ing jagat.

55. Gojag-gajig ngulon ngetan iki
ora kathik
tan menda-menda iku
heran yen kula tingal bok ya nyacaka

56. lelengen jubah kula kang keri
lan kang kanan
Surya Saka glis asup
manjing ing lengen jubah kiwa wus pendhak

57. kalawan garwa kang aneng Masrik
nulya medal
manjing kang tengan mau
garwa kang ing Magrib wus malih kapendhak.

58. Dupi medal Suka ngasih-asih
sedya beat
geguru ing Berawu
Syekh Berawi angling mpun geguru ing kula.

59. Mboten pantes tiru lampah abdi
lah yen tuwan
arsa gampil anuju
Masrik Magrib tuwan kendel ing Krangkendal.

60. Benjing yen yakti tuwan sesiwi
lamon medal
istri tuwan sinebut
Nyi Gedheng Sembung sinambat panatagama.

61. Lamon medal jaler den parabi
lawan nama
tatapak bumi wau
yeku Pangeran Karangkendal punika.

62. Sanajana babar lawan dohir
aning Arab
den poma sampun klentu
paparaba ingkang mangkana punika.

X. PUCUNG

1. Carang sanga, saking panging Kandha Carub
terahing Batara
yuganing Asma sakehi
mapan tunggal sakabeh makluking Allah.

2. Mung bedane, wadhag kalawan kang alus

langgeng basa asma
datan rusak saendenge
kang sajajar mau lawan Ngarasullah.

3. Tetapine, yuga kang miyos king riku
kang malebu dunya
ya kaya dunya adate
kenang rusak kenang mati kaya dunya.

4. Amung bedane, ing kesaktene punjul
terahing kang Asna
sapantar lan jin adate
kabisane anglangkungi ing manungsa.

5. Wus samono, pandume saking Hyang Agung
marmane si Budha
tan karuwan agamane
sebab Asna iku tan sinung ing prentah.

6. Ora nane, cegah pakon ika amung
saidhep dhewekan
angaku purbane maring
dadi kaluwihan turun tekan sira.

7. Kang wus ana, ning dunya pon masih milu
kaya adat Asna
sinebut Budha asmane
ora milu ning agama Rasulullah.

8. Ila-ila, ulu-ulu kang rumuhun
kang den tiwa-tiwa
den kukuhi agamane
ing adate leluhure saking Asna.

9. Yuwang Widi, Nuruhu yuyuga Suur
nuli ayuyuga
widi Nubuh panjenenge
nuli yuyuga widi Jalalu Purba.

10. Nuli yuyuga, ingkang hyanging Mangikeru
nuli ayuyuga
hyang luhur Marij jenenge
nuli ayuyuga Arya Sambarana

11. Anuli ika, amiyosaken ing sunu
kang peparab ika
Bagawan Sukrem namane
nuli peputra Sakri darananingrat.

12. Maka peputra, sang Palasara tumurun
peputra Abiyasa
peputra Pandu sang katong
miyos putra sang Adipati Arjuna.

13. Purwa ika, kang putra Wara Bimanyu
nuli apeputra
Parikesit jenengane
apeputra Maharaja Udayana.

14. Maka peputra, istri Gendrayana Prabu
mangka apeputra
Sri Jayabaya ya jenenge
apeputra Jaya Minjaya narendra.

15. Apeputra, Jaya Misena tumurun
Kusuma Wicitra
ingkang amiyos putrane
Citrasoma apeputra Pancadriya.

16. Apeputra, Rasa Kanduyuhan Ratu
nuli apeputra
Lembu Mijaya jenenge
Lembu Amiluhur prabu ing Jenggala.

17. Nuli peputra, Panji Rawisrengga Ratu
anuli apeputra
Prabu Leleyan jenenge
angratoni ing nagari Gagaluhan.

18. Mangka ratu, Galuh apeputra telu
kang estri dumadya
ratune dedemit kabeh
nama putri maharaja Sakti Larang.

19. Ingkang jaler, anama nenggeh angratu
aning Pajajaran
Ciyung Wanara jenenge
ingkang sepuh sang Prabu Arya Banga.

20. Kang jejuluk, Brawijaya Purwa Jawut
angraton ing Jawa
Jawa Wetan Majapait
apeputra estri ingkang sakti Jawa.

21. Kajinan, sanget tan waras ing dhukun
tumuli Gus Mada
kang laksana digjayane
bisa nyepeng maring jin kang mandungraras.

22. Ora liyan, yaitu tabarukipun
kang rama bernama
marmane Gus Mada mangke
lan den ganjar dadi Patih Gajah Mada.

23. Pandung ejin, karasane jaksa pepitu
ayun pinejahan
ika sang Keboamalya
namaning jin tumuli gadhah aturan.

24. Kula sanggem nalukaken sabrang ratu
darapon bisaa
Majapait ning purwane
ora sida den hukum dadi den titah.

25. Yen abukti, senapatih ing ayun
dumadi laksana
pikanthuk salikur pulo
sabrang ingkang tundhuk seba Maostikta

26. Dumadiya, renahira ing sang prabu
Kebomamaliya
ganjaran putri sang katong
panggihaken pisan lan dhemena sira.

27. Lawan sira, den jinungjung ingalungguh
Sang Arya Panular
wus jumeneng prabu anom
kang den gegandi dening Patih Gajah Mada

28. Gajah Mada, sira bernama yaiku
mula-mula ana
Gajah Mada yang rasane
bernama Ansari kang wus mau kocap.

29. Lami-lami, sang putri ing Majalangu
atilar ing dunya
lah iku ing marmitane
Prabu Anom Arya Panular pamitan.

30. Manthuk maring, karyangane dhuk ing wau
karanten ing garwa
wus sirna pernah semeren
wus kalilan ing karsa sang Arya Banga.

31. Mung panakawan, jin guru taman kantun
sumeja ngawula
ing sang prabu malah kangge
parantos nyunggih natkala kekesahan

32. maring pulo, sabrang lan lawan prau
den sanggi amesat
mabur ngelayang tekade
maring endi pulo ingkang kersakena.

33. Maka nalika, raja akesah rawuh
maring sing Palembang
ningali ringgit sedhenge
ejin juru taman amandung lampahnya

34. Nuli maring, Majapait ngidang wangsul
wateke jin cara
angubek-ngubek selire
ing keraton Majapait linebonan.

35 Kira-kira, sedeng manthuk gustinipun
agupuh pinangga
wus sinunggi manthuk ageh
sarawuhe Arya Banga jero pura.

36. Ngarsakaken, selire padha sesadu
kadiparan teka
pindho sedela karsane
dereng dangu nembe mentas pinasihan.

37. Dugaane, sang prabu waskita kawruh
datan nana liyan
ing panyengkege ing manahe
adan sira jin utaman ingandikan.

38. Pareng dhateng, pinanggaken maring gupuh
pinanar kang mata
mabur sang jin datan suwe
bari sesumbar ana ing awang-awang.

39. He ratu, Majapait kang langkung agung
kang ambatur dhendha
nyakrawati saturune
mbesuk anak putune ja katumbukan

40. yen ana putra, saking Palembang manjur
nama Raden Patah
ing kono pamales ingwang
ratu Majapait bar maca wangsulan.

41. Mbesuk wani, mengko wani marang satru
lan babatangira
kolu sun langka getihe
sirna rena ing Maospait wus arja.

42. Nuli ika, Arya Banga asesunu
nama Tejarasa
ing sasirnane ramane
jumeneng malih anama Brawijaya.

43. Angratoni, Maospait kinalungguh
tanana angina
maring ingkang salinggihe
lami-lami Brawijaya Tejarasa

44. kinebut ing, purbaning angraos lampus
tumuli kang putra
malih ngadheg ing sang katong
nama Brawijaya tuhu ayu reja.

45. Kagungan ing, papatih amanahipun
iya Gajah Mada
Windu Permana jenenge
pon putrane Gajah Mada sangu reja.

46. Mangkono ugi, kang nagara rahayu
tanana kang malang
malanga ing sakersane
lami-lami prabu tuhu ayu sabda.

47. Kalusan malih, ing kana namanipun
nggih sang Brawijaya
tengah dhuking peparabe
kang pepatih Gajah Mada babar ngalam.

48. Arjaning, negara katekan pangawruh
wantuning kawula
sang ratu asor jurite
dening putra ingkang wau ngantos seda.

49. Dadya putra, Sokadana ingkang estu
mendhet putrinira
pinangka prameswarine
ajejuluk pon ratu sang Brawijaya.

50. Brawijaya, lanang sejati kang nunggung
patih Gajah Mada
paku reja kekasihe
pon putrane Gajah Mada babar ngalam.

51. Nuli ana, buta wadon namanipun.
sang Niti Dalepak
melaku dadi garwane
Ratu Majapait wus asalin rupa.

52. Wus arupa, widadari langkung ayu
milanipun karsa
sang prabu dumulur ageh
malah bobot kambu dhahar gegecok bang.

53. Dadi ngerik, apuli rupane wau
kawirangan dadya
lumayu ning alas gedhe
nuli babar putra jalu jali yatma.

54. Nini Dalepak, wus niba saking gunung
katepanan pejah
mangkana jabang bayine
panggihaken dening kaki Empu Haja.

55. Den openi, dugi amarjaka sampun
katelah Gusdilak
langkung timbul digjayane
wus ngawula ing Majapait sang nata.

56. Kanggep wau, pangawulane sang ratu
mila pinaringan
Arya Damar peparabe
malah kasor digjayane Gajah Mada.

57. Pakureja, mboten eca manahipun
agupuh sang nata
waskita ngemong abdine
Sanghyang Damar den pacak aneng Palembang.

58. Kinawenang, aken nyuluri sang ratu
Palembang kang seda
Yang Damar dados renahe
Sang Gajah Mada anapon dadya bungah

59. dening nyingkir, kang dadi memaru lungguh
lami-lami lanang
sejati nuli semeren
kasuluran kang putra jumeneng nata

60. Ajejuluk, Brawijaya nata ratu
pepatihe nama
Gajah Mada Sangga Langit
arja nagara tanana angriwa-riwa.

61. Lami-lami, nata ratu kena lampus
sampun sinuluran
dening kang putra kang namane
Brawijaya Surasaka mangko nusa

62. ingkang maksih, agama Budha kang wau
papatihe nama
Gajah Mada lir agantet
guruning negara estu bebuntasan.

XI. BALABAK

1. Carang sapuluh king pang Carub Kandhaning, jawane
ingkang tumurun maring sultan-sultaning mangkone
kasultanan Jawa muwah maring wali jawine

2. Sunan kawaliyan kang campur terasing ngarabe
ingkang sami murwa agamane sami, jawane
saking warisan asal-usule iki jawane.

3. Kang saweneh saking Sunda andum waris sirane
asalira saking ibu kang pinanggih, wawahe
kedadiyan aja kaelokan mring, mbesuke

4. Wong kang nyelang negara dudu turuning tilapi
katambuhan tan weruh asal pinanggih mbesuke
kaya Maostikta kaslap Demak tan ngawruhi titise.

5. Kesamaran Demak kaslang Pajang dening besuke
utawa mbesuk ing Pajang kaslan dening Matrame
utawa besuk Matram kaslang Swareki ujare.

6. Pon iku sejatine turun waris, samare
carang sing Aryang Banga ingkang kapundi, pditane
iku putra Aryang Banga ingkang nami, tekade

7. Ki Gedhe Matalarasa mangka iki, putrane
Gedheng Metir namanira turunane, putrane
Gedheng Majatengah iku iya nuli, putrane.

8. Ki Gedheng Maja akeh dhuk nama nuli, turune
Apeputra Ki Gendheng Kartadipuri, gampunge
ing tapanira lami agesang nuli, nurute.

9. Ika peputra estri ingkang kekalih, namane
ingkang aneng Nyai Rara Kembang iki, namane
kang sepuh Nyi Wandan Jenar nata jawi, karsane.

10. Sang ngalaga Brawijaya Surasaki, luware
nganglu wantune dadiya tekan wangsit, doyane
yen sang prabu arep waras panangluning, turane.

11. Sang Prabu kuduwa manganggo mring estri, wandane
Wandan kuning warnine mangko saiki, tangtune
tangtu kena sira waras kang tumuli, benjinge.

12. Sang Prabu anitah mantri angulati, istrine
ingkang mangrupi wandanan jenar iki, rupane
datan antara wus kapendhak mring gadis, putrane.

13. Putranira Kartadipura utami, ature
wus kahatur marang sang nata dumadi, karsane
sang prabu manggih usada nuli guling, karsane.

14. Kaih Nyi Wandan Surasa kang lelariki, warase
dadiya Nyi Wandan nuliya garbini, raose
salamining sang prabu langkung asengit, ewahe.

15. Aningali Nyi Wandan Jenar milasi, tembunge
kantos binabar lanang payayineki, rupane
sang prabu ngandika aken buwang maring, alase.

16. Drapon sidhem catu ilang wartaneki, mantrine
kang kinen buwang klangkung welas ireki, tingale
kalangkung ing pelagipun jabang bayi, rupane.

17. Dadya api-api kesah ngalas iki, ingkale
kale ora den simpen ing dhewekneki, umahe
umah kang sempar ja ana kang ngawruhi, karsane.

18. Den tik-itik kaduga merjaka iki, lawase
ingaranan sang Jaka Bondan Kejawi, parenge
sareng-sareng sang jaka kagungan pikir, pyambeke.

19. Ingkang den buwang dening kang ramaneki, asike
dadiya apepolos ning alas iki, dirine
angantepi kasutapaning ireki. karepe.

20. Wus awor lawan siluman gunungneki, gununge
ing guwa tigang taun lamine reki lawase
anggenipun atetapa mbucal diri, darate.

21. Sanak raja minamuwa eprineki, darate
iki pujine epri ing daratneki, ujare
Hyang Aluhur ing benda arkitah iki, semune.

22. Mujikaken mulyakaken Bondan Kajawi, mulane
malah jodo kelawan bangsa Banujin, istrine
bisa adang pari gegedhengan iki, bisane.

23. Dadi sega tan susah tinutu malih, kwasane
tan ana suwe lamon sesawah iki, gunane
lawan bisa nandhur kapas ingkang iki, uwohe.

24. Thethukulan tan susah anganthi malih, bisane
lawan bisa anenun rasukan iki, ujare
ujare ingkang tampa dongdoman malih, tenune.

25. Lawan geni kang dadi ilang gegeting, regede
leledhuging sinjang sewet wutu iki, mulane
tanpa kara lami-lamining ngaurip, gesenge.

26. Bondan Kejawan nuli peputra iki, Ki Gedhe
ing Pamanahan iya iku besuking, turune
tumurun kasultanan Mataram benjing, turune.

27. Kutha mulya kelawan malih putraning, turune
Bondan Kejawan nama Ki Pandan Jawi, namane
iya iku ingkang gadhang trah turaning, þatose.

XII. PALAMBANG

1. Ana ing Pati nagara
sak rasane iku benjang
timbule sawising Demak
kalawan sawising Pajang
lah iku galure ika
turuning waris ing raja
keleming gabus wekasan
timbul malih katingalan
milanipun wonten kocap.

2. Kasultanan Kartasura
nyelang Karaton Mataram
karanane Kartasura
iku pon yakti turunan
saking Brajawijaya nga

Brawijaya Surakarta
peputra kang paladara
ing arga Lawu kang nama
Lembu Peteng sakti lintang.

3. Ingkang remen ing alasan
tamat apeputra ika
nami Buyut Banyusura
pon mangkana lampahira
anusup angayam alas
nulya apeputra ika
nami Buyut Banyusura
kang sanget pertapanira
panedyane darapona

4. ing akir jumeneng raja
muga-muga ing karajan
ora kena kadhinginan
mbesuk dening Ki Mataram
marmanipun apeputra
Buyut Lenyep Partasura
ana ing alas kang rawa
dadya ika apeputra
Gedheng Alas Surawanta

5. Sakaol Pangeran Alas
utawi luwung kang nama
kang wanter ing lapanira
kalawan remen ngumbara
lami-lami apeputra
kang nama Ki Gendheng Langga
kang wanter tapa tunggal
kendel datan arerasan
kaduga ika peputra

6. sang Jaka Tarunajaya
iya kang nyelang nagara

nyelang Karaton Mataram
watara telung turunan
ya saking maris pusaka
Jawa leluhur hyang kuna
mangka Prabu Surya Saka
ing Majapait akarsa
ngalap garwa saking Cempa

7. putrine sang raja Cempa
Dewi Darwati kang nama
kang bisa asalin rupa
warna ping pitu sadina
marmane kinangkena
ing Majapait dumadya
prameswari kinasihan
tan kongang yen karunaa
dadya sangar ing peraja

8. pramila sang Brawijaya
sanget ing pangraksanira
mring Endrawati rarasan
witing asih kinembulan
ing marma ana perkara
dadi wuwuh asihira
kang maring putri Cempa
sajengjeme ing sang ratna
aneng Karaton Maostikta.

9. Alame ika tinutan
dening ingkang saduluran
kang nama Raden Pancala
putra jalere Syekh Jumad
juragan gung Pulo Pinang
Pancala tumut ing Jawa
ngawula ing Brawijaya
timbul sakti mandraguna
pramila den sengkakena

10. agama Raden Pancala
sinung pajeng kinumbahan
lan kandaga lantenira
ora liyan saking nyata
trah saking Jeng Rasulullah
kang wau sampun den gandha
pramila Raden Pancala
katon punjul ingapapak
lami-lamining agesang

11. Raja aneng Bali nusa
mogok datan kersa seba
pareng akuwen amampang
anglebaraken saseban
marmitane Brawijaya
ngandikaken sayembara
sapa-sapa mantriningwang
kang sanggup angadhepena
ing pamogoke sang raja.

12. Bali dumadhak waluya
seba maning kaya kuna
pasthine iku sun ganjar
sun paringi putriningwang
putri kang pembarep ika
suputri Andayaningrat
lan sun paringi nagara
ing Pengging Kabupatenan
amangku agarba pelag.

13. Yata sakehing prawira
aganti mara narajang
maring Bali datan angsal
karya padha wali mulak
anging sang Raden Pancala
kang oleh gawe katekan
beli idhep kaya kuna

seba maring Maostikta
marmane Raden Pancala

14. ajeneng punika raja
ing Pengging paseyan raja
nata mangku garwa pelag
suputri Andayaningrat
carem palakramanira
malah anduga peputra
Gendheng Pengging namanira
yaktine Pengging punika
nyata terahing kusuma

15. Yen tiniru saking rama
iku tedhak Rasulullah
yen linuru saking biyang
iku tedhak ratu Jawa
ing Majapait nagara
marmane iku abenjing
putrane kongsi kadungkap
jumeneng sultan ing Pajang
pon ika adiling Allah.

16. Iku sabab turunira
dupi kang tambu ing asal
maido ing manahira
kasultanan Pajang ika
boya datan weruh asal
kang wus kelem tan uninga
lir gabus kelem ing toya
katindihan dening sangkra
tangtu timbul maning gampang.

17. Ing tangtu kalawan ora
yen wus mire punang sangkra
iku wus mungguhing Allah
ing sakarsanira padha

tanana kang malang-malang
kaya tan lamon anaa
kusuma kelema pisan
ora nana timbulira
saking dolime kang manah

18. Kaya kang uwis mangkana
iku pinangkane siksa
Benduning Allah Taala
kang ana ing alam dunya
sanadiyan raga kupar
yen tinemu adilullah
tan wurung bakal dumadya
ing kabagjanira ika
manggiha adadi raja.

XIII. SUMEKAR

1. Carang sawelas ya saking panging
Nusa Jawa kacampuran Arab
wus mangkana adat urip
kang dumadi
carubing kandha asale.

2. campur turun Asna turun Nabi
tarkadhang turun Budha dadi Islam
tarkadhang turuning Nabi
dadi kapir
andum sawaris-warise.

3. Weneh turun Nabi kang dumadi
Budha wus dasare saking Allah
untunge dhumateng jalmi
sawiji-wiji
dadi palawan anane.

4. Ana kang Islam ana kang kapir

timbangan ana swarga neraka
yen ta meluluwa muslim
yakti mbenjing
naraka tan ana isine

5. Lamon mluluwa kapir sayakti
swarga tan ana isine pisan
pramila adiling Hyang Widi
ana becik
ana ala lawanane

6. Ana padhang na peteng apa maning
ana andhap luhur drajatira
yen ta papaku sayekti
dadi sepi
Allah tan ana Kohare.

7. Suwung tan ana kang den hukumi
sapa kang padha nebut pangeran
yen ora nana angabdi,
mulane sih
den kodar warna rupane

8. Kocap Marat deg-udege Nabi
aputra Barnam nama kang kuna
apaputra Syekh Aswari
Sakarnaeni
sajajar kalawan wareng.

9. Wareng Kangjeng Nabi pernami
Abdul Manap kalawan Syekh Anwas
Sakarnaeni tunggal kaki
nanging wasis
kasedah dawa umure.

10. Ora mati tekeng jaman akir
kaya bangsanipun Umarmaya
miwah Nabi Khidir iki

miwah nabi
Ilyas tunggal pangidhepe.

11. Raja Dul Karnaen Askandar tunggil
Nabi Ngisa sami urip panjang
doging maring jaman akir
wus kawilis
ika Rijalullah goib.

12. Syekh Anwas pon lagya lam Nabi
iman tapi remen angumbara
tan pedhek-pedhek ing muri
asesiwi
Syekh Mudakir pan jenenge

13. pertapa kang neng gunung Gundhul mungging
jajahan Pajajaran Nusa Jawa
mapan iki tunggil urip
lami-lami
menangi udeg-udege

14. Kocap mbesuk tekeng Sunan Jati
mapan ing gunung Gundhul kang pernah
Syekh Mudakir langkung singgih
suhu saking
manahe dadi sakabeh.

15. Nuli paputra Ajar Murangsih
kang nglelana mring Jawa lan Arab
maring sirang colak-calik
lami-lami
amiyos lanang putrane

16. kang dadi Aryeng Madura nagari
ingkang nama Ki Arya Tejalana
nuli apeputra nami
Arya malih
sedha ing Kepuh sumare.

17. Sedhang Kepuh rabi neng Arabi
apaputra babare ing Arab
nama Syekh Jamiul Akir,
ngaremeni
ngumbara ing saremene.

18. Mila jejuluk Tejalaku nami
sajagat den jlajahi sadaya
mangkana ika olih rabi
putra estri
ing Kartadipura Gedhe

19. kang wau nama Nyi Kembang Adi
wus katlah laki wong agung Arab
nama Syekh Jamiul Akir
lami-lami
akrama miyos putrane

20. papat sawiji dipun wastani
kang nama Kyai Gedheng Sesela
iku kang pertapa dadi
anglungguhi
sabrang ingkang kapendhete

21. miwah apik resik sagina gati
dhepok sela caripun kawan dasa
tedhake ageng pribadi
putra estri
ingkang nenggeh wewangine

22. Rara Sisilati warna becik
taruna anthuk laki trah Jawa
Ki Pamanahan lah benjing
kang mutrani
si Jaka Kacung yektine

23. kang mbesuk jumeneng senapati
ing Mataram tedhak dadi Sunan

kaidhep anyelang waris,
rerehaning
kang ibu iku buktine

24. Trah saking ratu Jawa Majapait
yen kang rama iku trah Rijalullah
sing Arab ingkang pernami
Syekh Aswari
Sakarneni dhuk leluhure

25. Pon tunggal leluhur Sunan Kali
rakta ratu Jawa kerananira
bangsa tunggil leluhur king
Sakarneni
kang katelah Nusa Jawa

26. Ratu Jawa aja kaelokan Jawi
dudu Jawa sawiya ing Jawa
yaiku Mataram iki
sayektineki
den raketi Sunan Lepen.

27. Karana iku Sekh Samiul Akir
kang gagarwa mring Nyi Rara Kembang
iku putrane Ki Sidik
ingkang mbenjing
ing Tuban kawibawane.

28. jeneng dipati ratu kang kekasih
Arya Tuban ing kana mangku nagara
Rasa Suteja wewangi
mbesuk laki
lan Sunan Ampel jenenge.

29. Kang nuruni Sunan Bonang benjing
lan Sunan Kudus pan tunggal asal
dupi Ari Putrabumi
kang nem anami

ingkang sinebut jenenge

30. Jaka Sulaksana iya benjing
ngawula mring ratu Maostikta
kaanggep denira ngabdi
mula dadi
sinung kawibawan gedhe.

31. Pinaringan kandaga lante twin
payung arja sinebutnya sastra
Tumenggung Wilatikta adi
iku benjing
kang satuhune adhuwe

32. putra lanang sinebut Sunan Kodi
benjing kanthete lan Ki Mataram
dunya akerat dadi siji
angaurip
pon datan akersa sanes

33. sawabe putra Sekh Jamiul Akir
kang patutan lan Nyi Rara Kembang
lawan malih den arani
kang pernami
Tejalelana jenenge.

34. Yeku kang remen ngumbara ing tasik
ing lautan kalawan gagapar
sura perkosa anglangkungi
tegang pati
apambek prajurit gedhe

35. Aweh krasan jeneng dipati haji
ing Madura mangku nagara rosa
iya iku ingkang benjing
purun maring
sultan Madura akire

36. Mula Panembahan Sumenep twin

paringan ing praja Sampang curiga
miwah raden ing pamalang
pon wiwini
Jamiul Akir purwane.

37. Weneh malih putra Jamiul Akir
pon patutan sing Nyi Rara Kembang
lanang malih den arani
kang pernami
Teja Warangas jenenge

38. yaiku kang jumeneng bupati
ratu ing Balambangan nagara
wisesa mangku nagari
angukuhi
ing saka prabotan dhewek.

39. Peputra istri ayu linuwih
nama putri Rarasdirya pelag
yaitu kang mbesuk laki
Datuk Sidik
dadi mbesuke adhuwe

40. sunu lanang iku Sunan Giri
dadya kabeh pon malih karabat
rayat sanak sakabeh iki
mula dumadi
para wali ing mbesuke

41. majmungan kumpul sasanga wali
kacarita Pamanahan kathah
turunan dhumateng Jawi
karanten pecil
kalih las jumlah kathahe.

42. Kang sawiji nama Ki Gedheng Anis
iku kang tumedhak ning Raden Papak
Lelananingrat lan malih

kang sawiji
Yuyut Wewet pan jenenge.

43. Yeku ingkang tumurun marinci
mring Banyumas kang katemenggungan
walurining patih Aji,
kang winuri
kanthi saturun-turune

44. sawiji maning kang maring nami
Panji Sekarpraja iku putra
kang pernami iya iki
Raden Panji
Kumendhung ing peparabe

45. Kang sami nernah ing Wisaparni
neng ngaya ing Penjer Rinantaya
ing rarabu apa maning
kang winuri
ing panji ngaran namine.

46. Siji maning Raden Surajani
ya ingkang tumedhak raradenan
ing dayeuhluhur lan malih
ing Siri Pasir
gumelar ing sakabehe

47. siji malih kang katelah nami
Manacandra yeku kang tumedhak
ing Arya ingkang winuri
ing raragi
rumbinang kalang laute.

48. Siji malih Ki Papiran Candi.
kang tumedhak ing Kranggan sumedya
rinengga ing sawuri
pon kawuri
pan dadi jati satrune

49. ing Lumajang Sedayu kang dhingin
ing Dadapa tular Trenggalekan
dupi kang sawiji maning
Ki Mas Jampi
tedhak ing keraman kabeh.

50. Mas-masan ing Purwakarta malih
ing Wirata Serengan Grobogan
Jagaraga Rajegwesi
kang sawiji
maring agusan jenenge

51. Bagus Manawana kang mencar ing
Kedu miwah Keduwang dupi kang
sawiji-wijine maning
Jaka Luwih
kang mencar turun-turune

52. mring Kadipaten Rembang Lasem malih
ing Jawana mbesuke Purbalingga
Patarukan Banyuwangi
lawan Lawit
ing Kendal lawan Bagelen.

53. Sawiji maning kang turun maring
Kasungkawan aneng Nusa Kambangan
pasisir kidul kang luwih
anggemeti
ing tingkah lus lawusane

54. Nama Ki Gedheng Pasir Tambang Aji
dupi ingkang sawiji nama Wasipa
ingkang tumurun asingit
kang remen lalis
kang tan karuwan kramate.

XIV. DHANGDHANGGULA

1. Carang kaping rolas saking panging
Carub Kandha ingkang cinarita
kabupaten sekabehe
nenggeh terahing Galuh
ingkang sami jasmani latip
tan katon ing paningal
ing ora kinukum
agama dirgamanira
Islam kapire sami mayungi nanging
maring sanusa Jawa.

2. Saminipun badan kaya ipri
Parayangan lak-laking wangenan
ingkang maring masusane
ngaubi anak putu
ingkang sami nyepeng negari
ana ing nusa Jawa
marmane kawuwus
maring aran kabuyutan
malak mandar mau dadi nyelameti
salampah-lampahira.

3. Kang ajenek anang nusa Jawi
patut iku kabeh kapayungan
den raksa ing salungguhe
dening kang para yuyut
ing terah kangjeng Siliwangi
ingkang amalar-malar
mernah jenekipun
dhateng Talaga Kuningan
ana ing Carbon rumangsa apa maning
pan terah ratu Sunda.

4. Ratu meraja sakti kang uni
putrane Galuh kang bawa

siluman ing salamine
apaputra pipitu
kang sawiji kang den arani
Sanghyang Pasareyan
ing Lakbok angratu
iya iku kang tumedhak
maring yuyut Sangga Wisesa kang nenggih
anengga pulo Jawa.

5. Seperti nampa lelengsir cilik
kang kapindho putra ingaranan
Gelo Herang peparabe
Tunjung Bang kang angratu
kang tumedhak puniku maring
namaning Kabuyutan
Cahya Hening Agung
ngideri nusa ping tiga
putra ingkang winastanan kang puniki
Cahya hening namanya

6. ingkang mayungi pirajadeki
ing nagara Mataram punika
angaubi salawase
kaping pat putra wau
ingkang dipun wastani iki
Sang Ratu Romat Hyang
aneng gunung Sewu
iya iku kang tumedhak
mring Yuyut Sangkala Brama amayungi
ing bumi Carbon pura.

7. Kaping lima winastananeki
Ratu Celak Roncenak sanghyang
Waraga Tunggul payunge
wong Tegal luwar mbesuk
kang den arani Buyut Peri
Jenggala Kaptian

mapan ika turun
ning Ratu Jelak Roncenak
kaping neme putra kang dipun wastani
Ratu Gejele Herang

8. ing guwa Pajajaran sejati
kang mayungi nagara Pakuwan
ajejuluk Darma Rehe
iya iku kang turun
maring Buyut Lenggang Lumangging
kang mayungi nagara
Jakarta yaiku
iku malih rayinika
kang mayungi aning Banten nagari
namaning Ki Buyutan.

9. Kaki Buyut Kenter Seda Hening
kaping pitu putra ingkang nama
Ratu Tegur pan jenenge
ing guwa upas turun
maring Buyut kang akekasih
Cengkas Herang kang nama
mayungi ing Ujang-
Kulon ingkang ingauban
sakehe ika kang turun maraja sakti
putra ing Kagaluhan

10. kang pernami bangsanipun latip
kaya sajajar jisim Banujan
utawa siluman kang elok
ngawengan ing pandulu
ning awadhag tan liyan angin
ya tedhak Pajajaran
lawan tedhak Galuh
kang saweneh salin rupa
rupa macan yen katingal dening jalmi
iku mapan ya tunggal.

11. warna iwak ana rupa paksi
rupa gelap ana kang kamangmang
sawiji-wiji rupane
ana kang rupa lisus
angin gedhe alemat dadi
dadi gara wikara
tumurun ing Sindung
ana rupa banjir benah
ambalabar ana ingkang rupa thathit
emu riris lantikan.

12. Ana dene terah Siliwangi
pon pepitu maning kang nyiluman
kadi wau ya bangsane
kang dhingin iya iku
putra ingkang dipun wastani
Ki Sanghyang Galiweha
iku kang tumurun
Buyut Hening Lembujaya
Buyut Lembu Agung Gajah Siluman Siri
Buyut Sanghyang Buwana.

13. Lan kang buyut ratu Elang Eling
Buyut Ketug Buyut Maha Larang
lawan Gajah Barong
lawan sang Buyut Luhur
lan mawa Buyut Raja Keling
Buyut Timbul kalawan
Buyut Lenggang Agung
sakabeh iku pan samya
anyangga bumi Kuningan ngauningi
sarta ambau raksa.

14. Mula ana wateke kang anjeneki
ing bumi Kuningan iku padha
kaluwihan perwateke
datan ardaka kaungkul-

ana dening samining gogi
saking wateking jagat
turun saking iku
kang nama Hyang Kaluwihan
lan kapindho putrane Prabu Siliwangi
kang abangsa siluman

15. ingkang anama Duluwangi
iku kang turun ing kabuyutan
Ratna Cempaka jenenge
kang ing guwa Ki Madu
kang sinelehaken ika mring
nama Sekh Haji Juba
kang jenek saestu
aning gunung Panawangan
kaping tetelu putra ingkang pernami
Hyang Guyupuh kang nama

16. iya ika kang tumurun maring
Kabuyut Patih ingkang ngahiyang
ing jerone gunung Cerme
muwah ing puncakipun
ya Buyut Sukma Adiluwih
lan kang ning Carebon Girang
kang paparabipun
Buyut Wana Wati Purba
kaping pate putra kang dipun wastani
Sanghiyang Kapa Larang.

17. Iya ika kang tumurun maring
para kabuyutan ana ing Telaga
Raden Rangga Teles namine
kang ning dasar Telaga manun
Prabu Jaya Wisesa malih
kang ning pinggir Telaga
lan sang Seda Manglung
ketel ingkang elor wetan

ing Telaga wari-warinen ning candi
malar nyelametena.

18. Kaping lima putra kang dedemit
kang nama Diri Kola Triyan
tumurun ing sakabehe
Ki Buyutan alungguh
pangarepe Sekh Pamuter Bumi
lah ingkang aning tengah
ing Carbon yaiku
Ki Buyut Lindu Buwana
lan namine Ki Buyut kang angideri
ing bumi Carbon pura

19. ya Buyut Kebo Kamale Suci
sakehing kabuyutan punika
papadhon papat genahe
kutha kang nunggu kidul
Ki Buyut Rara Rewah Sakti
kutha kang nunggu wetan
Buyut Antu Laut
kutha ingkang winastanan
Buyut Darajing kutha kulone malih
namaning kabuyutan.

20. Ki Buyut Acarang Acaring ing-
kang nama ana ing pelawangan
ing kutha Carbon namane
sang Kala Jaya Buyut
kaping nem putra Siliwangi
ingkang bangsa siluman
nenggeh jenengipun
Sanghyang Maja Dewata
yaiku kang tumurun aning dedemit
kang aneng pawatesan

21. aning Carbon iku papat maning

pawatesan kulon ingkang nama
Buyut Puter peperabe
pawatesan loripun
Buyut Saput namane luwih
ing pawatesan ika
lawan kidul Buyut
Gelar mangka pawatesan
kang katelah Kurutug namaning luwih
lan kang mayungi ana

22. ing Grebon pura kang den wastani
Ki Buyut Sang Sekh Sakadatullah
ngaubi ing pura Carbon
sabab ing waktu iku
Carebon durung kasebut negari
masih kasebut desa
ing ngarepe kuwu
ing Tegal Pangalang Alang
iya Carebon mulane katelah nami
ya saking pakasaban.

23. Pakasabane elok angambil
rebon maring memet saking sagara
dadi trasi ya pajege
ning Pajajaran ketung
Carebon pajege trasi
arta masin kentengan
dhuk sawaktu iku
sinundhuk kenteng kuningan
utawa perunggu kang pinangka dadi
belanjane wong gesang.

24. Kaping pitu putra Siliwangi
kang saking siluman kang anama
Ki sangu Lara jenenge
iku ingkang tumurun
kabuyutan kang kemitneki

ajaga wawangunan
ya kang anak putu
kang padha jumeneng raja
kocapa Buyut Kala Buwana Sakti
angraksa ara-ara.

25. Lan Buyut Anuman Jaya maning
tunggal gawe ngraksa ara-ara
ana dene ingkang elok
ngaraksa sadayanipun
padaleman ingkang pernami
Nyi Ayu Parangkungan
layan malihipun
kang anunggu sama barang
ing siti inggil Ki Buyut Ranggat Andik
lan malih kabuyutan

26. kang lok nunggu Astana kang mingit
iku buyut kang Kala Wisesa
ana dene ingkang elok
nunggu patani agung
singa-singa kadhem arani
Ki Buyut Tas Buwana
Bur Putih puniku
kabeh pangawak siluman
kang rumeksa ing anak putu kang sami
bangsa manungsa jawa

27. iku pon tedhak Galuh utawi
Pajajaran kang banget rumeksa
yen katon arupa sato
macan iku kang estu
gilir gumanthi padha akemit
maring karatonira
ingkang anak putu
utawa sing jaga-jaga
sakulira wangunan kang den adeni

tinunggu ing siluman

28. Mulane dadi ing sakathahing
tapaning wong agung kang sanyata
dadi anget purbawane
karana yen dudu
den telampek dening dedemit
marmane dadi ana
pangaruh tinemu
tan kasar dening papantar
iya iku tulunge sanak dedemit
anjaya-jaya ing sanak.

XV. SINOM

1. Carang kang kaping telulas
sing panging Carub Kandhaning
Pakuwon Kacarebonan
agama burda minggiring
ing Islam sawatawis
ing Carebon awanta-wantu
pasthi akeh kang teka
wong sabrang wong Atas Angin
Caruban Bugis Kojah Cina Walanda.

2. Saking bangsa warna-warna
wantu ana ing pasisir
ingkang kampir jenek pisan
andhon saenaking ati
Siliwangi tan penging
sasukaning dagang rawuh
ingkang katiti bea
pajege mring Sri Bupati
saking ing kono maning Carebon Caruban

3. Tetapi tanana bisa
beberes aneng pesisir

anginggika kang tanana
wong pepitu kang ndarbeni
patindhih saking ngaji
Pajajaran ingkang dhawuh
santana putra wayah
ingkang kinarya patindhih
ing Gemulung ing Ender lawan Japura.

4. Pawatesaning Japura
muwara Tuwa sayakti
dupi panyalare ingkang
bababak dening Kiyahi
Kuwu Carebon awantu-wantu
kajaksane anyambung
ing lare kasambungan
padha desan nama jati
kapitune Sembung wiwitaning desa.

5. Den kandha Ciyung Wanara
putrane ingkang pernami
anama Sri Mayaraja
peputra Aer Maya Sakti
nuli iku sesiwi
Liyep Landhep asesunu
malih ingkang anama
sira Sri Mahasuci
nuli miyosaken putra Munding Raras.

6. Mangkana ika peputra
Sri Gana ingkang sesiwi
Sri Budi Hyang Kabudayan
nuli ika amutrani
lanang kan den arani
Sri Mangana jenengipun
kang linungguh ing desa
Carebon ingkang anunggoni
ing kuloning Lemahwungkuk dalemira

7. Lemahwungkuk iku tanah
ingkang den enggo peranti
kanggo enggone pemehan
rebone angsale maring
king sagara pinerih
den tutu ing lumpang watu
kinarya trasi gadhang
asrah pajeging negari
Pajajaran saban taun tanpa tuwang.

8. Kuwu Carebon laminira
ing pasisir amutrani
estri pelag winastanan
Nyai Mas Kencanawati
Lami-lamining urip
ana wong agung arawuh
pon putrane sang nata
ingkang masanggrahaneki
Banten ing samangke wus samya kulina.

9. Karasan ing Carebon malah
kalih rayinira estri
sami aremen kulina
ing Carebon ika sajati
Cakrabuwana kalih
Rara Santang rayinipun
adhi Raja Sengara
kasebut ing putraneki
kocap Cakrabuwana lan Rara Santang.

10. Milanipun akulina
ing Carebon karanten saking
kalah wong kilawat Quran
bangsa Arab kang peranti
malah iku dumadi
mesigit cinilik mungguh
tanah Pajalagrahan

saya ning wong sabrang sami
karya enggen ngibadah sarupanira

11. Tan ana masjid Agung ya
masigit cilik kang dhingin
lan nembe Pajalagrahan
sarupa tajug kang cilik
Cakrabuwana dadi
kulina ana ing riku
kalih sang Rara Santang
kang lami-lamining urip
Cakrabuwana ing kana agegarwa.

12. Putrane sang Sri Mangana
kang nami Kencanawati
wus kinatur ing pinutra
careming ajatuh krami
kaduga asesiwi
kekalih estri winastanan
Nyi Dalem Pakungwati
ingkang jalu sinebut nama Pangeran.

13. Pangeran Carebon punika
marmane sami amukim
ing dalem ana punika
Dalem Agung kuloneki
Pajalagrahan dadi
daleme seturun-turun
mbesuk dumugi arja
nipun kangjeng Sunan Jati
pon ing kono anggonipun padaleman.

14. Kang kocap sasaka jarak
payonipun godhong jati
pribasane panor sabda
reh aku nanggonan doip
tatapi pakir miskin

wong ngabdi ing kana kumpul
angidhep Cakrabuwana
yen mbesuk manawi nuli
angratoni sasirnane ramanira.

15. Agunging para wongsabrang
kang maksih angabekteni
lami-lamining raharja
ngadhegaken ingkang nami
jaksa amapan inggih
idin saking ramanipun
Prabu ing Pajajaran
iku pon wus ngelilani
mungguh lor mula ana desa Kejaksan.

16. Dupi kang tinitah Jaksa
ingkang Buyut Narapatih
ingkang anenggeh anama
ing dalem Narasingadadi
katelah kang pernami
Pangeran Kajaksan wau
putrane kang tinitah
aning Ender Binupati
Dalem Naya jejuluk Dipati Jenggal

17. Marmane tinurun jaksa
ing Carebon karana aris
akeh tingkah dora cara
darapon Jaksa madhangi
kang tinitah Jaksa di
iku pon santana Buyut
karana sang Narasinga
putrane Sanghyang Mayak Haji
ing Cilutung Hyang Mayak saestu putra.

18. Punika Sanghyang Agungan
ing larang sayak tinike

Sanghyang Agung putranira
Sang Aprabu Siliwangi
mula ika sayekti
Narasinga pernah buyut
muwah sang Dalem Naya
pernah cangga ing sang aji
kang tinitah ing Ender maha parentah.

19. Dupi kang pinarca ika
ing japura iku yakti
santana atunggal cangga
wareng tedhak Lingga Wesi
karana Lingga Wesi
rumuhun iku asunu
dikoni satandhanira
nuli ika asesiwi
Arya malabar nuli ika peputra

20. Raden Meme meneng ing Jaya
mangka apeputra estri
Ajeng Darma Pilih Ratna
nuli ika asesiwi
adipati ratuning
Japura kang kinalungguh
dupi kang pinarcaya
ing Gemulung mapan tunggil
santana tunggal wareng saking sang nata.

21. Ingkang tedhak Lingga uga
saking putra kang pinandi
kang peparab Arya Nata
kang amiyosaken siwi
Ki Dipati Panutuping
anumpal kandha asunu
Ki Tumenggung punika
wentar saindering nagri
Sakapura punika nuli peputra.

22. Nuli peputra punika
dipati ratu alinggih
ing Gumulung kang nalendra
agung Prabu Siliwangi
pirang-pirang Bopati
Sinangarya lan Tumenggung
Sakapura nuli peputra
ingkang sejatining yekti
papager sarining ingkang lagya nendra.

23. Nuli peputra punika
ing Gumulung kang sayekti
Dipati Ratu alenggah
Sinangarya kang sejati
lan Tumenggung puniki
kaume para perabu
lan para ratu ingkang
ratu ingkang kauningi
ratu Wadyabala lan ratu Permana.

24. Ratu Banten muwah nama
Ratu Rawanadiluwih
ratu pernah adi pethak
miwang prayangan kauni
Sanghyang Panimbang malih
Sanghyang Banten ingkang anung
lan Sanghyang Setu Larang
Sanghyang Konten Bonang sakti
muwah para prabu sadaya pun kocap.

25. Sang Prabu laya Pakuwan
Prabu Wana Prabu Raya ki
lan sang Prabu Rangsang Jiwa
Prabu Anggat Batu Wangi
Prabu Jumajang malih
muwah Prabu Linggat Agung
muwah katemenggungan

ing Cikakak Ronggat Adi
muwah para sinangarya ingkang kocap.

26. Aryo Madhang Kahiyangan
Jeketra Banten lan malih
ngereh Ujung Kulon ika
muwah Kabopaten nami
Dipati Kakang Haji
lan Dipati Ukur Sewu
muwah kang para sunan
Sunan Guru Wana Peri
ing Talaga lan Sunan Rangat Pakuwan.

27. Dadi amuwuhi iya
Arya Agung Siliwangi
Awengan Ratu Dewata
sumurup ing raga jalmi
salampahe linuwih
tanana tandhinganipun
dupi kang pinarcaya
anitihi desa Jati
iku Ki Gedheng Jati asal sing sabrang.

28. Tumarima angawula
malebu manca kang maring
Nara Nata pajajaran
mula ika anang Jati
nenggeh namane kang dhingin
iku Ki Datu Mabuyut
ambakta kulawarga
wong rolas jaler lan estri
sadulur misane wadon wus katelah.

29. Ki Gedheng Kalisapuan
kang dhuwe jodo alaki
maring Sekh Mulki anama
makaten ugi punika

kang dados kapinilih
tumut maca ing sang prabu
nuhun lila sinuka
jenek ing desa kang nami
Kalisapu Klayan idin narendra.

30. Kinongan dumugi pejah
ika sang Sekh Mulki nami
ing Kalisapu sapantar
kalawan Ki Gedheng Jati
Gedheng Jati wus dadi
adhuwe putra tetelu
pun estri ingkang apelag
kang sepuh den wewangeni
namanira Nyai Rara Siduwa

31. ingkang mbesuke akrama
maring wong agung sang yekti
pangeraning Karangkendal
kang panengah putri jati
nama Nyai Rara Rangin
kang darbe jodo ing mbesuk
wong agung kasinggihan
kang sayektos maha yekti
anama kang jeng pangeran ing Panjunan.

32. Lan ing wuri gadhang ana
putrane Ki Gedheng Jati
ingkang bakal iku ana
Nyai Rara Jatiningsih
pon ingkang wau benjing
kawentar benjang puniku
kawontenan tumingal
benjing estri sejati wanodya.

33. Dupi ingkang pinarcaya
ing Sembung iku sayakti

kakange kang pinaringan
ing Karangkendal kang estri
kang binakta ngejawi
rumuhun ing ramanipun
angsal jodo kalayan
kulawarga Gedheng Jati
ingkang nama Ki Agus Mursadatullah.

34. Dadi ika kalih garwa
katelah ingkang mastani
Ki Gedheng Sambung Sambungan
ing sang Prabu Siliwangi
marmane den kasihi
alampahipun dening ngulun
ming ratu Pajajaran
sepi saking ciniwanci
pitung siki pinarcayane narendra.

XVI. KINANTHI

1. Carang ping padbelasipun
saking pang Carub Kandhaning
satengahe wali Jawa
kang mangko ngirih-irihi
tanggalipun laku Islam
kang ana ing nusa Jawi.

2. Aja samar iya iku
mukjijate Kangjeng Nabi
kang dumadi leleberan
maring anak putu sami
kang rumuhun namanira
mutabiatan ing Nabi.

3. Mila saanggone tuwuh
dinuluran ing agami
katekan sang ratu Budha

baya nadyan nyang kirangi
ing salakue wong Islam
den edol mung dijanjini.

4. Aja arep ora nurut
mring parentahe negari
undhang-undhang Maostikta
iku ingkang den kukuhi
kang nama prentahe raja
pacuwan padha sesilib.

5. Wondenten agamanipun
sakarepe ora pengging
sanajan agama Cina
Koja Walanda Nasrani
den elud ing sukanira, lan datan den curigani.

6. Mila ingkang Islam nutug
genya amuji ing ngilmi
ngamal alamining Islam
lubar-labir linakonan
sabdaning lila sang nata
nusa Jawa anduluri

7. Bagawan Saku ing wau
darbe kadhang kang pernami
Resi Asta nusa Jawa
nuli apeputra iki
Resi Guwe ingkang putra
maka raja Basupati.

8. Banjar Patoman alungguh
mangka ika asesiwi
sang raja Basupatiya
mangkono iku sesiwi
kang waruju ingkang nama
namaning kang estri iki

9. ing Cempa ingkang rumuhun
Dewi Tetes angratoni
kang nama Cempala Raja
nuli iku asesiwi
putera Desta Jumena
mangkana nuli sesiwi.

10. Sapuk Wana namanipun
mangka nuli asesiwi
Maharaja Dana Dana
miyos putranipun malih
Maharaja Sri Sadana
mangka apeputra malih

11. Prabu Tetrep Guna Agung
nuli apeputra nami
Maharaja Sewa Siwa
mangka apeputra malih
kang nama raja Arawan
mangkana ika asesiwi

12. Sanghyang Raja Angun Angun
lan ika amuterani
Sarengat Bala Beryuta
nuli ika asesiwi
bermana Lembah Dahana
ingkang iku amutrani

13. sang bermana Suka Agung
nuli amutrani Resi
Payung Agung namanira
iku aputra kekalih
ingkang Sekh Bermana Cempa
kang siji Bermana Keling.

14. Yang Bermana Cempa wau
peputra Ajar Pasendi
nuli putra Sanghyang Arya

ika putra Tapel Angin
wali sunan Amangkurat
aputra sang Hebat Sari.

15. Tumuli ika asunu
Dipati Kojat anami
ingkang miyosaken putra
Maharaja Dadar Guling
ingkang iku apeputra
Sri Nata Taraju Angin.

16. Nuli andarbeni sunu
nata Cempa Binupati
nuli ika apeputra
Siri Patuk Adil Adil
ingkang kagungan saputra
Kalana Raja Panjali.

17. Iya iku kang asunu
raja Cempa ing samangke
kang nama Raja Tastana
kocap negarane dadi
mesum katekan sesalad
sesalad gedhe keh mati.

18. Ribut kayon kang kalurung
suwung ingkang lintang margi
babathang pating goletak
pagebug sanget sayekti
sang raja kalintang susah
manahe amanggih wasti.

19. Adan ing kalane dalu
sang raja iku angimpi
lah yen raja ngarsakena
waluyane kang negari
kedhuken sasoring lawang
saketheng Cempa ing mangkin.

20. Apa ing kono katemu
lurunen ingkang sawisik
tertangtu dadi waluya
apa kaya wingi uni
sang raja wungune kaget
animbali sang apatih.

21. Angarsakaken angedhuk
sasoring pintu amanggih
Samsu Tambres katingalan
wus katur maring sang aji
ika wau tan kinyana
Samsu Tambreş kang sejati.

22. Ya ta ing kana cinatur
pinariksa asal dhingin
wawantune waliyullah
tan arsa babad sadhemi
wakca ing salampahira
sang raja gegetun kapti.

23. Adan nabda Sekh Samsu
yen estu raja sayekti
percanten dhateng kaula
sumangga munah nagari
kang mesum derapon waras
kados ingkang wingi uni.

24. Kedhah sang raja agupuh
malebet agama muslim
sarengat Jeng Rasulullah
yen raja ya anduluri
kula amit king ayunan
kang pagebug mboten mari.

25. Atemah nagari tumpur
sumangga sang raja pikir
raja Cempa sabdanira

sumeja kula ngestuni
malebet agami Islam
ki putra linggiha ngriki.

26. Dumadosa Tunggul Payung
pamunahe ing negari
sumangga arsa andika
mangke kula anduluri
pareng raja maca sadat
waluyane kang negari.

27. Padha waras ing sawaktu
malah sakathahing mayit
kang durung dikubur ika
padha tangi maring urip
gawoke sang raja Cempa
karamating nabi wali.

28. Nuli raja atur-atur
putrine ingkang anami
suputri Rara Sujinah
kinabaktikaken maring
sang pandita waliyullah
Samsu Tambres wus anampi.

29. Rinembe ika apurun
sang pandika wali kawin
amengkoni garwa pelag
kaliwat bakti ing laki
iku Nyi Rara Sujinah
kang bisa asalin warni

30. ping telu dalem sadadu
rasukane warna adi
estu paparinge Allah
maring kang estu sang wali
wus ageng jamaahira
wong Cempa kabeh amuslim.

31. Wus angadheg masjid agung
gumelar tilawat ngaji
kawula samya aberag
dening ingkang sarwa dadi
tetanduran kang wus resak
padha seger uwoh maning.

32. Tan kurang ethuking banyu
ulam laut sami minggir
dadi ulam manca warna
nuwuhi kawula alit
wong dedagang sami bungah
saking polatane gampil.

33. Kasuhur yen berkahipun
pandita kang anyar linggih
kocapa karamatullah
iku pandita Mustakim
kang gagarwa Nyi Sujinah
putri ing Cempa nagari.

34. Kamantu dening sang prabu
lami-lamining akrami
ika Nyi Rara Sujinah
mangka sampun amutrani
kekalih jalu apelag
ingkang sepuh den wastani

35. Bagus Rakhmat namanipun
kang rayi dipun wastani
Tu Bagus Aliman ika
sakalihe darma milih
merjaka kekalihira
panitran arsa tetilik.

36. Uwa saderek sing ibu
ingkang wonten Maospait
permaisurine narendra

kang nama Nyi Endrawati
kang abisa salin warna
ping pitu sadina mangkin.

37. Sakalih ing kana matur
ming kang Eyang Narapati
ing Cempa wus suka manah
kang wayah sediya tilik
ming uwa ing tanah Jawa
sinukan malah kang siwi

38. Putra nata kinen tumut
dhateng Jawa ingkang nami
Raden Abi Huraera
dadi tetiga amaring
saderek sadya teng Jawa
wus intar sami ngajawi

39. enggal perapta ing ayun
Prameswari Endrawati
kalangkung denira bungah
ing kana den wuri-wuri
Brawijaya pon mangkana
manahe lir jawoh sari.

40. Malah karsane sang prabu
sira aja mulih-mulih
tetepa bae ing Jawa
putra tetiga pon uwis
manah kumarasan ika
angajawa Majapait

41. Lami-lami sakatelu
apikir yen Majapait
eman temen yen tan Islam
adan ing kana tumuli
padha marek ngajak Islam
maring kang uwa narpati.

42. Dadya Brawijaya bendu
putra tetiga tik maning
den tigas supaya nata
emut layan Endrawati
ra kena yen karunaa
dadi sangar ing nagari.

43. Dadya nabda sira Kacung
aja gawe wirang isin
kapalang isun wus tuwa
balik sira ageh rabi
putrane Ki Arya Tuban
kang nama Sutejaningsih

44. ingkang wus kasuhur ayu
ing Jawa tan ana maning
si Uwa kang mbayangkara
turuten ujare mami
manawa dadi raharja
Tu Bagus nulya arabi

45. Nyi Rara Suteja iku
alaki Rakhmat sinungsi
kawibawan jumenenge
pandita ing Ampel Gading
sakandha kalantanira
pajeng saking Sri Bopati.

46. Tan sinangkutan nungsung
mengguron ing Ampel Gading
malah katelah kang nami
Susuhunan Ampel Gading
Molana Guru ing kana
lami-lamining akrami.

47. Maka miyosaken sunu
jaler sang Makdum Derajat
ingkang estri kakahuni

nami Nyi Gedheng Pancuran
lan estri Gedheng Teluki.

48. Gedheng Malaka waruju
sadaya agama muslim
aneng negara Madura
amuruk wurukan ngilmi
sadaya nurut parentah
sarengate Kangjeng Nabi.

49. Dupi sang rahaden Bagus
Hurera kinarsa dadi
Imam ing nagara sabrang
amula ngajating ngilmi
pon kongang asihing nata
Majapait kan nglilani.

XVII. ASMARANDANA

1. Carang ping limalas saking
panging Carub Kandha ika
anenggeh kang cinariyos
Sekh Molana jatiswara
anglalana ing Arab
gagarwa putri Andalus
ing kana malih peputra

2. loro lanang parmilaning
winastanan ing panyambat
Molana Magribi jenenge
rayinipun winastanan
dening Magribi bala
anama Pangeran Makdum
sakalihe wis merjaka

3. Ming Paseh geguru maning
ing Sekh Sidik olya sabrang

wus tumutug pinaguron
pinirupa Sekh Molana
nuli pamit ngumbara
nyabrang maring Keling rawuh
wus angislamaken Ajar

4. Ki Ajar ing Banakeling
karamate wus kandhapan
dadi kumadhep Islame
Ki Ajar Tunjung kang nama
dumadi manakawan
maring karo kang satuhu
wus binakta anglalana.

5. Sakaro ika wus kampir
mring Atas Angin Molana
saestu ika ramane
iku luwih puji dunga
Molana Jatiswara
maringi Kuran Istambul
kanggo pajimatanira.

6. Kasuhur Molana Magrib
Pangeran Makdum pon enggal
lintang langkung masekate
abagus suwaranira
lisanipun nasekat
tartib yen ngaos kalangkung
endahe in kang suwara.

7. Kawarisan ika saking
Dawud kang suwara rupa
leyed lan kewes sabdane
tan ana ika ing benjang
dadi jaksaning olya
wali Jawa ya ing mbesuk
utamane juru basa.

8. Anuli ika pinanggih
lan saderek kang lenggah
raja Atas Angin tan suwe
pinaringan Ecis jimat
nuli sami ngumbara
ing Minangkabo ketemu
lan saderek tunggil rama.

9. Raja Minangkabao paring
dastar ingkang adi mulya
kang tan bosok salamine
tumuli pamit ing Jawa
mangsuk maring Muara-
dati sakecane kalbu
angrendon aning Kajaksan

10. Pangeran Kajaksan uning
yen ika wali utama
Molana Magrib sambate
animponan aning kana
sarta lan rayinira
anama Pangeran Makdum
katiga Ajar Molana

11. kang anama Tunjung Keling
tumuli padha anama
dhepok sewangan enggone
Ki Tunjung Keling apernah
ing kulon Kejaksan
Datuk kang lungguh adhepok
sapinggiring sawah ika.

12. Kulone dalem Kiyai
Kuwu Carebon Sri Mangana
Lemahwungkuk sakulone
anggonipun amandita
adatuk wija tapa

dupi pinangeran Makdum
ingkang linggih amandita.

13. Bang kidule dalem puri
Nyai Pakungwati raja
ing sabrang kidule lepen
permilanipun katelah
desa Makdum ing benjing
karana Pangeran Makdum
sakabate pirang-pirang.

14. Kang sami amagar sari
malah amungun kalipah
panghulu haji sambate
ngadheg patajuganira
nimbangi Jalagrahan
luhur kapanditanipun
ngereh murid lan sakabat.

15. Kang den agengaken ngaji
tilawat sadina-dina
kalangkung tartib anderes
ngarepaken saban dina
malah miwah kasaran
kasaran mring masjidipun
putra wonten Pajajaran.

16. Kocap Patih Banakeling
ingkang sinebut anama
Patih Magelung jenenge
wus kelangan garwanira
dadya nusul ngajawa
Tunjung Keling kang sinusul
ana ing kulon Kajaksan.

17. Patih Magelung amawi
ameng-amengan ing unclang

taji kang luwih landhepe
kanggo dasar kateguhan
ing salira manira
yen unclang binucal muluk
silep ngakasa tinampanan.

18. Lan dampal asta kalaning
dhawuh unclang tanpa pasah
Patih Magelung arahe
anggegila ing wong Jawa
supaya padha ajriha
ing kana akeh kang rawuh
nonton ameng-ameng unclang.

19. Saking kidul kulon sami
perapti Magelung ika
tinonton kasaktenane
ateguh atali krama
kulit tan kenang bedhah
remane tan kenang putus
den ukel gelunganira.

20. Lir kawat remane patih
datan tatas dening braja
kadya waja ing kukune
tatapi ing ajinira
maksih hong ing kabudhaan
ing dhingine olya muruk
Ki Tunjung Keling Pandita.

21. Ya ta sang Datuk Magribi
ing kono wus sumanggiha
ing Ki Tunjung Keling pernahe
ningali kang lagi unclang
Molana Magrib anabda
he rama coba katengsun
nenacak melu dedolan.

22. Unclang manawi abangkit
Patih Magelung anabda
sampun ilok gumalawe
wong anom malang sumirang
belibak kacoderan
kirang-kirang tapanipun
aja tiru wong atuwa.

23. Maksa sang Molana Magrib
den ulukaken kang unclang
silep den tampane ageh
tatas astane Molana
bolong ka kenang unclang
wus anembur erahipun
patih angentu Molana.

24. Ujar kula ga punapa
sampun ilok pangangguran
lah iya iku rupane
wong tan idhep ing wong tuwa
Molana Magrib anabda
he rama jamak puniku
jisim kang wateke bedha.

25. Dupi den lolos kang taji
repet maling ingkang asta
wus kadi wingi bengiyen
tan ana labete pisan
estu jati waluya
ki patih kendel gegetun
nyana yen tan semenea.

26. Dumadya Ki Patih takdim
maring Datuk Magrib sarta
anedha ing apuntene
ing juren katehan sabda
Molana Magrib nabda

asami kawula nuhun
rama mbok apa kurisan.

27. Mangsuli kang Patih Keling
mboten kenging rema kula
den cukur ing salamine
dening alot tanana pejah
Maulana Magrib nabda
apunten rama kang agung
rema tuwan kula garap.

28. Manahe Magelung patih
sukalila sakulonya
Kejaksan ing ṭatkalane
Patih Magelung ing manah
suka kalawan lila
sesampune ika wau
waktos remane den garap.

29. Sesampune anglilani
remane den garap dadya
den tugel getas tan suwe
mulane sinebut benjang
ana aran Karanggetas
ora nana wong ateguh
alot temah dadi cama.

30. Getas sang remane patih
anuli den cukur pisan
dumadi gundul sirahe
gumujeng sang patih suka
asongsong saenggon Islam
ming Molana Magrib sujud
seja bengat wus sinukan.

31. Ki Tunjung Keling nakseni
yen cantrike wus abengat
sadya maring Molana

Magribi sami karana
katetesan ilmu luhur
kang agama Rasulullah.

32. Pangeran Kajaksan pon wis
nakseni sang papatnya
Magelung sareng gurune
pepadha kang wis abengat
maring Sekh Magrib ika
sakulone dalemipun
Kuwu Carebon genya puja

33. bertapa lawan berilmi
Datuk magrib kramatullah
malah kawaskitanane
sang Cakrabuwana sira
sarta sang Rara Santang
kalih rayi medhek sampun
kang sawon Datuk magrib ika.

34. Aneja geguru sejati
maring sang Datuk Molana
Sekh Magrib sabdane alon
sampun geguru ning kula
balik jandika nyabrang
ing Surandil ana Datuk
wali kang luwih saking kula.

35. Nama Molana Idopi
ndika guroni ing kana
ika kang prayogi mangke
dadi guru jeng andika
karana ika utama
geguruwa saking riku
Surandil Sayid Idopi.

36. Sakabehe ndika ngabdi
ing ayunan mengko ika

Sekh Idopi nelasakene
ing wisik aja kapalang
dunya kerat punika
guru andika saestu
benjang yen sampun sampurna.

37. Nulya ndika munggah haji
kalih rayi ndika Santang
karana iku benjinge
dhuwe jodo lawan sultan
dhateng Mesir negara
titenana ya ta mbesuk
mbok goroh ujar kaula.

38. Pon Rara Santang ing benjing
yen kerama aneng kana
adarbe maring besuke
putra lanang besuk dadya
panghuluning aolya
ing nusa Jawa puniku
dadi paugeran kita.

39. Panghuluning kita iki
kang besuk sinebut nama
Sinuhun Jati jenenge
luwih prajurit ing Kupar
iku sang Jaka Buwana
ondaring ciptanipun
miyarsa sabda Molana

40. iki pon kang kaya dhingin
sabdane guru Karawang
nuli pamit datan suwe
nuli nuhun idin ika
lilanipun rama nata
Pajajaran wus dumulur
marmane Cakrabuwana.

41. Nyabrang kali wargi istri
sakaro maring Maulana
Idopi sampurnane
wusing sirna tiniti kang
munggah haji ing Baetullah
lami ing kana wis ngunjung
ing astana Baetul Mukdas

42. Cakrabuwana wus nami
Haji Abdullah Sul Iman
iya iku peparinge
Imam Safingi ing Arab
dupi sing sabrang
Pangeran Gagak Lumayu
ing kana wus kasampurnan.

43. Endi agama wekasaning
amal sejati tumeka
tumekane ing pugase
tapa-tapa maring nyawa
teka ing tunggalira
tumekeng ing murid kang estu
Kamil Mukamil sunyata.

XVIII. PANGKUR

1. Carang ping nembelas sing pang
   Carub Kandha nenggeh ingkang winami
   mungguh mula-mulanipun
   dadining ana jalma
   iku awite nabi Adam asunu
   Nabi Sis mangka peputra
   Anwas anuli sesiwi

2. Kiyanak mangka peputra
   Mahlail iku ya peputra Barid
   nuli iku ya asesunu
   Nabi Idris peputra
   Lamak anulya peputra Nabi Nuk
   nuliya peputra Esam
   Esam peputra Arpakis

3. Arpakis iku peputra
   Saleh peputra Ali peputra Palih
   nuliya peputra Ragu
   Ragu ika peputra
   Sarukh peputra Pakhur nuli asunu
   Ajar muliya peputra
   Nabi Ibrahim asiwi

4. Ismail peputra Sabita
   peputra Yasjab peputra malihneki
   Yugrab mangka putranipun
   Tera iku peputra
   Nakhul peputra Nakhuwah miyos sunu
   lan apeputra Adiya
   putra Adnan asesiwi

5. Maad apeputra Najar

peputra Khudar peputra Ilyas malih
peputra Kinanah iku
putra Paris punika
dhumateng putra Paris punika wau
siwi Malik siwi Kohar

6. Asunu Luwe sunu Kaab
Sunu Marot sunu Kitab putraneki
Jabat amangka asunu
Abdul Manap mangkana
Abdul Mutolib putra Abdullah iku
Abdullah ing tembe ika
mangkana nuli mutrani

7. Gusti Muhammad Rasulullah
aputra siti Patimah linuwih
peputra Kusen asunu
Jaenal Abidin Imam
peputra Jaenal Kubro namanipun
mangkana ika wau kang
Sekh Imam Jumadil Kabir

8. Nuli ika apeputra
Raja Umdah ratu ana ing Mesir
nuli ika asesunu
dhateng Mesir narendra
mulane kang kawentar kasebut wau
kang sinebut cinarita
katilaran prameswari

9. Kapating garwa dumadya
undang-undang ing endi ana estri
ingkang kaya rabinisun
kang sacitak ing rupa
oraa sacitak sanajana nemu
lelawaning tingkah polah
oraa padha amanggih

10. ing lelewa sok samana
suwarane bae ingkang angemperi
ya persasat sira nemu
kang gadhang garwa ningwang
yata kawula bala obah aruru
nuli manggih istri Jawa
lagi anglampahi haji

11. kang lagi jarah Medinah
kacarita memper rupane kadi
garwane sulton kang wus lampus
mila panghulunira
kadi Jamalul kebat ambakta gupuh
yaitu haji Dul Iman
Ratu Santang wus kacangking

12. ing ayunane sang raja
kanga ana negara Mesir puniki
sareng ing katingalipun
ika Nyi Rara Santang
sareng Sulton Mesir angandikanipun
he ya saderek Dul Iman
sun jaluk sukane mangkin

13. iku saderek andika
wadon kang sumeja sun panta garwi
sun asrah maskawin sewu
dinar katur ing sampeyan
sewu driham haji Dul Iman matur
tuwanku Sayidul Golam
tan kangkat langgana kami

14. Supados saderek kawula
katur sumangga kataros pribadi
karanten punika sampun
akil balig diwasa
inggih ugi maksih gesang rama prabu

ing negeri Pajajaran
dereng Islam maksih jabil

15. Tentara Sulton laksana
naros lan sampun winangsulaneki
kawula rama pukulun
anderek karsa nata
nanging mboten mamrih ing maskawin sewu
nanging panuhun kawula
selametana ing benjing

16. andarbeya putra lanang
kajumeneng imam ing nusa Jawi
datan ing antara dangu
ketug nayuri swara
saking lambung gunung Tursina karungu
sing jurang jero kasucian
wus pertela anjateni

17. He Nyi wadon Rara Santang
ing panjalukira aja kawatir
Hyang Agung amasthi besuk
sira besuk dhuwe putra
lanang loro kang siji besuk angratu
wonten ing Mesir negara
gegentene ramaneki

18. kang siji besuk angraja
aning Jawa jajahan Sunda benjing
sinebut-sebut Sinuhun
yata sagunging bala
sami miyarsa jati warana ketug
dumadi sakarsanira
sultan Mesir nulya kawin

19. Rara Santang wus den pindah
kang paparab Saripah Mudaim
parameswari sang prabu

ing Mesir pura punika
mboten lami amiyosaken sesunu
loro lanang winastanan
kang sepuh iku kekasih

20. Sekh Sarif Hidayatullah
ingkang anem den wewangeni
Sayidi Sekh Nurullah iku
lami-lamining agesang
haji Dul Iman iku wis pamit manthuk
kalilan dening sang nata
lampahe iku wus kampir

21. ning nagara Singapura
kapanggih layan Nyai saking umi
Subang Keranjang ing wau
ing kana wus den suba
suba dening rayine ana ing riku
rinubung ing para kadhang
ing Singapura negari

22. Mila katelah ing nama
iya Pangeran Gagak Lumayu lami
anjajah ageguru
ing Paseh Maolana
Datuk Sidik wus kasampurnaning guru
nuli nyabrang ing Melaka
lan datuk Saleh kapanggih

23. sadaya guru ing kana
nanging Datuk Saleh baya anduluri
sadiyane pun aguru
balik jandika Jawa
bungas wetan ing riku pon ana guru
putrane pandita Cempa
kang ana ing Ampel Gading

24. Mangsuli kang ingujaran

inggih gampil arah anungtikneki
ning bongkot rumihin wau
maring negari Cempa
tan antara pamit sing kana anjujug
maring Cempa wus kapendhak
layan pandita Mustakim

25. Ing kana sampun abengat
wus sampurna anggonipun awirid
nelasaken pangaweruh
agama Rasulullah
ing sarengat tarekat hakekatipun
makripatullah taala
alami-lamining pamit

26. Angajawa wus sinukan
Pangeran Gagak Lumayu kanuli
maring Ampel Denta rawuh
karsane arep bengat
supaya Sunan Ampel tan kersa muruk
mung sami amusawarah
mupakat jatining ilmi

27. Kandika Sekh Ampel Denta
pun diweg jandika mandita mangkin
amuruk ilmi amangun
ing wukir Sembung tapa
satingalan wonten kawula abagus
yen kinaryaa patapan
katingal saking jaladri

28. Punapa malih punika
wengkon Pajajaran sahe kamilik
salamet saking pangridu
pon kagunganing rama
sirnane menawa andika kang sepuh
mboten kembah kamupalang
sing dohir tumeka batin

29. Pangeran Gagak Lumajang
sareng tampa awangsit enggal pamit
lampahe ika anjujug
mring Sembung badhe awangun
patapan ana kana padha agupuh
mila tumeka kawenang
den arani Puser Bumi

30. atawa gunung Amparan
kang anyandhing guwa iman aperni
anuju puncaking gunung
ingkang awangun yasa
den rerantah wus ngadheg dalemanipun
ana ing puncaking arga
Sembung kang winuri Jati

31. Rinengga-rengga kang lawang
pintu Trate manjing ngilen abecik
amarga kulon loripun
wonten watu andanan
patukanging saking Karawang amangun
kang wasta Linggar Nur Munik

32. Sang Pangeran Gagak Sabrang
ngislamaken wong Jawa sawatawis
lan uga dhateng wong gunung
sapalih sapertigan
akeh Islam wong Sumedang Bandung Cianjur
ing Banten Ujung Kulonya
mila Prabu Siliwangi

33. kalintang dede ing karsa
ipun maring putra kang nyabrang mangkin
pramila si anak putu
samya tinudhung sira
manut maring Pangeran Gagak Lumayu
anak saking Pajajaran

lawan kendhang numpal kali

34. Supayaa dening putra
den singgangaken kudu bae ngumadi
ingkang maring bapanipun
malih ika Pangeran
Gagak Lumajeng den penging angerawuh
maring peraja Pakwan
tapane ing Gunung Jati

35. Den kalahi pinaringan
kandaga lante payung agung malih
jinungjung ing lungguhipun
anama Sunan Rengga
den kongangi anebuta dalem agung
Carbon pura malah Islam
aja sampe rawuh malih

36. maring nagara Pakuwan
amangkuwa kerajaan pribadi
pura anggana iku
lawan ingkang mertuwa
Kuwu Carbon pon wis den ongkos den rengku
gunung Krawang watesira
dumugi wates pasisir

37. den rengku dening Rerengga
wus angratu saclekotakan wijil
papate kang putranipun
awau ingkang nama
Pangeran Carbon rayine Nyi Mas Pakung
Pakungwati Pajlagrahan
jaksa pon kang utar dhingin

38. Pangeran aneng Kejaksan
yaiku kang ngereh Jaksa Pengadil
dupi ingkang pinanghulu
dening Susuhunan Rengga

iyaiku Datuk Masrik jenengipun
pon waliyullah sawakca
kang angukuhi agama

XIX. MIJIL

1. Carang ping pitulas saking panging
Carub Kandhane wong
Balangbangan ejin purwane
ejinipun purwanipun iblis
malekat Ijajil
dhuk kabendon wau

2. Nalika lumuh sujud ing nabi
Adam dhuk samono
Ijajil ika kendang larute
agawe kasawargan pribadi
saenake ati
mernah anak putu

3. Mangkono putra raja Ijajil
ingkang mogok-mogok
tan nurut agamane bapane
kang saking Kalipah Parmaneki
malah ika awit
kabendon linarut

4. saking kahyangan swarga balai
dadi gawe enggon
gawe sawarga dhewek marmane
pisah ingaranan bangsa Ejin
ing sawarga Julpi
nenggeh jagatipun

5. Mangkana nuli agarwa putri
ing Hyang Rudra Manon
kang namane Parmana jenenge

apaputra Jigjal winastani
limburo sinakti
apaputra Lanbur

6. Apaputra Diyu Diyu Haji
apaputra katong
Mangas Mangas yiku namane
apaputra Mesaprawa Sakti
nuli asesiwi
ing Wirata Prabu

7. Mangsupati jenenging narpati
apaputra katong
raja Utara ing panjenenge
lan asmane Dintalangkep dening
caya ingkang yogi
marmane kang wau

8. Atma iku dadi rupa estri
ingaran sang Wadon
Dewi Iya kang dadi garwane
Kalipah Caya ingkang anuli
ika asesiwi
Makom Paruk Agung

9. Nuli sesiwi sang Juli Juli
sesiwi Maha Nom
apaputra Yah rama pan jenenge
lan uga aputra Kalipah Jin
Ibrahim Sinakti
apaputra Pargu

10. Apaputra Berngenge Dewati
aputra Kanduro
paputra Sura Sawo jenenge
lan apaputra Kalipah malih
Rangu kang linuwih
aran mashur punjul

11. uga apaputra Askarini
paputra Mahanton
paputra raja Roju namine
paputra Jangandila kang nami
nuli asesiwi
kalipah sinebut

12. Kasni namaning Banujan luwih
paputra Purwa Anom
apaputra Singingi jenenge
lan apaputra Sang Saleh Aji
paputra Dilati
paputra sang agung

13. Kalipah Parkas namaning luwih
paputra Kamanton
paputra Kasama Irid jenenge
lan apaputra Andanu Patih
paputra Jalnidi
raja ing lalaut

14. Rahaja ing lalaut puniki
kauning gumathok
paputra Julnupi ing mengrahe
lan apaputra wong agung Bali
paputra Siri Putih
paputra Sang Ayu

15. kang den garwani punika dening
sang Dipati katong
ing Balambangan kang miyos mangke
putri sang Widiya Dadari
kang mangke asakit
sanget laminipun

16. Saking dhukun datan miyatani
muwah para kahot
lan kagungan ing esir manahe

lan kang anganglu kepengen nedhi
woh widara kuning
pareng impenipun

17. kang rama sampun katekan wangsit
yen arsa sang katong
waluya jati putri larene
kudu lakekena lan Sekh Sidik
Datuk rawuh saking
Paseh lan ratu wungu

18. Sang dipati agelis nimbali
ngulatana mangko
widara kuning ewohe
ya ta mantri enggal ngulati
ngayeyes tumuli
Sekh Sidik winuwus

19. lagi ning pawulangane sang Siri
Ampel Denta mangko
anuliya lemedhang karsane
ngaub sare ing widara kuning
saking Paseh margi
areren angaub

20. Wusing ngaub sadela anuli
wangsul dhateng pondhok
nuli mantri Balang Balang ageh
lagya perapta widara kuning
wus katur ning putri
Balang Balang wungu

21. Dadi waras tanpa sangkan nuli
dadi iku bobot
kang rama kalangkung getun mangke
anuli animbali kang mantri
kinen angulati
Datuk Paseh wau

22. Mbok manawi ana ing Ampel Gading
jujugen ing kono
yen tinemu gawanen marene
bakal arep ingsun ajar putri
mantri wus lumiring
ing karsa sang prabu

23. Ya ta wus kapendhak Datuk Sidik
binakta acaos
ing arsa sang dipati marmane
Datuk Sidik pinaringan putri
carem ing akrami
watara satengsun

24. Nulu Datuk Sidik andarbeni
atur ing sang katong
ngajak Islam maring martuwane
ingkang estu masih den buntuti
dening Sanghyang Widi
sang dipati ratu

25. sanget bendune anudhung wani
wus ageya mantog
mantu kaparat anjing sira celeng
iya kudu talak sira iki
wong sabrang bebedhik
tan weruh sesiku

26. Ya ta Datuk Sidik enggal lari
layare gumantos
lan manthuk maring nagara Paseh
lan garwane kang tinilar kari
genya wewrat dadi
kinen damel runtuh

27. Sanget genya dening sang bopati
wus den osog-osog
parandene tan kena runtuhe

tekaning sumaya nuli dohir
ingkang jabang bayi
pisan tur abagus

28. Kinen madahi kendaga wesi
sinung rante kokot
lan binuwang segara tan suwe
kambang-kampul ananing jaladri
tan purun kelem ing
toya kambang mumbul

29. Mapan ika kandagane wesi
prandene samono
patut waliyullah karamate
kocapa padagange sang aji
Majapait nami
Nyi Gedheng Pinatu

30. Berag Nyi Gedheng Pinatu iki
wus den bopong-bopong
den mulyakena jabang bayine
lan lamining-lami den jejuluki
tole Giri Tasik
ingkang amerjaka

31. Mangkana ika den kon ngaji
jeneka ing pondhok
ing Ampel Gading aning gurune
wus winuri-wuri jati dening
ingkang maha yakti
ing Ampel wus weruh

32. yen ika putrane Datuk Sidik
marmane ing kono
den saduluraken lan putrane
ingkang anama Makdum Ibrahim
tole Tasik dadi
wus sinebut-sebut

33. Makdum Samudra ingkang pernami
den kembaraken katon
lan Makdum Ibrahim runtungane
datan ginggang ing siyang lan latri
genya wontar-wantir
karo rontang-runtung

34. Makdum Samudra lan Makdum Ibrahim
ta ginggang sunya ros
tan ana surud ing kirimane
sing Semarang genya pinasthi
yen jejokot kongsi
berlaksa berewu

35. Gotong-gotongan jukut mas picis
si mung dhateng pondhok
pekir miskin ing Ampel sekabeh
kalantraan sidekahe Nyai
Sahbandar Samawis
Nyi Gedheng Pinatu

36. Sahbandare ratu Majapait
kasuhur dening wong
yen balabah loman lobar-laber
maring sidekah sunah Jeng Nabi
angestu sejati
ning Ampel sinuhun

37. Wus kalipet uluning amuni,
yen ika sakaro
Ibarhim Samudra kang kawartane
apeputra Sunan Ampel Gading
padha lampah solih
taat ing Yang Agung

38. Amuri-muri jatining ilmi
sarengat Yang Manon
Tarekat sunahing Nabi kabeh

Hakekat jatining angabdi
ing Gusti Yang Widi
Makripate nutug

39. Nuli persami apamit haji
kapanggih sakaro
ing margi lawan haji gedhe
Haji Sarapdan ingkang anami
samya nuhun jati
pamuruk ing laku

40. Ya wis winulang ing salakuning
wong haji kahartos
Haji Sarapdan tunuli ageh
padha tinari ing nggen becik
astana kang nami
gegesang tinuhun

41. Nuli Makdum sakalihe sami
nyabrang amengguron
ing Cempa ing ayunan guru geng
ingkang eyang pandita Mustakim
sampun den jateni
wirasating ilmu

42. Nuli sinereg alampah haji
wus haji sakaro
mring Baitullah kang sabenere
bakda haji nulya samya mampir
ing Paseh pinanggih
lawan rama guru

43. kang nama Maolana Datuk Sidik
wus karenan tumon
ingkang putra wus dadi hajine
pinujakaken ing Hyang Widi
sabakda pamuji
puji jaya agung

44. sira karo pinasthi ing benjing
padha ngadheg katong
wong Jawa padha iman kabeh
ya maring sira angestu benjing
si Makdum Ibrahim
pan jumeneng mbesuk

45. apaparab Prabu Nyakrawati
ing Bonang kinatong
iki sun wehi ecis agawe
sira Makdum Samudra pan benjing
aneng bumi Gresik.
jumenenga mbesuk

46. paparab Prabu Sasmata linggih
ing giri Kedaton
iki sun wehi dastar pagawe
Makdum sakalih sampun apamit
ngejawa wus prapti
ing Ampel Sinuhun

47. Sunan Ampel langkung nggene muji
sukur ing Yang Manon
aningali putra sampurnane
Rukun Islam mapan wus katiti
nyata maka yekti
ing Ampel amuwus

48. Makdum Ibrahim ing Bonang iki
dhedhepok samangko
maka yekti ing laku sabenere
sira atiruwa ingkang dhingin
sira Makdum Tasik
lungguha ing dhawuh

49. aneng giri Kedaton Gresik
kang putra sakaro
wus apamit intar magaweneki

pamulangan kadya sawisik
kira maha yekti
ing Ampel Sinuhun

XX. D U R M A

1. Carang wolulas saking pang Carub Kandha
ika putra sing Tubin
kang wau ngawula
ing Prabu Maostikta
pinarcanten ingkang anami
Tumenggung ika
Wilatikta Maospait

2. Kang mau jejuluk Jaka Sulaksana
mangko wus oleh rabi
putra istrinira
gegedhen ing Sasila
kang nami Nyi Parangwati
aparipeyan
Ki Pamanahan uning

3. Nyi Parangwati wus kagadhuhan nyawa
bobot kaselak saking
pan mboten sakeca
ing tyas dening marunya
mangkarak mindheng den tukari
kaduga minggat
ika Nyi Parangwati

4. pan ing alas munggah gunung turun arga
Tumenggung angulati
pira-pira bala
den sabar ing sitenan
parandene tan kapanggih
pan laminira
paladara ing seni

5. Nyi Parangwati mangidul amiarga
Kamulan ngidul malih
saking desa Indra
amanggih gunung papat
nenggih ingkang winastani
gunung punika
pan Gunung Lawet suci

6. Sarawuhe Nyi Parangwati ing arga
padha bongkok atakdim
sarta kapiyarsa
pangkedug anyuwara
he ya Nini Parangwati
katuran babar
wonten sandhing ing riki

7. Kapengen tunggu maring paryayi ndika
ing kawan dasa latri
karana punika
kang ing jero wetengan
iku waliyullah Jawi
kang mbesuk kocap
yaitu Sunan Kodi

8. Sareng tutug saking gunung njati wara
nuli babar Nyi Parangwati
lanang tejanira
gumilang-gilang muncar
anjeneni maring ardi
wukir sakawan
ngraksa lan surak dohir

9. yaiku kang dadi mongmongan kita
wusing andungkap maring
patang puluh dina
ing kana sampun kapendhak
sang nini den bakta mulih

ing Wilwatikta
sarta kang jabang bayi

10. Sampun manthuk ing nagari langkung suka
ika ing jabang bayi
sarta winastanan
dening Yang yuyutira
pandita Jamiul Akir
kang paring nama
paparab Raden Sahid

11. Langkung den emah dening katemenggungan
pinutra lami-lami
si jaka taruna
wanta-wanta den emah
akeh tingkah murang titi
malang sumirang
tingkahe kumalidhig

12. Akeh mantri demen ana kang den cangap
den pethok ingkang kumis
den rogoh kang dakar
urus-urusing kathah
akeh pawestri njerit
pan parjinira
den rogoh lan jiweli

13. Padha geger pawestri adus pinaranan
den tuntik den dengoki
Raden Sahid mundhak
amlunyat reronggengan
tan kena ana pawestri
kang klimis ika
den begal den jinahi

14. Akeh rabine wong padha kajlajahan
ngadu ayam memaling
lawan nginum arak

bebegal angurina
wus pirantine mateni
bebrangkot ngobar
tuwin ngupas-ngupasi

15. Lir nyenyebrot gegemblung anguthil barang
mitnah wong lawan dengki
dakathahing dosa
ageng alit linampahan
rusuh praja Majapait
ya sumawona
katumenggungan Sahid

16. Brawijaya lagya luru siasat
angukum Raden Sahid
den rante den pala
den belok den konjara
den hukum ana ing wari
den panjer ika
ing dalan kaukup geni

17. Prandene Raden Sahid tan kapok lampah
mlunyat anyala wadi
nuli kapiyarsa
iku ingkang pawarta
mring Hyang Bonang maha yekti
dadya akarsa
nulungi Raden Sahid

18. Ateteken mas kesahe saking Bonang
piyambek tan amawi
rencang sigra mlampah
minggir-minggir ing alas
pirantine Raden Sahid
yen abebegal
pareng ing kana nuli

19. katingalan dening Raden Sahid nulya
tandhang nyandhak hyang yekti

cis mas kang den rebat
sarta ingkang sandhangan
telas wus den blojodi
kantun calana
pokek sang maha yekti

20. Kadhepok kasuliring ana ing lemah
nyekel suket beremi
mbedhol tinangisan
angrerintih karuna
Raden Sahid sigra balik
bendu angunjang
ing sabdanira iki

21. Lah iki silih apa wong liwat dalan
kurang tarima masih
sun uripi ndika
sun ta ben abebegal
dhedhuwene sun juputi
gemet sun alap
uwonge sun pateni

22. Lan getihe sakabeh sun entong langga
maha yekti mangsuli
he sang begal dalan
sira aja kelokan
tangis isun dudu saking
eman ing barang
ingkang wus sira ambil

23. Yen ta isun karepa maring kadunyan
iku si maring wuri
wurinira ika
alas kadeleng apa
dupi den lirik ing wuri
kabeh mbaranang
alas dadi mas kuning

24. Lah ing kono pan darirenge sang begal
maha yekti anuli
genya sabda wara
tangis isun ora na
kang dadi nalangsa ati
mung suket ika
kababut dening sekil

25. Ora bisa isun anglironi gesang
manda iku ing benjing
siksane Hyang Sukma
Raden Sahid dhuk cipta
manda dene isun iki
wus pirang-pirang
uwong kang sun pateni

26. Sigra bebalik manah kasucen ika
arah sujud Raden Sahid
enggal sira lunga
dhateng sang wara Bonang
nglampahi warah wali
wara ing sara
tumrap wong aurip

27. Lampah sakedhap netra dugi ing Bonang
Sahid kelangan lari
pan genya karuna
badan aluk amatya
yen ora pinanggih
lan kang sun begal
mau pan aneng riki

28. Ing ngendi bae sun ungsed mangko ika
asedya sun asrahi
pati urip ika
sasuka ati ingwang
kanggo apa awak mami

ben patenana
timbang dadi weweri

29. Raden Sahid anuli lumayu sira
lampah samargi-margi,
bari atawa lara
wus geseng ingkang manah
wus karsane tuduh margi
mara ing Bonang
pinanggih lan Sang Yekti

30. Enggal anubruk anguswa-nguswa padha
tobat angaturaken pati
patinipun badan
enggal Sang Muniwarah
ing Bonang ngandika aris
ya sok puruna
sun pendhem ing jro bumi

31. kang pinangka dadiya patobatira
Raden Sahid mangsuli
langkung kersa tuwan
kula sumedya pejah
yaika uwis lastari
pinendhem sigra
sataun aneng siti

32. Wus tutug ing sataun nuli den bongkar
ragane Raden Sahid
wus putih lir kertas
ambekane wus sirna
kari keketeg ing ati
dan kinebulan
lan kukus sekul putih

33. Pareng anglilir wus tinetesan sahadat
karomatullah njelir
lir upamanira

kang kakenang lenga
geni enggal murub dadi
tunggaling kramat
margi wisik sang Wali

34. Raden Sahid wus dadi karamtullah
den ri- wuri ing margi
ing sang Siri Bonang
lampahipun wus lepas
pamit mring Hyang Maha Yogi
wus dinuluran
Raden Sahid anuli

35. ing alas ngumbara ing pereng lan jurang
sedya ambucal diri
wangun kinastapan
ing sarira darapona
ing raga angsala singgih
pangentunira
maring raga pribadi

36. amit wirya ika aneng tengah alas
tanpa dahar aguling
amasuh sarira
ana ing pringgajala
kantos kadi pejah malih
layone muncar
gumilang teja adi

37. Buron alas kang galak tan sadya apa
sakehing sarwa mandhi
tan ana nukara
sataun laminira
genya lir kadya wong mati
ana ing alas
lami-lami pinanggih

38. dening santri Bonang adan wus binakta

layone Raden Sahid
lah wus ingaturna
dhateng kang Raka Bonang
den tingali sampun putih
kadiya kertas
kari keketegneki

39. Nuli kinebulan lawan kukus sega
enggal denya anglilir
nuli tinetesan
ilmu jatining beat
Sirullah ingkang Robani
ika wus katrap
karomatullah njelir

40. Ya saestu Raden Sahid waliyullah
dosane ingkang dhingin
smapun ingapura
dening Gusti Hyang Sukma
kang sipat gapurusokhim
maring kang tobat
amung dosa kang sirik

41. ingkang sirik maring Allahu Taala
kang datan apunteni
salagine dosa
sakabeh mapan kena
ilang dening den tobati
kaya ta ika
sipate Raden Sahid

42. Dosa ageng alit kabeh wus linampah
pareng tobat ing wuri
tobate nasuha
kabeh wus ingapura
malah dadi den wuwuhi
asihing Allah
dhawuh ing Raden Sahid

43. Karana Raden Sahid balik ngawula
maring Gusti Hyang Widi
sanget taat sira
ing dalu sambung siyang
tan pegat mara tobati
maring Yang Sukma
cengeng madhep ing tunggil

XXI. MEGATRUH

1. Carang sangalas saking pang Kandha Carub
juragan agung kang linggih
ing pulo Pinang wau
lanang ingkang winastani
Nahkoda Kaya aran wong

2. Pon yaiku teteran saking Jeng Rasul
marmane den wawangeni
Nahkoda Kaya yaiku
asal mulane asugih
ramane kalane bobot

3. ametengaken Nahkoda Kaya iku
salamet dohir awening
merjaka adagang agung
berewu berkethi-kethi
banda dagangan kang katong

4. Anthuk rabi putrane raja Andaru
pan ing nagara Kediri
sang putri binakta sampun
layar dagang dhateng Jawi
mring Sedayu karya enggon

5. Tuku beras pirang-pirang koyan wau
pasewane wus ngideri
aneng Jawa wus sinebut

Juragan Agung kang nama
saking wong sugih wus kasor

6. Malah wus terang layan karsane prabu
ya nata ing Majapait
anglilani lamon iku
dadi kapitaning sugri
wong dagang sa Jawa kawon

7. Sarta pinaringan kawibawan payung
kandaga lawan pangasri
wong Agung Tuban pon melu
ngatut utang den tutugi
kabutuhane winanton

8. Apa maning wong Agung saking Sedayu
jar bumine den jeneki
tan kurang juragan agung
ing reruba lan upeti
maring peryayi bupati

9. Jengjeming anggep juragan agung Sedayu
lami-lamining aurip
peputra kekalih ayu
istri pelag kang nami
ing wong Jawa kang sumanggon

10. Padha amastani ika maring sang ayu
sang Rara Kabandaningsih
kalih ta sira sang ayu
sang Rara Juwita Resmi
sami gumawang yen tinon

11. Tejane sumrong nubuat Kangjeng Rasul
sakalih sami asudji
buktinira ing Hyang Agung
siyang latri samya ngaji
Kuran manis yen angaos

12. Suwarane arum kaya ngandheg laku
sang angin kang lagi silir
sakarone mun tiningal
tan paja-paja ing jalmi
wus apa ipri angaton

13. Sapolah tingkah katon adi luhur
kaya tan napak ing siti
dadi tembang kidungipun
anjajrum kang sarwa sari
sari ingkang ora katon

14. Ing sarupanipun ana kang tinemu
ya ing taman-taman sari
ingkang adi-adi luhung
ing samangke sira iki
dadi katemu ing kono

15. Kalawan Molana Datuk Magrib Agung
waliyullah ingkang uning
Rara Juwita ingkang estu
sadya aremen angabdi
dohir batin kang sajodho

16. lawan Molana Magrib wus kinadulur
dening kang rama kang dadi
lantaran dadi katemu
lawan Molana Magribi
mangsuli juragan kono

17. Angestokaken yen Molana satuhu
waliyullah kang linuwih
dumadi juragan agung
malebu guru sejati
beat dereng den kalados

18. Amung kinon juragan tapa rumuhun
malah juragan ngestuti

tetapa olih sataun
anuli ika medheki
Datuk Magrib misik jatos

19. Nabu sasaka sabda ngarti ta durung
ika abaning gegithik
juragan agung amuwus
kawula dereng angarti
sang Datuk sabdane alon

20. Cawis ageh tatapa maning kang asruh
iya ta juragan pamit
tatapa maning sataun
nuli ika medhek malih
maring sang Magrib pon gantos

21. Wau malih sasaka ingkang tinabu
sinabdan ngarti ta beli
Juragan Agung amuwus
inggih kula dereng ngarti
sang Datuk Magrib mara sok

22. Tapaa maning bae manawa mbesuk
Juragan apamit malih
tatapa angsal sataun
wus tutug nuli medheki
ing guru panor anglosod

23. Molana wus anabu sasaka asruh
sinabdan kaarti beli
Juragan Agung amuwus
barkat tuwan inggih ngarti
sawisik kambang kakeplok

24. Rumesep sumarira rasa jragan gung
lengleng ing ilmu sajati
netyane pangun pasugun
katemben wruh ing rasaning
ilmu kang bangsa Yang Manon

25. Ingkang tan den wurukaken la yen tutug
kadi nyenyep kang manyeping
cipta kang dadi kawangun
inghale dunya ta iki
mapan datan bakal condong

26. Nunten juragan ngaturaken kang sunu
Ni Rara Juwita Resmi
wus katampan mring sang Datuk
ingangken garwa sajati
dunya berat kinajodho

27. Mangka juragan Agung nglangut-nglangut
bandane tan dipaduli
wus telas den awur-awur
denggo curak beras pari
den ngamalaken maring wong

28. Anabda maring garwane sira babu
pa kang dadi karepneki
embok sira karsa manthuk
ing khodori sun turuti
kalawan anakmu wadon

29. Kang durung laki gawanen ika manthuk
isun arep anutugi
kalakuwan sapolahsun
arep angenger ngaswasi
ing soring Majagung Dhepok

30. Nyi Juragan karuna bari amuwus
kapalang kawula mulih
sakarsa ndika kula yun
atut wingking dohir batin
mukti malarat wong loro

31. Nadiyan kula tinilar takeran taun
kula tan ayun gumingsir

saking titah ndika ayun
rabi den dalaa pundi
kula terima kemawon

32. Ya ta wus dadi jengjeng-jangjen kang tuhu
ingkang putri ana maning
kang sedhep nyangking amangun
garwa dadi karenaneki
Juragan sami ngelaso

33. ing soring majagung tatapa ing riku
lampahe anyirna karti
lami-lami tanggalipun
karomat dadi asiwi
wus katon deng singa wong

34. Martuwane Datuk Magrib waliatus
datan antara alami
nuli ika Sekh Majagung
anglalana ngulon maring
ujung kulon malah katon

35. Kumada wong ing kana karamatipun
saking kamwang ingkang mandhi
sirep atawa lir kapuk
dening karamat sang wali
telutra genya klawan wos

36. Akeh wong Ujung Kulon padha angestu
nuli ika padha nglilir
maring Banten wus katemu
kalawan iku ing Haji
Dul Iman wau apanor

37. Ratna Subang gancang armat asaestu
maring sang Majagung wali
pangandikane sang ayu
ki wali kaula titip

anak kaula kang ning Carbon

38. Mangke andika wuri-wuri kang sestu
kawantu ing masih cilik
anelah wus dadi Ratu
ing Carbon sampun anami
Sunan Rengga sarining wong

39. Sekh Majagung ning kana nulya wus manthuk
nabda inggih kang manawi
nuli luntah Sekh Majagung
anjujug ajar pulangsih
ing Banten kadya den ayun

40. Kinon Islam Ajar nuliya abendu
bocah kok ana nudingi
mangko gelem Islam isun
yen kandhapan kasekten mi
sigra Ajar meled katon

41. nembur geni mapan maludhag manduwur
Sekh Majagung nuli wahin
riyak-riyak lawan idu
dadi udan amateni
ing geni sirep tan katon

42. Nuli Ajar angedhuk nuli tinawur
padha dadiya ajalmi
pating jalegreg berewu
tur padha anyekep bedhil
ana pedhang ana tohok

43. Sekh Majagung dunga tulak balanipun
nembe dunga pan dumugi
wal munkar adan agupuh
bala dadi nerang maning
sang Ajar mabur angantos

44. kadi kunthul ing awang-awang amuluk
pareng ika angungkuli
ing sirahe ika Majagung
sang Ajar tiba tumuli
ing lemah kalenger katon

45. Dupi tangi kalesedan tanpa bayu
angosed ana ing siti
nabda warasna ya isun
mangko isun Islam pasthi
Ki Sekh pagusten ingwong

46. Nuli den wuruk Sahadat Ajar nurun
tumuli waluya jati
apa kadi dhuk rumhun
kabeh kang indhang cacatrik
padha Islam aneng kono

47. Wus karungu ing Jakatra samya weruh,
ana Ki Sekh sang ayekti
akeh padha kang geguru
maring Sekh Majagung sami
harja kertaning apanor

48. Nuli anglilir ing Carbon Sekh Majagung
ing kana wus apapagi
layan Sunan Renggat Ratu
musawarah agama muslim
sami apanor pinanor

49. Anerangaken ing pawewelingan kang ibu
saking Banten sangrarahadi
Sunan Renggat sakalangkung
suka renah ingkang galih
Sekh Majagun nulya panor

50. medhek maring yang Guru pernah mantu
Datuk Molana Magribi

pon ing Carbon genya lungguh
danget sukure Sekh Magrib
mertuwa arya wus samono

51. Wus asasat darajat akeratipun
asajajar lungguh wali
wus padha wruh-kinaweruh
padha awase syakti
ora susah basa ngomong

52. Padha weruh ing sadurunging kinawruh
taki-taki ing awali
martuwa kalawan mantu
Sekh Majagung ika nuli
padha wangsul malih ngulon

53. Nuli maring Karawang Molana Guru
ana ing kana anyantri
Sekh Kuro mapan wus weruh
yen Sekh Majagung wus wali
lir kembar wong sapatemon

XXII. L A D R A N G

1. Carang rong puluh saking epanging
Carub Kandha
Syekh Karawang pan sampun
asiwi lanang Jarugem ingkang nama

2. Den bopong tutug den ithik-ithik
ya denira
yata sang Syekh Majagung
suka ati darbe manah gegel ika

3. maring putra Syekh Karawang iki
sadina-dina
den lingling lan den pangku
kinelonan yen dalu dinongengan

4. kramate para Waliyullahi
kinandhanan
laku lampah Jeng Rasul
remen pisan Jarugem ing kandha tata

5. caturira lalampahan titi
uwong kuna
mangka Jrugem ing dangu
sampun dadya merjaka remen kasukan

6. ambentongi pucung lan kemiri
malah ika
dos dene gayam iku
dadya kasukan binentongan kewala

7. Naban dalu lali dhateng guling
dadya lampah
mandita tapaning ruh
wus andhungkap maring patang puluh dina

8. Genya tanpa ngliyep anendra sademi
pijer lampah
saking wiji kang den bentong
keplak-kepluk awan bengi datan nendra

9. Pareng maha yekti Bonang uning
barjamaah
ing Karawang andulu
perjaka Jarugem kasengsem ing lampah

10. Mbentongi mring sakathahing wiji
dadya nabda
mayekti Bonang iku
he gusti Jarugem adhine si kakang

11. Eman temen lakunira iki
melek tansah
alung sira ta iku
carema ing tingal supi malak mandar

12. sira dumadya uwong utami
parandene
Jarugem maksih nglalu
tigang sasih karem maring lalampahan

13. ambentongi pan sadaya wiji
tinggal nendra
kongsi dadya kasuwur
nama dening kang nyambat aran ika

14. Syekh Bentong ingkang apernami
kabeneran
pareng Giri mahaguru
prapta barjamaah ing Karawang ningal

15. polah Syekh Bentong atilar guling
datan nendra
karem ing wiji sampun
polah mangkan ika wus telung wulan

16. Dadya nabda maha yakti giri
he sudara
eman temen sliramu
lalu kering lapa aluk carem ing tingal

17. Makripatullah dadya ing benjing
dadya pandita
anglelana lumaku
sarwi apertapa lintang ing Dermayu ika

18. Marengi Dalem Dermayu iki
lagi susah
papetetane kuru
padha berah pasawahan datan dadya

19. Pareng Syekh Bentong ingkang maringi
kekipratan
keringete puniku
kang dadi nyegeraken maring tetuwuhan

20. marmane guru guru prawali
dadya ika
kabeh uwong Dermayu
maring Syekh Bentong padha kabeh anyembah

21. Maka Dalem Dermayu pracaya ing
galihnira
lah yen ika Syekh Bentung
wali sajati adan lunta alepas

22. Saparan-paran ngetan ngunjungi
maksud beat
ing uwong pinisepuh
aneng Ngampel Gading wus sinukan dadya

23. Sampun karem dhateng sejatining
ilmu nyata
kalilan dening guru
tinuduhan ngulon ngidul tatapaa

24. Telung taun sakarepira iki
nandur gayam
kang woh padha sadalu
sira ngulatana nggon gunung patapan

25. Kang parek kebonira wijil
gayam lumrah
dening mantep ing riku
ya Syekh Bentong amintar saking ayunan

26. Ngidul mangulon sampun amanggih
wijil gayam
kaya wangsit sang guru
wus apikir yen iku panggonanira

27. Den cacak tandhuran punang wijil
iya nyata
sawengi padha cukul

wus katingal atub uwohe beryuta

28. Murag regel wijil cukul maning
padha mayan
wus ngarenteg wit iku
laksan kethen witing gayam mrambah

29. Wus katon adhem kayoman dening
godhong gayam
tap tumpang singid iyub
semuning panggonan aneng Karangkendal

30. Sinebut Syekh Karanggayam wali
namping arga
Sundara Sumbing iku
sakuloning Kedhokan genya apernah

31. Samangkana ika Ratu Junti
wadon mulya
tan karsa krama iku
kutha ori anggerit atepung gelang

32. Salamine tan ana kang wani
dening ingkang
pangawruhe anglangkung
nulya ana juragan sing Atasirang

33. Tur ika ngudhal adi aluwih
palwanira
layar ing awang uwung
katelah aji Juragan Dampuawang

34. Yeku kang saestu angarepi
darbe karsa
mring ratna wadon iku
ora ketang reruba emas-emasan

35. Den tawur sagenah genah buri

warna rupa
emas manca warna iku
den nggo ngrutugi Kraton Ratu Wanodya

36. Sampe kaya udan mas ing Junti
ingkang emas
sing awang-awang iku
nedhaki kadulu Juragan Dampwawang

37. Den sadyakaken pegegel maugi
nutug loba
prandene Junti Ratu
sanget pamingkunge ndarbeni swayembara

38. Yen burak kutha pring isun iki
dadasar ya
ingasakti Ki Dampu
daulatan isun mangko angawula

39. Yen tan burak kutha ing sawengi
kaya mangsa
sun tan gemele takluk
mangka juragan ya ika aryawara

40. He wong Junti ruruwa ing wanci
bengi yen tah
ora sira aruru
mangsa dalu yen awan mangsa aweha

41. Padha sadyaa pakakas kang adi
mragatena
gempure kutha iku
babaden padha sawengi kuwen uga

42. Wong Junti kaduga gelem nuli
sanakira
lyan desa kanthi rempug
ruru emas Dampuawang acecorak

43. Kumerab jalma sawadi-wadi
kang pakakas
beryutan punang wadhung
linggis perkul pacul kang saweneh rimbas

44. Kampak golok bendhok lembag timbris
wong wus sadya
den udani mas dalu
maring kutha ori dadya sami rempag

45. yata kuthane Ratu Junti
dipun rusak
dhateng tiyang berewu
Ratu Junti anglarekaken lumajar

46. saparan-paran lan putra estri
angupaya
ingkang bisa anulung
Ratu Junti wus paladara mangetan

47. Prau Juragan sing duwur nungtik
ngawang-awang
tumiling nut ngluru
larinipun sang Ratu kang sadya den udhag

48. Plajenge Ratu Junti angungsi
ora liyan
anging Syekh Bentong estu
den ilari warta Dermayu tulungan

49. Ya saking kramat Syekh Bentong pinuji
mbok manawa
mring isun mangko tulung
samana pangidhepe Junti Narendra

50. Yata ing kana ya wus kapanggih
maring pernah
Syek Bentok den sungkem wus
sina ngestu den gondeli ing prakara

51. Pareng prau Ki Juragan ngungkuli
aglis tumiba
Juragan lingsem mau
mesat mabur dheweke rumangsa salah

52. Maksa maring wong kang tan sukai
tan antara
Islam tuli sang ratu
manjing Islam maring wali Karanggayam

53. Sarta baktekaken anak istri
dadya garwa
Syekh Bentong ing samangko
kang anama Dewi Rarati wus tinampan

54. Marmane Syekh Bentong ing kana rabi
maring putra
sang Junti ratnayu
sampun kasampurnan amening akrama

55. Purwatane sang Ratu ing Junti
aneng kana
sugih bakti kalangkung
kumalar sipa ing ngarsa Waliyullah

56. Kocap bala Junti keh nututi
paularan
nungtik larining ratu
tut siji tut loro padha samya prapta

57. Sungsungan sukane nemu lari
aneng kana
ing Karanggayam iku
tan manthuk malih maring prajane kuna

58. Kocap ika ya kahyangan Junti
kadi bondan
tanpa bebak puniku

cuwi gluntungan ingadhep nyaruyang santra

59. Syekh Majagung nuli tetilik mring
Karanggayam
Syekh Bentong nuli pangguh
sinabdanan nganti apa geseng raga

60. Yen tan nyampurnaken rukun muslim
daweg kesah
nglelana ngilen mau
maring Arab nyampurnaken Rukun Islam

61. Kang aran umah Muhammad wajib
haji malar
angsal sapaat mbesuk
sinalametaken lampah dunya kerat

62. Syekh Bentong mapan pikir raspati
punabiya
sira munggah haji yun
tan liyan sareng Ki Syekh Kamajagungan

63. Nuhun lila kang rama ing Kerawis
wus sinukan
ya lastari kesah wus
mring sabrang nuli tutuge hajinira

XXIII. PUCUNG

1. Carang slikur
saking panging Kandha Carub
kocap ing Malaka
Datuk Saleh ing samangkin
wus puputra malih lanang kang sinebut

2. Jabaranta
nenggih peparabipun

langkung ing prakosa
dugalan tan demen titi
ati bener samanteping kasinggihan

3. Wong kang bagus
binecikan adatipun
ala ingalaan
pugal ing duduganeki
suka benere ingkang den estukena

4. Tegang lampus
tan wedi baya pakewuh
datan bisa bobad
anganggo saka kayakin
barangsong besengut bethot netya gohmuka

5. Sarwi tambu
apertapa sungguh laku
lakaring nurbuat
iya wali amengkoni
sapa tambu iku rembesing mukjijat

6. Jabaranta
anglalana nyabrang sampun
maring Pulo Banjar
wus tanggal karomahneki
buwaya ing laut padha asung marga

7. Jabaranta
padha ngabar wus kadulu
genya asung marga
ing sang wali lampahipun
dadya bisa nyabrang ora mawi palwa

8. Mila uwong
Banjar ing kana ngaestu
yen sang Jabaranta

karamatullah sajati
akeh padha angungsi tabarukira

9. Ora dangu
Jabaranta ingalungguh
aneng Pulo Banjar
nuli ing Madura nenggih
tapa edan ana ing Sampang curiga

10. Edanipun
yata akeh padha rusuh
ika wong Madura
sakabeh padha nyawad
yen Jabaranta wong edan saking sabrang

11. Sajronipun
edan datan mangan turu
pijer ngayem sabda
tigang taun lawasneki
ana wong kabegal aneng dalan

12. Jabaranta
ing kana sedya atulung
mecat kang gamparan
wus den sawataken glis
ananceb gamparan ing guluning begal

13. Ora dangu
sadina gamparan rawuh
iku marmanira
Jabaranta kathahneki
dening wong Madura majnunullah iku

14. Dening rido
karomate wus ametu
lan maninge ana
kapal arep kerem mangkin
pon ya den tulungi dening Jabaranta

15. Dipun cawuk
kapal lawan astanipun
siji kapal lenggah
tan kesah aneng nggoneki
kapal slamet tan kerem ing laut

16. Nulya iku
sang juragan kapal turun
padha areruba
maring Jabaranta iki
wong Madura percaya yen kramatullah

17. Brewu-rewu
reruba juragan iku
sawising tinampan
ya den bagekaken aglis
maring wong Madura padha berag bungah

18. Uwis untung
barang reruba tan kantun
nuli Jabaranta
ing Jawa anut wong tani
adhedhepok ing nagari Pasuruhan

19. Jangkahipun
sapambedhil lampahipun
lir kebyaring kilat
ingkang lagi tumalirip
singa katingal ing suku Jabaranta

20. Waktu iku
kadi lemah geni murub
wong gembong pramilia
percaya yen kahot wali
sarta padha anyebut Syekh Lemahabang

21. Akhiripun
ing jati padha anungsung

pandita kang keras
brangsong ngemong watekneki
barangas winglas dening Yang Andumningrat

22. Kocapipun
rat kinepel astanipun
katon gawang katingal
dening wong akeh sabumi
malah wong agung Pasuruhan percaya

23. Iyaiku
Syekh Lemahabang satuhu
nyata waliyullah
kang pangembang jagat iki
mashur sapangate leber keh barokah

24. Akhiripun
keh wong gering nadar ngunjung
mring Syekh Lemahabang
dadi padha waras maning
mangkana uga wong kang duwe kasuker

25. Padha ngunjung
mring Syekh Lemahabang iku
akeh pali purna
babaya pakewuhneki
lamon ana kang sadya andara cara

26. pasthi ajur
wong kang padha dora iku
kena ing wiladat
Syekh Lemahabang kramatneki
datan kena ingidhek kang wawayangan

27. Mila agung
Bopati kang sami nungkul
asaja percaya
cageran ngestu pati

awit olih kramate Syekh Lemahbang

28. Cipatanipun
den wisik katon lohmakpud
sawarga naraka
miwah saking aheng gaib
keratonipun Gusti Allah kababar

29. Dadi weruh
ing sang Adipati Ratu
ing Pati nagara
Syekh Lemahbang kang mumpuni
kang bisa tuduh Ngarasullah taala

30. Milanipun
sanget ing percantenipun
para adipatya
datan luntur suhudneki
mangkonoa uga Tumenggung Japara

31. Ing pangestu
awit kramate sang luhung
kalane ambabar
alam kubur padha prapti
katon buyute tumenggung kang mpun wapat

32. samya andulu
den tingalaken sawaktu
iku ing satingkah
polah lam kubur sayekti
miwah alam jro bumi padha katingal

33. marmanipun
Tumenggung Japara estu
maring Syekh Lemahbang
datan mangmang manahneki
nulya Syekh Lemahbang karsa anglalana

34. Lakunipun

mangulon yang kang den jujug
awasta Sukaminah
ing kana kerasan nenggih
kang ingaran dhedhepok Bungko percaya

35. Marginipun
syekh Lemahbang wali sestu
lintang renah-renah
Ki Kuwu percaya sami
padha idhep angestu mring sang madagda

36. Boya arsa
mengenga saparat rambut
ing sadela kira
dumugi ing akir-akir
padha timen ing wuruk sang madagda

37. Pecilipun
istri ingkang naminipun
Rara Duwa ika
baktakaken marmaneki
pan Syekh Lemahbang ing Bungko mangku garwa

38. Dadi mantu
Ki Kuwu neng Bungko iku
gelaring akrama
kaleresan jodhoneki
tunggal saciptan lan sabadan sanyawa

39. Karsanipun
Allahu kudu tinemu
ujar kabeneran
tetep lawan baboneki
pan ing pinggiran tan sulaya ing sadra

40. Tangganipun
desa kang padha angestu
saking Singaraja

Panganjan lan Darmayeki
kaparekan Lelaya lawan Losarang

41. Jatitujuh
Jatilor Bener lan Ujung
akeh asawita
nuhun berkah mring sang yekti
lir ta padha kang laksana ing nadaran

42. Nadaripun
wus katekan pengenipun
malah lumaksana
ing sang adi angunjungi
padha nuhun cukup ahub barkah donga

43. Ya lumintu
tanana leting dina ngunjung
lanang wadon samya
tuwa nom percaya ugi
kabeh prawan jaka padha nedha berkah

44. Tedhanipun
jodho lawan tawil umur
salamet akrama
dadi akeh ineneki
lir kang padha nedha cukup sandhang pangan

45. Kathahipun
kang padha ngunjung ing riku
tan ana kang ora
pan kalaksanan sakalir
timbul kabeh karamate sang pandita

46. Waktu iku
Ratu Junti ingkang wau
aneng karanggayam
ing sapungkur guruneki
remen ngumbara la yen anitih rata

47. Ya sang Ratu
miber ing ngawiyat muluk
kang punang turangga
laler srakit kathahneki
ya kang pinangka dadi kasektenira

48. Sapandulu
ing tawang katingal langkung
adine gumawang
amusnah lah yen kumedhip
ya kinedhepaken cat katon cat ora

49. Mapan iku
kaluwihane sang ratu
jar ika ya nyata
prabu Rara dening istri
sina gangsal tapane mboten akrama

50. Kembaripun
lan Nyi Panguragan mbesuk
yen wus ana mangsa
mbesuk timbul karoneki
kang pinangka kembanganing nusa Jawa

51. Tan liyanipun
maning ingkang kaya iku
iya sote ana mbenjang
amung sapadhananeki
ingkang nama Kiyan Nyai Rara Bagdad

52. iyaiku
sadherek Pangeran wau
kang anama Panjunan
pon ya ngajawa tumuli
nut sadherek magama kang luwih samar

53. Ika Ratu
ya Prabu Junti pinunjul
anitihi ratan
ingkang ngiring laler kalih
teka bisa mabur sarta ratunira

54. Ngawiyat iku
dupi ika uwis muluk
saka wenang-wenang
ngalor ngidul paraneki
dupi ngungkuli maring sang Syekh Lemahbang

55. Enggal rawuh
rata babar pisan remuk
Prabu Rara diya
kawirangan wus andhepi
panor ing arsa sang pandita Sukaminah

56. Dadi suhud
nyantri ing kana wau
ing Kabentongan
tingkang dadi gantineki
guru dhingin kang kesah nyabrang ing Arab

57. Sawisipun
Nyi Rara Duwa amanut, iktikad sumana
makripat ingkang sajati
ora nana kang tinggal kang liyan Allah

58. Tungkulipun
adhepe mapan andulu
ing adating Allah
wus katog ing pyangkohiki
Allah iku mangkana ing wirid Syekh Lemahbang

59. Agesang iku
salamining ya tumulus
mring Syekh Sukaminah
sinedya mbanting awakneki
karsa turu sira anglenggarang ika

60. aning pucuk
kang ori patutumpuk
labet kutha gara
Ratu Junti ingkang dhingin
dadi mangko den anggo pagulinganira

XXIV. BALAKBAK.

1. Carang salikur saking panging, *critane*
   Carub Kandha saking Masir nagari, *rajane*
   Tilar dunya ingkang makili, *kratone*

2. Sadereke kang anom nami, *Raja Ongkah*
   Wicaksana reh dereng balig, *yuswane*
   Nuli Syarif Hidayat ambukai, *petine*

3. Ing peti emas amanggihi, *warnine*
   Usul Kolam kang miraosi, *critane*
   Nur Muhammad langgeng ciptaneki, *ujare*

4. Sang Jajaka kedah kapanggih, *kramate*
   arsa uninga lawan nabi, *Rasule*
   mangka pamit ing ibuneki, *karsane*

5. muwah kang paman Ongkah iki, *ujare*
   arah kesah pailaran maring, *idhepe*
   kang badan Rasulullah Nabi, *milane*

6. Yen sampun wafat Kangjeng Nabi, *prandene*
   Datan kampoh kudu kapanggih, *pengine*
   Atilar maring nagarineki, *dheweke*

7. Ing alas tansah awan bengi, *luntae*
   Tanpa rewange ambaturi, *kesahe*
   Jurang renjing kang den lampahi, *lamine*

8. Mendhak naga gung singat adi, *sabdane*
   Sang Anom poma yen pinanggih, *estune*
   Kalawan Kangjeng Rasul iki, *kulane*

9. Aturna salawat amba mring, *Nabine*
   lunta lampah lepas ngengisik, *lakune*
   Putih langen ingauban adi, *megane*

10. Katekan Pandita Gapani, *ngajake*

Jarah mring istana Jeng Nabi, *dongenge*
Nabi Sulaiman anggadahi, *pusakae*

11. Enggonira ing pulo Majeti, *makame*
Sang Anom wus karsa ciptaneki, *nyatane*
sampun prapta ing astananing, *pernahe*

12. Kathah kang jaga tan angsal margi, *lajune*
mangkana naga sambawa mring, *namane*
Yamlinga Ratu naganeki, *sadyane*

13. Sarwi nabda lawan Gapani, *nagane*
Yen arsa nyirep naga sok olih, *punahe*
Mangko yen wus sun pangan iki, *punahe*

14. Nuli mendhem sun turu iki, *ujare*
karna juputen maring nggoning, *kasiate*
Saking naga padha turu iki, *kabehe*

15. Tanpa sisa ya sang Gapani, *karyane*
Kang puwan mpun pinangan glis, *medale*
sawang sing karnanira iki, *ngalape*

16. Laksana naga gung sami guling, *luntae*
Laju mring kathil Suleman nabi, *emase*
Layon gumilang tan ana rigrig, *wulune*

17. Wutuh adi kadi mas sinangling, *rupane*
Ing kana wus linggih Gapani, *sadyane*
Ngutil kang Mamlukat Goib, *ampale*

18. Kang masih aneng astaneki, *arahe*
Den lolos bae kang layon iki, *semune*
Kadya nglirik mring sang anom iki, *nabdane*

19. Yen ngucap mireha sadhidhik, *sirane*
Kang estu tan sedya ala iki, *jakane*
Tan dangu gelap nyamber Gampani, *malinge*

20. Yata wong nom kagawa maring, *kukuse*

Alimengan mring awang aworneki, *megane*
Dupi tumurun mring nusa panggih, *syekhune*

21. Wong tapa kang wus windon iki, *kayane*
Nyandhing Kendhi Komala warni, *ijone*
Cumlorot cahyane sang kendhi, *tingale*

22. Yata sang anom atanya aglis, *marmine*
He sang atapa wonten ngriki, *asale*
iku kendhi apa kang sumandhing, *waune*

23. ya kang ingujaran mangsuli, *ucape*
Kawula sestu mboten uning, *asale*
Waktu nembe kula ing riki, *uninge*

24. pun kendhi sampun wonten ngriki, *katone*
kilap kang gadahe manawi, *ujare*
Sang Anom anabda sira glis, *anglinge*

25. Tan kaya sang tapa ndika iki, *kendhine*
Sang tapa enggal mangsuli ris, *ucape*
anglengkara dene kendhi iki, *liringe*

26. Punapa sang kendhi mangsuli, *purwane*
Dan sang Anom taken mring kendhi, *anglinge*
Sira saking endi sireki, *dadine*

27. Duwene sapa tan wikan iki, *asale*
Tan dangu sang kendhi mangsuli, *sabdane*
Kawula rihin saking swargi, *asale*

28. Tuwan inumen toya puniki, *kulane*
Sang Anom den inum toyaneki, *tleguke*
Meh telas dupi sineleh iki, *kendhine*

29. Sang kendhi awor jati wari, *sababe*
Lamon tah Tuwan telas iki, *nginume*
Anak putu Tuwan ngratoni, *yaktine*

30. Kanthi dumudi ing ukrowi, *tlanjunge*
Aglis sang anom nginum malih, *tandhange*
Pinindho ika telas kang wari, *akhire*

31. Nulya sang kendhi ngandika ris, *ucape*
Pinasti duryat Tuwan niki, *yaktine*
Kaselang lumunta dumugi, *kiyamate*

32. Sabab Tuwan dahar toyaki, *angangge*
Nelang mboten telas iki, *nyatane*
Mpun nabda jati wara iki, *kendhine*

33. Mesat wus sira musna goib, *larine*
Dan sang Anom lunta lumaris, *parane*
Saparan-paran rupa swargi, *karepe*

34. Manusa nemu berag sami, *bungahe*
Pasiar jajaranan sami, *sandhange*
Panganggo kang sarwa di peni, *bandane*

35. Tatunira pating jaruwig, *larane*
Nanging tan den rasa perih, *getihe*
Gulaceran mambu rum wangi, *gandane*

36. aliwiran ganda jebat kasturi, *arume*
yen wus pasira kempel sami, *daharane*
Mangan lan nginum sajegneki, *surake*

37. Andrawina tutug daharneki, *prantine*
sami nikmat panendrane iki, *umume*
Yen wus leren pasiar maning, *adate*

38. Apa adate ingkang mau iki, *sabene*
Sang Anom gegetun manahneki, *dangune*
Ana prapta niti turanggi, *ing arsane*

39. Sarta anjati wara iki, *sabdabe*
He wong anom sira puniki, *usike*
Weruha sira maring negari, *maune*

40. Yata kasebut nagara iki, *asale*
Nagara kang sarwa adi peni, *rupane*
Sinebut nagari Wabasirin, *namane*

XXV. PARLAMBANG.

1. Iki ingkang kapernaha
he wong mati sabilillah
lawan siji ya woh-wohan
sing sawarga gegel ingwang
ing sira kekasih ingwang
enggal ira tinampanan
sang Anom matur lah Tuwan
punika sinten kang nama
mangsuli sang tinakonan

2. Isun iku kang satengah
sang apa nabining Allah
Khadir pan jenengan ingwang
tan dangu nuli sineblak
Samberani wus amentas
Sang Anom tangginas nrajang
anggubeg atumut nunggang
pan cinengka datan kena
dumadi katut kagawa

3. Mabur aning awang-awang
ing dangu nuli tumedhak
ing Gunung Jumanten mulya
sinelehaken ing kana
Nabi Khidir sabdanira
ing kene sira rerena
ngantiya pangundhang-undhang
tan dangu sang Khidir musnah
sang Anom kantun priyangga

4. Tan ana liyan panyipta

anging Kangjeng Rasulullah
kang ayun patedhakena
nuli ana manuk bayan
putih tedhak saking puncak
anggegeh ing lampahira
sang Anom gancang amuncak
nuli manggih padaleman
mirah wulung kang dumilah

5. Punapa dene sawarga
saestu kadatonira
ingkang bawa Rasulullah
ingkang den arani pura
Makom Makhmud ingkang mulya
yata ing kana katingal
mencorong ika lir penda
kadi purnamaning wulan
kang madhangi ing sajagat

6. tejane Jeng Rasulullah
wong Anom dupi tumingal
amburu panedhanira
asujud jaja cinengkah
ngandika ajatasira
sujud maring padha anyar
sujud ing Allah sira
Pangeran kang murbeng jagat
kang asung kandha ing sira

7. Matur ing dunihing cipta
kawula nuhun sapaat
barkat beat Jeng Rasulullah
salameta dunya kherat
sarta pamulang kang nyata
amedar jaja kawula
anggampilaken ing karya
pepaha bundeling sabda

Jeng Nyawa Nabi ngandika

8. He sira duriyat ingwang
aja kemba kumalamar
sun tanggung rahsiyanira
dadya sira kang minangka
gegetiningsun ing dunya
den eling pamasiyan samiyan
pati urip ora bedha
langgeng datan kena owah
sukmanira iku Allah

9. Aja sira kasamaran
dhingin kari ora nana
anging tunggal tanpa bedha
ciptanen roroning tunggal
anging pinangka warana
ana andawahaken ing sembah
mangko sun arani sira
Syayid Kamil namanira
sira anyampurnakaken amal

10. amal kang bangsa sarengat
angunjunga ing Bethullah
geguruwa ing ulama
kang bakti maring wong tuwa
iku poma wekas ingwang
sawusing tutug abeat
sang Anom ing nyawa rakhmat
nuli ical tiningalan
kang banda endah punika

11. Dumadi kang raganira
kaya ta den arerayang
dening mega wus tumedhak
ing kratone Ratu Ngajam
lagi memulang ing kana

kumpul kang para pukaha
tan dangu peteng limengan
kagegeran sira Ngajam
katekan pepeteng liwat

12. lir wengi dhadhak-dhadhakan
sakedhap nuli asirna
ing pepeteng nuli tingal
sang Anom katon kang warna
abagus tejane mancar
gumilang-gilang apadhang
yata wong Ngajam wus nyata
yen ika wali utama
kang nukma ana ing mega

13. Kang mangko tedhak ing Ngajam
sang Raja Ngajam kalintang
kurmate maring kang prapta
supados sang Anom warah
tan karsa jenek ing Ngajam
karsane lunta pamitan
sang Ngajam nuli parapta
ing Masir lan ibunira
ibune kalintang suka

14. nuli arah ingistrenan
denira kang Rama Paman
rembag layan ibunira
supados maksih tan kersa
reh wau tampi kandika
ingkang Nyawa Rasulullah
dadya malih arah mintar
haji maring Baithullah
sarta arah sabda karya

15. Geguru maring ulama
yata ika wus sinukan

sangu dening ibunira
sewu dinar kang pinangka
belanjanira ngalampah
sarengat ana ing Mekah
lan tasbeh mutiara pelag
yata lunta lampahira
ing marga sampun den adhang

16. dening Yahudi sadaya
arah binegal sangunya
sang Anom baya komeda
kang sangu wus winehena
maring Yahudi sadaya
sapalih den bakta Mekah
sang Yahudi samangkana
dadi remen manjing Islam
suka dening lomanira

17. wong Islam ora kumedan
wong sapuluh wus winulang
sahadat kalimah mulya
melu haji maring Mekah
bakda haji kumawula
ana ing nagara Mekah
niyat ageguru sira
abeat ing sri paduka
Iman Najmuddin al Kubra

18. Wali kutuh aneng Mekah
pinanggih nuli abeat
wali loro saking Jawa
kang mau haji ing Mekah
sampurna ing hajinira
Syekh Bentong Syekh Majagungan
sareng panggih para samya
sakaro geguru ngkana
kalastaren ing Islaman

XXVI. SUMEKAR.

1. Carang kaping tiga likur iki
   mapan saking panging Carub Kandha
   anutur sang Bonang yakti
   dhuk ngislamena
   Ajar Kaputran namane

2. Nalika iku sang maha yekti
   peparab ingkang nama Kolipah
   katon prawira linuwih
   munggeng ing arga
   ginunturan sela ageng

3. dening Ajar anging tan kandheg nuli
   mlebu arja Ajar wus tinunggangan
   sang Ajar nabda sang yekti
   he ndika ika
   karsa punapa ing mangke

4. Winangsalan Ajar Islam seki
   sarta indhang-indhang cantrik gotaka
   mayuyun tanana kari
   Ajar sabdanya
   kramat ya asruh sabdane

5. Besuk Islam yen kasoran sakti
   kasakten sang Ajar ngambil tigan
   pepitu sinusun dadi
   angadheg endah
   tan anggolewang tigane

6. Adan ing ngandhap parandene iki
   tan ana tiba ing duwur gumawang
   ing duwur masih anggawing
   Ajar sigra
   angambil maring sangkune

7. Kang isi banyu binucal nginggil
gawang gumantung tanpa cantelan
adan cinocok tumuli
lawan sekinya
dene Kolipat tan suwe

8. sangku tiba banyunę akari
aning tawang Ajar nuli mesat
kekituneki den wingkis
enggal ya nulya
anguntalaken tan suwe

9. maring awang miber kadya paksi
Kolipat ngracu ing kaosira
binuwang munjuk angancik
kekethu Ajar
den idhek-idhek tan suwe

10. kagawa mingsor kaos sang yekti
nuli Ajar mlempat ing godhong gedhang
ngadheg ing padha wus ngancik
maha yekti
wus ngadheg aneng pupuse

11. Ajar kawirangan mudun nuli
umahira den obong kalawan
geni maha yekti iki
mapan sira ya
wus katemu ing jerone

12. Jroning geni Ajar medal malih
ngumyang-ngumyang teluk traga nyana
lan mantune kang kekalih
ubyung den wisik
tampa mandi cama kabeh

13. Kolipat Asmara rahyu puji
Lembuarja wus tinepak dadya

glepung awor lawan siti
maha yekti
enggal asruh ya sabdane

14. Sasembahan wutuhena maning
Ajar kewuhan ing manahira
dadya nabda ngasih-asih
he sang yekti
kula ing mangke anderek

15. Islam anging lembu dadya maning
enggal kolipat andunga uga
Lembuarjo wutuh maning
maha yekti
wus merdi ing Islame

16. Yata sang Ajar nenedha malih
he kolipat yen saestu tuwan
ngislamaken kang sajati
dhateng kami
nggih punika sakbehe

17. kaki buyut kula ingkang mati
uripna kaki buyut ing Islam
kula anderek ing wingking
sasampuning
kaki buyut Islam kabeh

18. Nuli Kolipat enggal murugi
ing Astana bang kilen sinabdan
narik ciptanira uwis
he saiki
sira uripa den ageh

19. Lawan kersaning Allah adadi
ingantosan donga dereng medal
nuli sinabdanan malih
he sang mati

padha uripa den ageh

20. lawan karsanisun enggal tuli
padha medal sing kubur tan pantan
padha winulangan jati
Islam sami
panutan maring kang aken

21. Sang Ajar andaringin nalisir
rada tan pracaya bilih asulap
enggal sang Ajar tumuli
kenang sakit
lumpuh ragane angosed

22. Sesambat nuhun warasna kami
sang kolipat sabda apa tetamba
kang nama sadat kakalih
kalimah iki
den becik sok mara ageh

23. Tampanana den trus ing ati putih
enggal Ajar angucap sahadat
napi isbate kacangking
sampun dadi
wus tinarima Islame

24. Wus makripat pangestu ajati
barkat sang maha yekti ing Bonang
mangkana caraka siji
kang apikir
kasiripan ing atine

25. Yata isun ngawula wit cilik
mangka kaya nglebur tapaknira
durung pinaringan ilmi
ingkang kadi
sang Ajar iku tunggale

26. Sang maha yekti Bonang wus uning

ing jro cipta panakawan dadya
angandika he wong cilik
aja dadi
ing atinira pairen

27. Kasiriyan marga Ajar iki
wus kumlantang akir gentur tapa
ngilmu pinangka ya geni
mula dadi
ika Ajar ing marmane

28. Andene sira debog kang masih
teles pisan mangka katerapan
wangwa sun ora agelis
malah dadi
mati pisan kang genine

29. Yata panakawan mongkog dening
sang Kolipah wruh sadurung winara
sakarenteg ing ati glis
ris kapati
sang panakawan tobate

30. Sang maha yekti Asmara adil
palamarta jar sayogya sinayogya
jaba ndika jaya luwih
jar langkung ing
apapak kawigdagdane

31. Keh ajar kalapar samya kawingkis
mring Islam agama sang yekti Bonang
miwah kang para bebedhig
ahli sihir
den Islamaken sakabeh

32. Saparo sapretelu gegedhen sami
kang suka sami remen ing Islam
muwah para buyut sami

akeh ngungsi
angidhep ing sawuruke

33. Molana ing Bonang wali sajati
tinunggonan ing karamatullah
aja brawati agami
kang linuwih
saking saputra-putrane

34. Sabab Ratu Majapait tan penging
ing wong kang sami remen jing Islam
ing parentah sok ja mungkir
Majapait
nadyan mring agama liyane

35. pon wus tan den cegah ing narpati
mula dadya agung gama Bonang
sakarsane sami ngungsi
maring haji
tabaruk kawidagdane

36. Sarengat Rasul ya Kangjeng Nabi
lan tarekat sunahe kanabiyan
hakekat jatining ilmi
muwah malih
makripat kang sanyatane

37. Kang den glar dening sang maha yekti
neng Bonang kadya kasorgan nagara
pangereh kang sami ngungsi
barkah wali
kang mulyakaken kandhane

38. malah kang eyang king ibu kang sami
Arya Tuban samangko wus percaya
malebet ing gama muslim
ngestu jati
ing wisik kang sajatine

39. Sarta basaja ing wayah sang yekti
sakul kang bawa parentah Tuban
den srahaken kang sejati
iya becik
apa sang wiku karsane

40. Malah rampag layan Majapait
yakti Bonang jinungjung kalenggahan
kawibawan binupati
kang anami
Pangeran Bonang jenenge

41. Ndarbeni cacangkok Tuban nagri
pinaringan payung lante kandaga
dening Ratu Majapait
pangasrihing
lulungguh sang ratu gedhe

42. wuwuh mundhak pangestuning abdi
gumawang patani kang tinonggonan
ing rayi ingkang anami
wewangeneki
Makdum Darajat jenenge

43. Kang nunggoni raka maha yogi
ing salenggah binantara mulya
ana ing Tuban nagari
lami-lami
kadahar pangawulane

44. Dening kang raka marmane dadi
Makdum Drajat sinung cacangkokan
saking praja Tuban ugi
milaneki
Pangeran Drajat jenenge

45. Pan sinung malih sing Majapait
kandaga lante payung sri pangraja

kang estu pratandha saking
Ratu Jawi
Majapait ing karsane

46. Singakarsa karsane nglungguhi
kumarasan ing ngendi kinongang
nanging cacangkok ing Tuban
mila dadi
aning Darajat lungguhe

47. Sakulon Pangeran Makdum saking
jajahan mangkurat Kacarbonan
sarta lungguh maha yekti
datan sami
layan kang raka kramate

48. Anging lor kidul keh prapti ngungsi
Bengat maring Molana Darajat
akanthi sahabat siji
kang sakulit
sadaging lan sabalunge

49. Yeku puta panahan kang den parabi
Pangeran Alas atawa Pangeran
Luwung balane ngamini
kadihil
genya taki Darajat lungguhe

50. Sadina-dina sandhing ngladosi
minangka amin hadihil umat
ing Darajat genya taki
taki jati
ing ilmu kang sabenere

51. Kocap Pangeran Alas asinggih
katon ageng luhung kramatnira
kramate ngadawang maring
tiyang alit

muji kang asung kramate

52. Ulama sabrang kang sing pundi
prasamya mupakat ilmu tikad
mashur ing drajat waswasi
kang linuwih
saking sabar tawakale

53. Ora liyan barkah raka yogi
aning Bonang kang mashur aolya
ora nana kang ngungkuli
ing bab ilmi
sarengat lan hakekate

54. Kocap Pangeran wali nusa Jawi
langkung bisa pangrendoning sanak
wali kang padha neng buri
eca kapti
nut wuntet ing sapungkure

55. Sabab Bonang mashur aprajurit
kasumbadan dungane dening Hyang
mila sami den tut buri
saking budi
teka ageng pamangkune

XXVII. DHANGDHANGGULA.

1. Carang ping padlikur saking panging
Carub Kandha atutur carita
wau ingkang wali loro
Syekh Bentong lan Majagung
bakdanira samiya haji
manthuk ing nusa Jawa
kang rama Syekh Koru
wapat manthuk rahmatullah
margi ika Syekh Bentong ika dumadi
pan lungguh kinalipah

2. ing Karawang linggih anggentosi
kapanditan kang rama Kramat
anjatiwara ing kono
dupi ya Syekh Majagung
manthuk ing pernahipun lami
aning Kamajagungan
alinggih amuruk
nggelaraken gama Islam
tan lami kapiyarsa ing Majapait
yen ana syekh anyar

3. Enggalira jinujug alinggih
kasengkakaken nama Pangeran
malah kasebut namane
paparinge sang prabu
Pangeran Majagung awali
sinenggahan sang nata
pinaringan payung
sakandaga lanteira
sarmane Ratu Majapait kawilis
adil lan lampah marta

4. Ya sote bodhone kang agami
nanging adil bawa ginatama
datan kurang panglíringe
ngemut sakalir tuwuh
lir kang penda pandum jaladri
mila sinung dening Hyang
awit ing pangawruh
agamane Buda Jawa
gandheng lan Jawa murwa budi
lunta ing akir jaman

5. Para Wali tan arsa ambasmi
aksara Jawa papakem Jawa
salamine masih den nggo
kinarya timbanganipun

kitab Arab lan pakem Jawi
winuri-wuri dadya
jodhoning pangawruh
Kodi Arab Jaksa Jawa
sapa tambu yaiku purwa saking
adile Brawijaya

6. Beda lan Ratu Sunda sakalir
tan anggelar adil palamarta
kang kaya Jawa mangkono
pramila enggal larut
santero Sunda datan kawilis
agama Sunda enggal
ilang pan katempuh
dening Arab dening Jawa
sapa tambu yaiku saking kuranging
adile Ratu Sunda

7. Ijab apa Syekh Kora ing Krawis
dugi wapa tora nana pisan
Ratu Sunda pangrengrenge
muwah Pangeran Makdum
Maulana Magrib apa maning
ing Bungko Syekh Lemahbang
Syekh Bentong pon iku
ora pisan kasaran
ing sarmane Ratu Sunda ika dadi
wewengkone Pakuwan

8. Warnanen Syekh Bentong ing Karawis
niyung ing kulawarganira ika
Ki Jaka Tawa namane
muwah ika sang ayu
Rara Panas pon ing Karawis
lan Nyi Mas Panguragan
pon ana ing riku
kulina sadina-dina

cageran baktinira maring Hyang Widi
Syekh Bentong wus peputra

9. lanang cilik den emban den lingling
den engklek-engklek saban dinanya
Syekh Bentong kaliwat sihe
tan suka yen jinuput
den emong ing liyan jalmi
den kekudhang priyangga
ana ing kekempung
kapareng ana pandita
agung prapti sing sabrang mila ngajawi
ayun ngidhepna Jawa

10. Bebaktine kitabe sakunting
arah kangge ngayoni ulama
wali nusa Jawa kabeh
paparabe sinebut
Pangeran Karangkendal sakti
nembenipun aprapta
ika anggeguyu
Syekh Bentong dume angemban
anak cilik ciptane lah dening iki
wali ing nusa Jawa

11. Pagaweyanira mung ngemban pithik
parandhakane sinebut Oliya
wong Jawa pokok sakabeh
Assalamualaikum
Syekh Bentong anjawabe taslim
katuran wong alangka
arawuh ing dhusun
doip kados pundi karsa
campur kalawan uwong ayun kesesi
kang rawuh angandika

12. Pramila kula dhateng meriki

ayun angislamaken ing nusa Jawa
sadaya kang ana ing kene
kajuput dening isun
babaktan kula sadaya ilmi
kitab kula saprahwa
nanging dhatengipun
kula ing kekisik ika
inemu lan kinjeng dom ingkang alagi
cecewok aneng kana

13. Syekh Bentong nabda katuran linggih
yata san pandita wus sawangan
karsa sajajar linggihe
tan dangu sigra metu
cukuling pelok ika saking
wawaton palinggihan
enggal uwoh sampuṇ
mateng-mateng katingalan
Syekh Bentong matur lah sumangga puniki
lading badhe adhahar

14. Wohing pelem ya sesuguh kami
tiyang doip sumangga punika
tuwan dhahara den ageh
sang pandita anjuput
ladingira wus den tampani
pelem sadya ingalap
alot tan acopot
lading alandhep kinarya
ngiris pelem teguh ya datan kairis
gawoke kang pandita

15. Adan Syekh Bentong nyalondo aris
sumangga mangkin kula kentasa
ingkang ngiris ing peleme
tuwan kang trima muluk
sang pandita sampun lumaring

dhahar pelem pakangsal
ngirise Syekh bentong
karaos tumut anikmat
ngelih nginum sang pandita angulati
toya mboten pikangsal

16. Syekh Bentong panuduhe wus mijil
toya tuk awening kang dumila
pinanggahaken anginume
pandita tan nyana sun
wong iki mau sun poyoki
anyolong badhe ika
ingkang isun dulu
ya tekane wali Jawa
resep temen bisane ngaling-ngalingi
pan karamate jembar

17. Sang Pangeran Karangkendal angling
puniki mpun ajeng waktu asar
tan wonten toya satetes
kang mangka damel wudu
yen tuwan solat saking pundi
rencang tuwan sadaya
yen badhe awudu
Syekh Bentong mangsuli sabda
inggih punika toya ing bumbung pring
parantos kula abdas

18. Miwah sakehe santri pan sami
inggih punika padasan kula
sang Karangkendal anggebeg
sing pundi cukupipun
dening toya amung sathithik
adan Syekh Bentong enggal
malebet ing bumbung
keclak-keclok kang suwara
wusing tutug wudu Syekh Bentong amijil

wus kadiya wong abdas

19. Enggal nadda Syekh Bentong manawi
tuwan karsa tiru manjing kadas
ing bumbung punika mangke
kula ingkang anjungjung
anglebetaken ing bumbung pring
sang Karangkendal karsa
tumuli jinungjung
den angsupaken tumulya
Karangkendal ing jero bumbung wus manggih
tlaga wening ajembar

20. sakecaning siram awor seni
wudu anuli anjaluk medal
nuli den rogoh tan suwe
medal asolat sampun
wus datan kersa angimami
Syekh Bentong sabdanira
he tuwan puniku
tan kersa dadya ing imam
mapan kula punika wali pamburi
dede wali utama

21. Pangajenging wali nusa Jawi
punika Kangjeng Pangeran Bonang
kang langkung malih kahote
mila tuwan puniku
kagungan ing manah kula ugi
dhateng kabisan kula
wali ingkang busuk
mung lumayan badhe rewang
rame-rame ing Jawa tetamba sepi
tiyang kang kados kula

22. Karangkendal ciptanirang pikir

nyata isun tingkah kata larak
takabur maring wong kene
doraka awakingsun
kasiku maring Hiyang Widi
kitab dienggo apa
aluwung yen isun
mengko isun angawula
ana ing kene isun arep anyantri
ing Syekh Bentong Karawang

23. Pangeran Karangkendal nggal pamit
wus sinukan konting kitabira
sakonting ingobong ageh
sigra anuli wangsul
tumemen ing ati anyantri
maring Syekh Kebentongan
ing kana ya wau
sajatining puruhita
Syekh Bentong sadinane den kawulani
den pinta barkatira

24. Tigang taun genya angawulani
enggalira kaleberan kramat
ing wali Jawa estune
sang Karangkendal iku
eling-eling tedhak mutolib
lami-lami kahanan
beta ing aluhung
berancunging wong atapa
kinon tapa tut buri paraning angin
pon den labuhi uga

25. Yen mangsa angin ngulon sayogi
Pangeran Karangkendal lumampah
tan menda-menda ngulone
yen angin biluk ngidul
pon den turut ngidul sayakti

yen ngulan kang maruta
ngalor purugipun
sataun ing laminira
genya tapa nut buri paraning angin
dupi tutug kang lampah

26. Medhek maring Syekh Bentong tumuli
kinon malih tetapa mlanggangan
sataun malih lamine
sasampunira tutug
dadiya timbul sakti linuwih
ika sang Karangkendal
meh simok lan guru
kacarita genya lenggah
bari andondomi kopyah lan ngladosi
ana sawiji kang prapta

27. Wong kelangan wedus ngasih-asih
angriwuk maring sang Karangkendal
den pulet sarta den gondel
katedha pitulungipun
den gubeg datan kaur jait
edome sigra mara
sang luhung abendu
sira iki kenang apa
ngeriwuk temen ya wedus sira iki
li gawanen akebat

28. Inghale sang Karang maksih linggih
katone wedus ika den alap
saking esore pupuhe
kaligane wedus
embe-embe abane tuli
kang darbe suka bungah
sasambat anuhun
sih Pangeran Karangkendal
yeku tanggaling lampah banting diri
sakarsane wus gampang

XXVIII. SINOM

1. Carang salawe saking pang
kang Carub Kandha warnaning
cature Nyi Panguragan
salamine mboten laki
tandha dadya tembunging
kidung riptane awuyung
pan dalem aning padha
ingkang pambrih anglenciri
para gegedhen Islam tan na pon Buda

2. Ingkang sumedya anglamar
waneh kang matibat sampir
sarupaning sina ngarja
kabeh sumedhep ing ati
sing kanan saking keri
prandene datan pikanthuk
dening ika sang rara
datan suka ingalaki
lalu murag cecenthung sapa kang ngalap

3. Syekh Bentong langkung kewuhan
ing manah kula sih cilik
kongang yen dipun apaksa
tan kaya sang rara adi
singa kang rawuh iki
den tampik lamining kudu
dados medalna iya
sayembara sapa mangkin
kang ngadhapaken digjayane sang Rara

4. pinasthi ing jodhonira
samana pangandikaning
sang wali ing Kabentongan
yata sakehe kang mambrih

padha ataker wani
ganti mara kang bumaju
wani kang pangajakan
mundur dening sabda bengis
wani kang adu semu mundur sinantap

5. wani ingkang babasajan
mundur dening den prenguti
wani anyolondo prapta
wani sumedya nganjreki
mundur den alungani
lumuh sira yen katemu
marmane dadya ika
medal sembaraning jurit
Ki Gedheng Bayalangu karsa mimiti prang

6. Sang Rara enggal cinandhak
ngiwa nengeng datan kenging
lir wong nyekel wawayangan
adan sinepak tumuli
Ki Gedheng kontal tebih
tibane gebrug anglumpruk
awak den anglu lara
datan waras ing sasasih
ana maning wong agung sing Palimanan

7. kang peparab dalem Kiban
tedhak menjangan kumaring-
sing ngkana sadya pangarah
angrurum sang Raraningsih
sampun dipun sindiri
lan tingkah kang abagus
malar bisa kenaa
ing kemat si iring-iring
dupi arah den garap cecenthungira

8. Sang dalem Kiban den dupak

kontal dawah wangsul malih
den sikep sing buri sira
sang Rara nyepek dumadi
dalem Kiban kontal ing
rana dawuh enggal wangsul
ing gedering sang Rara
sang ayu sakedhap kenging
tan dangu musnah lolos tanpa kawruhan

9. Dupi tebih kasingkalan
aglis ya den tubruk malih
kenging sakedhap lap musnah
dupi sampun katon malih
ing kana sira tebih
pinapagaken agupuh
den teba ingkang dada
kalenger sang dalem Kubin
murud tinandu tan ngudili ing lawan

10. Tumuli ana kang prapta
nama Pangeran Kemuning
miyos saking dalemira
Kuningan sadya ngayoni
estu ika tedhaking
sang arya kidhang Pananjung
sampun samya sawangan
riyak idu medal geni
sesambata sira estu wadon guna

11. Lah sira panggeminingwang
sang Rara estu tumuli
ngudari gelunganira
den peres wus medal wari
kinipratakan dadi
udan deres kaku lucut
ya sang Arya Kuningan
kawirangan asesalin
amargege ngigel adi ngawi raga

12. Amburu maring sang Rara
sedya anggarap pamering
pambayu sigra kacebak
kalumah arya Kamuning
kadeselan tan kenging
tangi tumuli den tubruk
dening kawula bala
tinandu murud dumadi
gerenjalan ing tandu sapanjang marga

13. Agenti ana kang prapta
wong agung saking Telagi
miyos saking kasunanan
ika nama Paring Semi
pan tedhak ika saking
Sunan Talaga Amanggung
sadya anglabuwan ya
sembarane sang wawasi
rawuhira sarwa ngidung Kalanarejang

14. Kidung Rejang watekira
kemat ingkang luwih mandi
prandene sang Panguragan
dadi ewah sengit nuli
anarajang tumuli
ika kang adhining kakung
sadya anyandhak wangkingan
sang Rara ya anginggati
sarya nempong sang kakung rogol kang waja

15. Sumungken ana ing lemah
den angluh sakit nemeni
gegelitan sarwa kenyad
datan kena den nggo tangi
wus tinubruk tumuli
dening kawula balanipun
tinandu murub malah

ana ingkang rawuh malih
wong agung Rajagaluh ingkang tedhakan

16. Lutung Kasarung pon ika
dalem Indra langkung bangkit
ngalap sora mring wanodya
den iri lan den lohongi
badhere kaduli-duli
duwe aji sungsung ngguyu
prandene sirining ja
mesem mandha lagi beli
gregeten ciptane ya sang dalem Indra

17. Dadya sang Rara den jarag
ginuyun den ithik-ithik
sang Rara anjola sarya
nyawawa lati akenging
sonthak kang punang lati
medal erah turut wulu
lir kenang wisa ula
ngadeder tan bisa tangi
nulya tinubruk ing balane tinandu kesah

18. Manthuk ing kayanganira
tan nana kang angudili
ing prajurit wanodiya
putrine sang Datuk Solih
kocap rembesing Nabi
pramila kadya puniku
tumuli ana sadya
kang mantep angarah dadi
ingkang paparab Pangeran Karangkendal

19. Medhek ing ayune sang Rara
Syekh Bentong den suhun idin
ingkang kapinta anabda
ya sapa-sapa pon uwis

isun duwe perjanji
singapadhan mapan iku
pinasthi jodhonira
sang Karangkendal tumuli
bebenthing bermana nuli sigra tandhang

20. Angapur sekar komala
pinangka cundhuking istri
ya mas dalem Pamuragan
kang dipun gegeling sari
malengos sang sudewi
kang sekar sampun cumundhuk
ing rema tanpa sangkan
dupi den gerayang yakti
sekar sampun wonten ing gelung sang ratna

21. Sigra binucal tan kena
paliket ana ing weni
njerit sang Rara ing daya
duga pinethak kang weni
binucal ingkang sari
sarta rambut kang kabubut
enggal sang Ratna musnah
nukma ing sajroning sari
sang Karangkendal wus dadi tawon kumbang

22. Sadya angisep kang sekar
marani sarining wangi
sang Rara tangginas medal
saking kembang ika nuli
nukma ing mendhung aglis
kang ngemu riris ing duwur
Pangeran Karangkendal
ika sampun dados angin
sadya sumilir maring mendhung ing mega

23. Sang Rara gupuh amesat

saking mega anjog maring
sagara wus dadi toya
Pangeran enggal tumuli
dadi ombak uruhing
anggebyug awor lan banyu
sang Rara mesat enggal
nukma ing damar tumuli
Pangeran Karang sadya ing sumbunira

24. Amesat malih sang Rara
lumajeng dipun tututi
Pangeran angundhang-ngundhang
kang sanak dedali putih
wis prapta ika dadi
tumut amburu sang ayu
kasemeke sang Rara
wus kasambut dening paksi
nulya ing kana sang Rara kraos kandhapan

25. Dadya lumajeng ing arsa
Syekh Bentong den pepoyani
kula ing mangko kasoran
punika dening sang wasi
angawe pasanggiri
samangke nun kapripun
Syekh Bentong aris nabda
ora kena wus pinasthi
takdiring Hyang Widi gawe sayembara

26. Ora pati-pati kula
amangun ing pasanggiri
yen mboten kinarsakena
dening Pagusten Hyang Widi
sampun asalah tampi
raka jeng jandika sukur
maring aja wajala
ingkang adat Mahasuci

ingkang kawasa wangun sakarsa-karsa

27. Sang Rara njerit karuna
sang Karangkendal wus prapta
sumandhing ing arsaneki
kasemek mpun dipun wangking
den enggo ya bebenthing
semune ngetokna unggul
ing jayanira layan
kang sinedya pusti-pusti
Syekh Bentong nabda iya ora kayaha

28. Takdiring Pangeran ingkang
amurba jagat tumuli
ndika ingkang anthuk karya
tatapi sabar rumihin
antosana samendhing
mangke ing sarawuhipun
Aolya saking Arab
ingkang nami Sunan Jati
ingkang bisa anjaksani maring ndika

29. Rehing lumuhe sang Rara
apa karsane sang Wali
muslikhahe kaya apa
kula maksih dereng nampi
lelara kaya iki
mbok manawi luput isun
amaksa wong kang kang suka
manawa Susunan Jati
reh punika panghuluning Wali Jawa

30. Kados ing mangke tiasa
amutus perkara iki
dupi kula dereng bisa
amutus mbok bilih sisip
batine kula ajrih

maring Gusti Hyang Agung
sang Karangkendal dadya
kampo ing jiyad sang yogi
ngontog-ontog karsane ageh weruha

31. Ika tah Aolya Arab
aja gemen isun mati
yen adurung kalakona
kalawan wong wadon iki
Nyi Panguragan dadi
berag esmune kadulu
amiyarsa samiya
ujar kang dereng tanjiji
lintang langkung sukure Nyi Panguragan

XXIX. KINANTHI

1. Mangkana carang nemlikur
saking pang Carub Kandhaning
Raden Said suhudira
anglalana ing jaladri
remen paparaon nawang
paesan ingkang sajati

2. Akeh wong prau anungsung
tabaruk aminta saking
akehing iwak sagara
ing kana pareng pinanggih
kalawan Juragan Ila
saking Japara kang peri

3. Iwak akehe sing laut
punapa malih kang siwi
ingkang nama Kyai Baya
tan liyan pinundi ngati
amungan akeh ing iwak
tinedha rahina wengi

4. Kadiya juragan nebut
sapa bisa anekani
samangko akeh ing iwak
pasthi mangko sun bateni
anak wadon isun pelag
si Rara Maningan mangkin

5. Adan ika sang asuhud
nyebar jantung ing jaladri
dadi sawarnaning iwak
juragan suka ing ati
ngaturaken putranira
marmane sang Sahid Krami

6. Kadi daratan kagayuh
ing sagara irig-irig
caremipun ing Japara
teresnaning laki rabi
sami sareng angumbara
angambah luhuring wari

7. Kadi daratan kagayuh
ing sagara laki rabi
sang Sahid wus paparab
namanipun Sida Brangti
anuju pulo Malaka
ing madrosah Datuk Solih

8. Datuk Saleh sampun weruh
yen ika wali sejati
sang Datuk ika wacana
ki sanak kaula titip
sadulur ndika kang ana
ing Bungko Syekh Lemahgeni

9. Mbesuk jandika wewuku
ndika tuntun ing sejati
ndika sareng lamon salah

kasrah kula suka ati
gebugen yen salah besar
nadyan dumugi ing pati

10. Sampurnakena satuhu
karana ya pecil mami
rada amblasar tan kongang
mambu pitutur ngayogi
wus masa bodhowa ndika
aning Jawa ndika titi

11. Seda Brangti sabda nuhun
barkah rama nuhun idin
kaula lampah nastapa
hayang guru Saleh nauri
insya Allahu Taala
sang kalih soma apamit

12. Angirangi mangan turu
natkala ana sinaning
dhahar guling tiba lemah
dhinahar tan salah kapti
datan saandhaping yasa
kasukan kabucal mangkin

13. wus tinadahan anginum
ing ati angasih-asih
kawelasana kawula
kasihing satuhu ambrih
ngetu minta wari ika
ing kapan olihe singgih

14. Tumuli ing pulo nusup
sang Liman alas pinanggih
anggoda mala ing dalan
sinambut sang Seda Brangti
anguntukaken ing tawang
ing unda-unda tan kenging

15. wus tinuju pon aluput
tinetel tan kena ugi
prasasat kang wawayangan
isnapar estu jinating
kang khayun kalawan bapa
sang Esthi liman anjali

16. Mapan dhumateng kang rawuh
lunta lampahe kapanggih
wong tapa sampun taunan
ragane kawiletan ing
oyod remane apanjang
Seda Brangti tanya aglis

17. Sinten tinilad rumuhun
lampah mboten kuris-kuris
rema kantos sapunika
sangli ningal amangsuli
cukur maning yen kaura
lagi sapocapan iki

18. Pira adoh ndika lan sun
kalangan kang sun ulati
ing sedya kaya upama
sang Ayu putri uning ing
minging neng sajroning tilam
pepek ing pangadi-adi

19. Sing sapa sadya apupul
tan kena amali kapti
sang seniptan singgih nulya
pamit arsa tapa manggih
ron abocem pan kawuryan
pan barmar anginep sari

20. kalebu ing jeru banyu
atemah ngemasi pati
dahat lungiding paningal

bebendhuning Hyang kang maring
tawon imute sang Barangta
ing tampah kang wingi uning

21. Dadya atapa alungguh
ing Karang pringgah tuwuh ing
tigang sasih laminira
nuli ana ejong prapti
bandegane ngungsi toya
amanggih sang Seda Brangti

22. Tatanya nakodanipun
Seda Brangti amangsuli
catur kandha sal pinangka
sarta arah nunut mulih
maring Jawa wus sinukan
ing prau mpun lumaris

23. Dumugi ing Jawa sampun
tedhak ing Muara Junti
emut wau kang pitungkas
Datuk Saleh apan titip
sang Seda Brangti ing kana
menggihi Syekh Lemahgeni

24. kang lagi atapa turu
ana ing pucuking ari
wus manglung dhewek ing andhap
mangkana kang lagi guling
sang nendra lali ing ripta
wus adoh angimpi eling

25. Wulu kesite den bubut
anjumbul sigra atangi
ing kana wus kinidungan
eling-eling kang aguling
aja lali-lali nendra
wong turu adoh kang asih

26. Alung carema ing gunung
Careme ngkin manggih sih
sihing Hyang kang angandika
Syekh Lemahbang lemes kapti
kadi lare tinuturan
wekasan nurut ing wisik

27. Dadya malumpat ing gunung
lir kadi gebyaring thathit
sanalika uwis prapta
Syekh Lemahbang maring ukir
Seda Brangti ingkang lunta
ing Carbon sampun kapanggih

28. lawan waliyullah Datuk
Kangjeng Lana Syekh Magribi
Syekh Datuk pon ya uninga
yen ika wali sejati
kang nembe rawuh ing arsa
sedhane kang angayogi

29. Katuran carem ing gunung
Careme tuwan rumihin
benjang panusul kaula
pedhek sangkep maring wali
sesanga ing nusa Jawa
kaula kang angiringi

30. Molana Magribi manthuk
pan sumedya amupakati
karsane sang Seda Brangta
apamit wus sinukani
mangidul kalih kang garwa
tetapa ing pinggir kali

31. Anggene anjaga turu
ana ing uwot malangkring
yen ngantuk kalebu toya

wungune tetingal malih
mangkana lawan mangkana
salamine tilar guling

32. Milane benjang sinebut
Dhepok Kalijaga benjing
genya tapakur istigal
kang putra lara anangis
angeli angga lir pejah
ika sang tapa anuli

33. Sigra kesah anjajaluk
tigang lawang datan olih
kang aran desa Larangan
gumedhe kaluwih-luwih
datan ningali tetiyang
sang tapa tumuli dadi

34. anyipta sandhangan bagus
tumuli arawuh malih
mring enggon kang jinalukan
sigra padha den ajeni
dipun gelari kelasa
wus linggih sang tapa angling

35. Kula mboten njaluk suguh
kanggeya kula pribadi
amung wonten ing sakadar
kangge pecil kula nangis
patutipun ngelih mangan
sang ingujaran ling aris

36. Suwawi jandika mundhut
barokah punika maring
yata wus berangkasena
sang tapa sampun apamit
sandhangan bagus tinilar
sabdane pamales kami

37. Marmane ika karuru
yen ika wali utami
sareng manthuke sing kana
padha den adhang ing margi
dening gegering bebriman
dadi ika wus paparing

38. maring wong kang jejaluk
sang tapa lunga wus prapti
ing kana sampun kapundhak
Pangeran Alas wus paring
sidekah sekul idhangan
ika walesing HyangWidi

39. Rejeki kedhik den luru
dening gegering ing margi
atuduh iklas ing manah
welase gusti HyangWidi
tikel satus dadi suka
kang putra tuwuk anedhi

40. Sang atapa datan ayun
dahar turu pepek ngati
manawi mbok ingurupan
ibadahe lawan tedhi
lung basa masiya ina
ing pasar awade welit

41. Pangeran Makdum kang tuku
sedya kirang ingkang regi
sang tapa karsane endah
tukunen reregan kadi
reregane lagi murah
lah ika karuru ing

42. yen ika wali satuhu
kang wanter amasuh ragi
siang dalu tansah taat

anut inggeking agami
sakathahing pakoning Hyang
iku ingkang den gugoni

43. Nyingkiri cegah Hyang Agung
sanget angeker sagunging
napsu ingkang bangsa setan
kang mawi bataling wali
punika kang den ajaga
ing siyang sinambung latri

44. Asmara sang awiku
saya ngubuhi birahi
dhumateng Hyang Mahasukma
tan kena kongkulan dening
sasamine kang agesang
geseng kaya luhur dadi

45. mantep abadan Hyang Agung
saciptane anemahi
kasebut ika sanyata
maha yekti Lepen-jagi
waliyulah kang utama
kawartos ing Majapait

46. Yen iku putra Tumenggung
Wilatikta sapuniki
sampun dados panandita
dhedhepok ing Lepenjagi
Rakyan Tumenggung percaya
dhateng kang putra ngamini

47. Suka milu Islam isun
sakadar pinangka iki
cacangkok kang Wilatikta
den pasrahaken ing kang siwi
Ratu Majapait rempag
anetepaken paparing

48. Kandaga lawan pepayung
maring yakti Lepenjagi
lan jinungjung kalinggihan
sinebutaken pernami
Pangeran ing Kalijaga
sihe Ratu Majapait

49. Ing Kalijaga alungguh
anging cacangkok wonten ing
wetan ing Katemenggungan
Kawilatiktan ing benjing
kang sinebut ika desa
Adilangu mapan tunggil

50. Nanging salamining tuwuh
Pangeran ing Kalijagi
karemene nyulusupan
lampahe nyamur amambrih
angatogaken maksiyat
angumpetaken kang bukti

51. Pan dadi dalang gembyung
ana maki Seda Brangti
ulahe yen abebarang
ika mung kalimah kalih
singa gelem ngucapena
ya dadi tanggapan nguling

52. Sakedhap andalang pantun
ing Pajajaran pan dumadi
akeh Islam adonggapan
katelah dalang Pakuning
sakedhap andalang wayang
maring Majapait dadi

53. akeh Islam dening iku
katelah dalang anami
sang Koncara Purba ika

tanggapane mbari gampil
mung muni kalimah sadat
dadi akeh sami muslim

XXX. ASMARANDANA.

1. Carang pitulikur saking
epangipun Carub Kandha
amatur ika sang Anem
bakdanipun saking Mekah
anuli mlebu beat
maring guru ingkang agung
kang nama Syekh Ataullah

2. Wali nagara sadili
sinung talkin lawan tirat
Ngiskyah lan Naskibandyahe
wus katrap ing lampahira
wus pinaringan nama
Sayid Amarullah iku
ing sandhing Ki Syekh Atullah

3. Amarullah wus apamit
lampah anglalana nyabrang
ing ngarsane guru gedhe
Datuk Sidik ingkang lenggah
ing Paseh ginuronan
atutug ing bangsa guru
bab wirid lawan wasiyat

4. Wus tulus wuruk sang Sidik
sang Amarullah tinitih
ngulatana guru sejen
ingkang dadi amuwuhana
pangawruhe Ki Sanak
Amarullah pamit sampun
nyabrang wus manggih pandita

5. Datuk Bahrul ingkang nami
kang mulang lampah nastapa
sang Amarullah ing kono
sinembadan sira beat
sugul lawan silsilah
sampun putus ilmunipun
Datuk Bahrul ginuronan

6. Ing kana sang Anem ngimpi
karawuhan Rasulullah
anjatiwara sabdane
sedeng sira angajawaha
lan aja turu sira
yen ora ika kumudu
lan sira aja amangan

7. Yen ora sira angelih
lawan aja ngimun sira
yen ora dahaga ngongok
lan den aris yen rarasan
paningal den jatmika
gaweha perenahipun
sakabeh ati manusa

8. Tumuli sang Anem nglilir
matur ing guru pamitan
sadya ngajawa lampahe
Uwis sinukan ya sira
awit sing Ujungbarat
natas mring wetan ketemu
Syekh Bentong aning Karawang

9. Nyi Mas Panguragan njerit
ningali Oliya Arab
Pangeran Karangkendal wuwuse.
sujud anyungkemi padha
mring Syekh Amarullah

cinegah jajaten lulus
kang sarta den undhang raka

10. Dening Amarullah jati
uning sajroning winarah
dadya miyos kandikane
he raka ing Karangkendal
mangko ndika percaya
maring kula kang saestu
pasthi jodhone andika

11. Lan Nyi Panguragan iki
tatapi ora aneng dunya
pasthi benjang ing akerate
ing dunya sampun sumelang
tumbehena manira
mbok wonten ingkang angganggu
Allah uga kang angraksa

12. Langgeng parawane saking
dumugi maring akerat
putuse kang weweh jodho
Pangeran ing Karangkendal
tengtrem manah percaya
Nyi Panguragan lastantun
seger manah purwaita

13. Syekh Amarullah apamit
kesehipun ngidul ngetan
mring Gunung Gundhul puruge
katemu ana ing kana
Syekh Mudakir kang sadya
ginuronan datan purun
wus uning yen waliyullah

14. Kang utama ing utami
gadhang waliyullah akbar
Syekh Mudakir panabdane

ing wetan wonten Aolya
agung tur kang pinangka
dadi sepuh-sepuhipun
Aulya senusa Jawa

15. Nama Sunan Ampel Gadhing
sayogya mulang ing tuwan
karuru dening sepuhe
sasanese sing punika
sami anem sadaya
tan sayogya lamon muruk
dhumateng diri panduka

16. Syekh Amarullah wus pamit
anglalana ngetan nduga
maring pamulangan Ampel
Sunan Ampel wus uninga
yen ika ingkang prapta
waliyullah Arab rawuh
kang ibu asal Pasundan

17. Ing kana winuri-wuri
ing piwuruk lan wasiyat
tutug nggenipun mengguron
ing pasantren Ampeldenta
wus pinanggih ing kana
berjamaah para luhung
pandita para pangeran

18. Sang Pangeran Lepenjagi
miwah pangeran ing Bonang
lawan Pangeran Majageng
panor Pangeran Darajat
kanthi Pangeran Alas
sarta ya pangeran Makdum
kanthi Ki Pangulunira

19. Miwah mahayekti Giri
Syekh Bentong lan Syekh Lemahbang
Molana Magribi ngkono
nuli Sunan Ampel Denta
nabda sira kabeh wruha
yen iki kang nembe rawuh
kang gadhang pangulunira

20. Panguluning wali Jawi
dupi ratuning Aulya
Jawa yaiku yaktine
putranisun aneng Bonang
idhepen ika dadya
pangarep sabrang alaku
dupi putra Amarullah

21. Pangarepe hal agami
krana iku luwih mundhak
kapareke ing Hyang Manon
sedeng ndika Amarullah
ngulon wangun agenah
kapanditan Gunung Sembung
wilayate rama uwa

22. Sunan Renggah Cerbon mangkin
yen uwis uning andika
tangtu sasrahan purwane
ndika margi sing sagara
mangko ing riku mendhak
wong satus bade angriyung
lumayan ngge rencang gesang

23. Syekh Amarullah wus pamit
amargi saking sagara
amanggihi larung katong
parau pinayung raja
nenggeh kuburing raja

Keling yen mati den larung
papatihe lagi jaga

24. bidhak satus kon tut buri
ing kana wus pinedhekan
dening sang prawira Anem
Patih Keling kinen Islam
ngidhepa maring ingwang
ikulah tinggalen larung
apa gawene tinonggonan

25. Patih Keling amangsuli
mangke kalintang kaula
yen mpun wonten kirimane
Raja Keling kang agesang
datan wande kaula
ingungsed sampe ketemu
lah tuwan dados punapa

26. Dados ngilari bilahi
Syekh Amarullah anabda
sun tanggung pati uripe
supaya sira sahadat
sakanca baturira
Patih Keling wus anurut
wus Islam sarowangira

27. Tarub larung den buraki
padha den usung ing darat
ing gunung Sembung puruge
ingadhegaken ing kana
gumawang kang pinangka
petani sang adi luhung
ing Gunung Sembung rinengga

28. Kang wau wus den arani
dening Sunan Renggah sayah
Linggar Nurmanik jenenge

samangko wus lininggihan
dening Syekh Amarullah
wong asal krawang kang nunggu
padha kaget dening ana

29. wong Arab tur luhung wali
alinggih ana ing arga
bari wong satus bature
ngadhegaken sayah anyar
tan nganggo ngalap suka
bari kiwa wus sinebut
namane dening kang rewang

30. Syekh Molana Gunung Jati
yata kang tunggu payasan
lumajeng matur tan suwe
maring sang Suhunan Renggah
mesem Suhunan Renggah
semunipun sampun rawuh
yen ika kang kaponakan

31. saking negri Mesir prapti
gupuh kulawarganira
pinanggih sadaya ike
putri Pakungwati lawan
Pangeran Carbon malah
kang mertua Kaki kuwu
Carbon angajak sowanan

32. maring kang ponakan wali
sadaya sampun amiyang
ing Gunung Sembung puruge
Syekh Molana wus uninga
yen saka ing karabat
dawil arkam sami rawuh
sampun sami sesedhepan

33. Sunan Renggah temah angling
katur sakathahing bawa
kawibawan praja Carbon
nadyan gugat waris kula
ing sasirnaning rama
pancer lanang nanging iku
sampun dados suka kula

34. Kang putra kang ngaratoni
kula ingkang ambagawan
Syekh Molana wangsulane
maksih tanggel lampah kula
maksih remen ngumbara
dereng jengjem kula lungguh
wonten ing satunggal pernah

35. Yata kulawarga sami
sadaya wus manjing beat
dadi kang kuwu Carbone
mampet pajeg trasinira
ing gusti Pajajaran
kaget manahe sang prabu
Siliwangi ningal teja

36. Lor wetan ngadheg tumuli
animbali papatihira
kinon amariksa ageh
yen ana tejaning apa
sumong aneng ngawiyat
sang patih amintar sampun
ambakta satus prawira

37. Ngalor ngetan den tututi
den ingok sing Kalitengah
kyan patih adan candhake
yata tejane manusa
agung inga batara

aning puncak gunung Sembung
sadya den unggahi padha

38. Lumpuh kabeh aning siti
pataunan wus narambah
sang Patih Keling gereta
amanggihi kapatihan
kang saking Pajajaran
sadalu pareng ing isuk
Molana Jati tumedhak

39. Bala Sunda sami nangis
tobat ing arsa Molana
aglis dening kandikane
yen sira arep waluya
nuruta piwurukisun
kang aran kalimahsadat

40. Yata persami ngetuti
Islam sang patih kalayan
ponggawanira kabeh
dadya kalelep ing kana
ing ngarsa Syekh Molana
gusti Pajajaran agung
kroda manahe sangsaya

41. Syekh Maulana tumuli
leleding medhek maring sang
Pangeran Makdum karsane
ginuronan datan karsa
angleng tuwan leleda
ngilen manawi anemu
kang dados lejaring manah

42. Sang Syekh Molana Jati
mider-mider ing Babadan
anuju ing pepetetane
Ki Gedheng Babadan rusak

alum aking petetan
Ki Gedheng Babadan muwus
sapa bisa marasena

43. pepetetan isun iki
teka tinemu waluya
padha saiki sun gawe
mantu lah uwong punika
sareng pragat sabdanya
Syekh Molana prapta sampun
segere kang pepetetan

44. Ora mangko-mangko maning
waluya padha sadela
Ki Gehdneg langkung hormate
maring Syekh kang nembe prapta
wus binaktenan garwa
istri pelag putrinipun
Kyai Gedheng Babadan

45. Marmane Molana rabi
kang nami Nyi Mas Babadan
kinasihan satuhune
ananging Nyi Mas Babadan
mboten miyosaken putra
gabug ing palaminipun
ngawula ing Syekh Molana

46. aneng Sembung wastaneki
puseripun bumi Jawa
malah katelah ing akeh
patapan kang ingaranan
Puser Bumi kang nama
winuri-wuri ing sekul
manusa ing tanah Jawa

-----o0o-----

XXXI. PANGKUR.

1. Carang wolulikur epang, Carub Kandha carita Siliwangi, Pajajaran sang Ma Prabu, bendu mring pra sentana, jejel tanpa selat ing ngarsa sang prabu, para eyang para sunan, tumenggung para bopati.

2. Saweneh kon Pajajaran, sami kempel pinaringan apaksih, pangandikanipun sang prabu, sira den becik karya, ing wewengkonira iki bagus, becik padha siyagaa, sakathahing pra bopati.

3. Tan dangu anulya prapta, patih Pakwan sarta ambakta tulis, saking Syekh Molana wau, cacangkoking kang surat, eyang Prabu sumangga katuran sujud, maring Allahu Taala, malebet agama muslim.

4. Eman eyang yen tan Islam, swarga adnin sinten kang anunggahi, yata ing kana sang Prabu, sareng miyarsa serat, ngarti sakedhap ngandika arsa tumut, malebet dhateng Islam, supados wonten tedhaking,

5. tumurun sing awang-awang, yata ingkang Susunan Purwakalih, ageng aluhur anyandu, sang raja yen Islama, tumut agama bosok beda saestu, tanpa guna gawe jimat, turunan ya sada laki.

6. Wus ageh panjeren ika, sada lanang aneng tengah-tengahing, alun-alun adan gupuh, sareng den panjer dadya, sakehing wong bodho padha tan kadulu, dening wong pangawak Islam, nadyana wargi sang aji,

7. yen kang Islam dadya pisah, tan melu ing pameradan sang aji, mpun kantun samya kapaung, kadi pithik kelangan, sagenahe tansah dadi rubang-rubung, kadi bondan tanpa raja, kebek gelantungan kari.

8. Ingadhep anyaring sastra, kawuwus sang Prabu Siliwangi,

sarta kulawarganipun, nuju ing malem Jumat, sami bubar nanjak ing gunung padha mpun, sarya ngemban putrinira, kang nama Purwatasari.

9. Ngasi jasi lampahira, ngidul ngulon ika wus nanjak maring, kang aran gunung gumuruh, ingiring gunging hamba, warga sanak putu kang sami sakutu, ingiring para setan, sang maraja banaspati.

10. Den papag ing para dewa, para widadari upsari, nasara penuh adulur, warnaning kang mapag, upacara umbul-umbul kulit lutung, kombala buntuting singa, luweh rontek wulu eri.

11. Kandha kulit uwa-uwa, tumbak jankat bahunira abecik, payung agung kulit maung, balereng buntut jalang, sinjange sutra kahyangan lawan kampuh, sutra diwangga mulia, surak rame kulawargi.

12. Panggayuhe ngalor ngetan, mabur kahyangan swarane antari, ing awang-awang gumuruh, Siliwangi wis merad, ngadaton tanpa enggon sirna sumurup, ing kahyangan ramanira, Prabu Galuh merad dhingin.

13. Leluhur kang kuna-kuna, padha sumurup mageng alam sasih, ingkang aneng jero laut, saweneh jroning tlaga, saweneh srengenge wus padha sinujud, dening kang lintang salaksa, saking dunya wus agoib.

14. Pajajaran anggulendhang, tanpa isi kadaton kosong sepi, ingkang padha kantun larut, andum sagenah-genah, krasaning ati sapa ngalor sapa ngidul, kantun bopati kewala, tan ana kang ngeratoni.

15. Iya sote nama Sunan, ing Telaga tan kaya Siliwangi, jar namung tumenggung iku, punapa malih ingkang, nama prabu amung sabopatinupun, tan ambawa nata besar, mangkana putri sawiji.

16. Kang paladara lumajar, sekel manahing kandhangan sang

aji, sanget dening ngentu-entu, maring sang Rarasatang, temahe numpuraken maring sang ratu, dewa uga kang uninga, muga walesana benjing.

17. Aja timbang tawang-tawang, sandhangan sekel lara ing ati, Pajajaran duga suwung, sang putri Radamala, malah maring jeng Ajar sakarsa nengguh, kang lungguh ing Gunung Padhang, sinungkeman den tangisi.

18. Wus den gondel ing prakara, Ajar sakarsanira wus njateni, babu nini sira kudu, mantepa tetepa, ing sore pucung kerambatan suru, oliha salawe warsa, yen mbesuk wus anibani.

19. kuliyang suru punika, panganen mbesuk sira dadi garbini, duwe anak wadon ayu, nama Tanduran Gagang, ika mbesuk dadi lare rara wuduh, marmane ika ing benjang, den dol ing praja Welandi.

20. Walanda kang dugi guna, bisa combana lan ika putri, dadi anurun tumurun, pon ya turunira, mbesuk kang bisa males ing anak putu, maring Nyai Rarasantang, walanda besuk ing buri

21. dadi salading nagara, bisa angereh angratu ing nusa Jawi, anyirep Ratu Sinuhun, pon nyata turunira, asale putri Rudamala nggal sampun, miyarsa pan jatiwara, ya Ajar sakarsa mangkin.

22. Dadya lunta atatapa, anglakoni sawisike sang resi, atapa sasoring suru, wus windon ataunan, ingkang kocap malih gantiane tutur, sang adipati Cangkuwang, kang pedhek Kuningan mangkin

23. Pon ya tedhak Pajajaran, malem Jumat wus sira marimpeni, lamon ana ingkang rawuh, ana ing pasupenan, anjateni yen sira arep satuhu, langgeng datan kenang rusak, ngupayaha sira mangkin

24. rebon wadon rebon lanang, kang sajodho olihira pribadi,

anglalana aneng laut, tutug kang jatiwara, Dipati Cangkuwang ing sawungunipun, nabda ing papatihira, kang nama pepatih Kering.

25. Isun mau anyupena, ana kang nari yen sira amambrih, ora rusak sampe sepuh, sira angupayaha, rebon sajodho istri kalawan kakung, kudu olihe priyangga, amet sing madyaning tasik.

26. Lah saiki ayoh kita, padha maring ing sagara ngulati, ingkang kadi impen wau, manawi pinaringan, lan karsaning dewa anuli katemu, olih gawe isun sira, bareng mati bareng urip.

27. Ana dene ariningwang, kang masih wuwujang sadya sun titip, titipaken ing Hyang Guru, Syekh Bentong ing Karawang, patut ika mokal yen arsaha dudu, kaya mangsa akesaha, ing lampah cidra sathithik.

28. Percayane atiningwang, si Kawunganten lah ayuh kita atitip, titip ing Molana Guru, ana ing Kabentongan, padha kita budikaken cangkok dhusun, parek Ciasem ing kana, darapona aja tebih.

29. Patih Kering aturira, sumangga ing karsa dalem pon ngabdi, sumedya mangke anglebur, tapak paduka Arya, adan sampun Ratu Kawunganten ayu, tinitipaken ing Krawang, lawan renet suka ati.

30. Tumuli Arya Cangkuwang, angengisik nuli mlebeng jaladri, kalih patih apaprau, ngupaya kalih supena, takeran taun kambang ana ing laut, Patih Kering kongsi nilar, badane kering melinthing.

31. Agagang aking katisan, ing srengenge ana ing jaladri kasigeg kang aneng laut, ki patih Pajajaran, kang wau pinutus mapan sampun wangsul, ing arsane Syekh Molana, guru agung ukir Jati.

32. Aturan yen tanpa kangsal, damel eyang dalem berad beresih, sampun dados kraton suwung, makaten ingkang adat, Ratu pulo Jawa yen amanggih pakewuh, nunten merad anyiluman, tabeate ingkang dhingin.

33. Dados parahyangan sira, muwah para prabu para Bopati, pecat burak ngalor ngidul, anut sasukanira, sami darbe kawasa mandiri tuwuh, sewang-sewangan tan ana, rajane kang angumponi.

34. Syekh Molana angandika, rama uwa sayogya anyumponi, ing Pajajaran angratu, anggentosana rama, Sunan Renggah sabdane kaula nuhun, yen jumenengana lendha, mapan dados kula kaping

35. Damel atur kula iya, saking wau karsa ing putra yogi, sagesang kula atumut, ngawula ambagawan, ing wau kasrah Pajajaran kang wau, anguwoni ing kasundan, sumangga kula lumiring.

36. Wus rempag karsa Molana, Sunan Renggah den pacek anguwoni, aning Pajajaran wau, dupi kang pedaleman, dalem agung Pakungwati sampun katur, maring Kangjeng Syekh Molana, ing Pajajaran kang sandhing

37. masjid alit mungguh wetan, kang pinaksa patanine kang wali, durung ana masjid Agung, durung ana nagara, karana Syekh Molana dereng ngadheg ratu, masih alungguh pandita, ing Carbon ing Gunung Jati.

38. Ki Gedheng Jati wus prapta, ambaktekaken putrine kang nami, Rarajati ingkang estu, putri ingkang panengah, Syekh Molana wus tampi paningkahipun, careming jatuh akrama, wus miyos putra kakalih.

39. Sanunggal ingkang anama, Jayakalana putra Molana Jati, sanunggalipun sinebut, nama Bratakalana, ya mbesuk kang seda ing madyaning laut, Gedheng Jati kamartuwa, dening Syekh Molana Jati.

XXXII. MIJIL.

1. Carang sangalikur saking panging, Carub Kandha ingwong, nata Mesir pon iku tedhake, Rasulullah ingkang asiniwi, Patimah nedhaki, Kusen kang sesunu,

2. Jaenal Abidin kang amutrani, Syekh Jaenal Kubro, miyosaken Jumadil Kubrone, apaputra urudah sang haji ing nagara Mesir, nuli asesunu,

3. Raja Mesir malih kang anami, Utara sang katong, mangka peputra kekalih nenggeh, kang sepuh estri ingkang anami, Rara Dampul puji, terus ingkang jalu,

4. kang nami Jaka Undung pinuji, sakalihe kang wong, remen ngumbara laku tapane, dupi mulat ngetan aningali, teja kang linuwih, pinurugan sampun.

5. Kapanggih wonten ing Puser Bumi, tejane sang kahot, estu sadherek misane dhewek, kang anama Maulana Jati, Rara Dampul angling, he Molana Guru,

6. teja tuwan katingal ing Mesir, marmi kula anor, meriki nejaba sedya bae, nedya wiyataken badan mami, kacangkinga dugi, ing akerat besuk.

7. Molana Jati riri mangsuli, he sira nyi wadon, isun tampani sapadayane, pasthi sira dadiya sawiji, ing akerat benjing, ing dunya aja wruh.

8. Aja kawruhan yen sira dadi, jatuh kramaningwong, katingala babuningsun bae, katelaha ingkang angarani, maring sira mangkin, Nyai Babu Dampul.

9. Babu Dampul tarima ing kapti, ing kana sumanggon, ing Linggar Nurmanik salamine, dupi Jaka Undung kang tumuli, maring Ampel Gadhing, nyantri maring guru.

10. Lami-lami katingal abecik, Jaka Undung dados, dimet asih dening Sunan Ampel, pinanggihaken dening akrami, lawan wayah saking, putra estrinipun,

11. nama Nyi Gedheng Malaka kang wis, wau angsal jodho, Kolipah Kusen loro putrane, sami istri ingkang winastani, Nyi Sariyah mangkin, Nyi Bulis kang wruju.

12. Bulis iku kang gadhange benjing, tangtu angsal jodho, lan Raden Patah ingkang besuke, dadi sulton ing Demak nagari, dupi Nyai Sari, jodho Jaka Undung.

13. Mula si pinarigel tumuli, sinungan cacangkok, iya kuru rusaking garwane, aduwe minta cacangkok Tubin, nanging krasan linggih, ing nagara Kudus.

14. Jaka Undung mandita ing bumi, Kudus lungguh jodho, lawan Nyi Sariyah dumugine, apaputra Rahadyan Patikin, yaiku kang benjing, nama Sunan Kudus.

15. Sataun Jaka Undung abecik, sarta trahing kahot, sareng kapiyarsa awartose, ya maring sang Ratu Majapait, nuli den paringi, pok lante lan payung.

16. Sarta dipun sengkakaken nami, ing wong kang ginuron, Pangeran Undung ing panjenenge, ya pasihan Ratu Majapait, durung uwis-uwis, salamining tuwuh.

17. Mangka cinaritakaken Syekh Jati, sadya nyamar amor, kalawan bidhak ing sawancine, medheki Kuwu mring Sangkanurip, kang ing kana lagi, mahat arinipun.

18. Sinabdan perkara arep beli, glis kabeh kang lodhong, karana saking deres lahange, Gedheng Paderesan amangsuli, iya arep pasthi, kaperipun kudu.

19. Syekh Jati nabda kudu lumiring, wurukipun ingwong, kang anama sahadat arane, sang Panderesan wus lumiring, tama ika dadi, mampet lampahipun.

20. Dadi sewot Ki Gedheng tumuli, cangcut arah nabok, maring Syekh Jati dadi lumajeng, den bebeledhig banget dupi, uwis kesel lumaris, Syekh Jati amuwus,

21. Ika tetelar delengen dhingin, aja pijer sewot, wong mahat pon ya kasil pambrihe, iku uwis datan susah kari, tegepa ngluroni sareng den dinulu

22. Ki Gedheng maring tetelar dadi, dinar bae katon, condonge pamburune Ki Gedhe, angluroni dinar ya dumadi, Syekh Jati lastari, pamalajengipun.

23. Dupi wus tutug kang turuneki, kandel dinar mlongo, Syekh Jati wis tan kruwan puruge, lah ika parmilane adadi, ing mbesuke iki, ana den sinebut,

24. condonge Ki Panderesan iki, ing dinar kang katon, lan maninge mulane mbesuke, ana aran Tegal Juwet yakti, dhuk mau kalaning, Ki Gedhe acangcut.

25. Yata ing kana Ki Gedhe apikir, lah ika ana wong, sanget ing samaneya tegane, sun pujani mugia ing benjing, anekani maning, mbesuk sun pepunjung.

26. Yata pinareng lamining-lami, Syekh Jati merono, maring umahe kaki Panderes, sigra padha den babakteni, pasugu kang adi aheng wus den atur.

27. Sarta den sembelehaken bibit, ayam kang amomong, lagi nganggremi maring endhoge, sabab kacarita yen gurih, den suguhaken ing, kang nembe arawuh.

28. Yata Syekh Jati amuwus aris, saderenge wartos, dadiya panggang ayam den ceweng, suwiwine wus den sumbadani, kenang apa iki, Ki Gedhe sumuguh,

29. ayam kang lagi arep nguripi, anak kang ing endhog, kaduga den sembeleh bibite, antara panggangan ayam dadi, kumeyak ahurip, den culaken mabur.

30. Munggah maring patarangan maning, Ki Gedhe agawok, tumon Molana Jati kramate, mapan bisa nguripaken kang mati, dadi sira ajrih, mantep suhudipun.

31. Iman Islam Ki Panderes iki, barkahe sang kahot, kawaskita yen Aolya gedhe, sawuse sami amadhep ati, Syekh Jati apamit, angengisik sampun,

32. nurut pinggiring kisik jaladri, wus manggih bupatos, paparaon kalih papatihe, pan cemeng badane alum aking, lagi lampah maring, madiyaning laut.

33. wus pinurugan dening Syekh Jati, lampahe sang kahot, ing sagara kadi daratan bae, amanggihi ya sang adipati, Cangkuwang kalih patih, Kering sihanipun,

34. He adipati sun sinabdanan, ndika dening ilok, maring impen kaduga awake, gawe papraonan dhewek ngulati, rebon jaler istri, atakeran taun,

35. Dadi tembung gawe ndika iki, tiwas badan loyop, ndika angartosana tegese, satuhune kang den arani, rebon iki nami, sabab mulanipun,

36. ibu kaula punika nami, Satang namining wong, sayakti tegese urang gedhe, kaula kang dadi urang cilik, rebon kang pernami, kula yaktinipun,

37. kang sanyata urang jaler inggih, estu awak ingwong, dhuk dipun wangsit ya dening impen, kinena sajatos kalawan mami, lumebeta maring, agama kang agung.

38. Hayuh andika enggala maring, lampah kula jatos, ing riku sami atiti mangke, pratelakna ilmu kang sajati, sang dipati aglis, manahipun kenyut.

39. Dadya andherek maring ukir Jati, iku wus mangguron, Ratu Cangkuwang lan papatihe, pan Patih Kering sampun persami, Islam kang sejati, karana Hyang Agung.

40. Ratu Cangkuwang wus den arani, namaning kahot, Pangeran Carbon Girang jenenge, wus sinaksenan punika kalih, rama uwa saking, Pajajaran agung.

41. Dadi kumpul aneng Gunung Jati, sakulabala wong, Carbon Girang sarta patihe, kaulabalane gilir gumanti, Patih Keling malih, balane wong satus.

42. Pangeran Carbon Nyi Pakungwati, wus kumpul neng kono, Kuwu Carbon gojag-gajig bae, mapan angrangkep angraksa puri, Pajajaran iku, minangka Kadatu.

43. Pangeran Kajaksan apa maning, sebane merono, karana Pajajaran asale, para gegedhen samiya bakti, angriyung Syekh Jati, miwah para Buyut.

44. Lami-lami Syekh Molana Jati, mapan ya sasaos, maring sakehe kulawargane, sira den padha angati-ati, atetunggu iki, kang Amparan Gunung.

45. Karana isun arep tetilik, sadulur sun enom, ing nagara Mesir lan malihe, maring ibu arsa angunjungi, krana wangkid Nabi, den kon awakingsun,

46. bakti maring uwong tuwa kalih, isun kari embok, ramanisun wus alam semeren, babu Dampul matur anututi, kula kados pundi, punapa lah tumut.

47. Syekh Molana Jati mapan mangsuli, aja sira mangko, melu aluk tungguwa neng kene, bok manawa akeh kang angawruhi, pandita pawestri, sing wetan mbok rawuh.

48. Iku den becik sira nemoni, sinabda apanor, ing wurine barkat dongane, Patih Keling dipun araspati, mbesuk ing sawuri, mbok ana tetamu.

49. Padha den becik sira nemoni, sangramanen kang wong, pamrihen drapon eca manahe, aja sampe duwe manah muskil, darapon nylameti, ing lampah rahayu.

50. Wusing Molana Jati weweling, enggal lampah ngulon, keplas ora kadeleng luntane, lampahing kang abadan rohani, kanyatan ing titi, uwis sigra asup.

51. Yata sawuriku maresepi, ing Nur Manik kosong, teja sirep tan kaya sabane, kulawarga ingkang jagi sami, anglangkungi saking, pangraksa pangrungu.

52. Angundhaki dhuk ana Syekh Jati, genya tunggu ing nggon, lir ta kang gilir genti sambange, jin Islam pan samya padha kemit, miwah kang dedemit, sami suka tunggu.

XXXIII. DURMA

1. Carang telung puluh saking Carub Kandha, anenggih cariyosing, para putra Bagdad, ingkang rumuhun kendang, kabendon dening kang yogi, ya Sultan Bagdad, putra sakawan siki,

2. kang lami kambang kampulan ing sagara, tigang kapal kang ngiring, isi kulawarga, dhuk nalika samana, sami agunem kang pasthi, esmu tan betah, gesang aneng jaladri.

3. Dadi gunem arah anggempur nagara, endi nagara kapir, ayun sinabilan, kabeh sasarap pejah, sabilillah kang den pambrih, ganjaran Allah, dohir batin pinerih.

4. Dohire yen menang pikanthuk boyongan, tur amadheg narpati, ing jero nagara, kang kaboyong punika, batine yen kalah jurit, anthuk sawarga, ing Hyang Janatun Adnin.

5. Satemene cipta para putra Bagdad, ingkang sakawan iki, sami kabehira, kapengen dadi raja, ing ngendi nagara kafir, arsa den rusak, kaprabone den ambil.

6. Rempug sami mampir maring pulo sebrang, aneling ing narpati, sarta balanira, sampun munggah ing tanah, Minangkabo kang den tilik, tekane praja, Minangkabo wus muslim.

7. Dadi ing kana sami bedami sanak, jarsi ika sang aji, Minangkabo tunggal, tedhak Jeng Rasulullah, ingkang miyos ika saking, Syekh Jatiswara, yata ingkang perapti.

8. Sami minanggrama layan kahormatan, estu den wuri-wuri, sinebut ing kana, Tuwan Tuwan kang Gadang, mila para raja dadi, padha tan ngundhang, pangeran ingkang nami.

9. Kang sepuh kocapa Pangeran Panjunan, karana ika saking, pambareping putra, Bagdad kang sami prapta, kang panggulu dipun asri, kalawan nama, Pangeran Saripudin.

10. Kang panengah istri sinebut ing nama, Siti Bagdad aluwih, kang anem sinambat, Datuk Kapid kang nama, karana ika kang sidik, nama pandita, sanes menggah ping kalih.

11. Ing Minangkabo lebet tiyang amanca, dening kajiwa bumi, datan kaparentah, ing nagara mardika, mardika sakulawargi, ana ing kana, ing Minangkabo puri.

12. Lami-lami nulya amanggih pawarta, yen aneng pulo Jawi, Buda Pajajaran, rajane kendang merad, dadi bopatine sami, aberakrakan, tanana kang ngimponi,

13. Dadya rempag putra Bagdad Ngajawa, menawi ika tuli, wong Sunda agampang, tinuduhan ing Islam, dheweke kang ayun sami, madhega Raja, ana ing nusa Jawi.

14. Arah nimbulaken sakti mangambara, darapon pula Jawi, padha ngestokena, yata sampun pamitan, saking Minangkabo Aji, sampun sinukan, sami layar Ngajawi.

15. Tigang kapal wus padha mlebu ngajawa, aneng pinggir pasisir, rawuhe sadaya, aneng mande Kajaksan, kagirigiri ngajrihi, ngebeki yasa, yata takon winakni,

16. Pangeran Kajaksan wus atur uninga, ing Pajajaran maring, Susuhunan Renggah, yen wonten putra Bagdad, sakawan prajurit luwih, ambakta bala, tigang kapal sayogi.

17. Karsanipun yen arah angimponi, bopati sunda sami, ingkang sami burak, punika kang sakawan, sedya ajeng angratoni, kagila-gila, pakarsane linuwih.

18. Sunan Renggah wangsulane iya endah, aja sira paduli, balik etutana, bae sakarsa nira, putra Molana Jati, ingkang kawasa, pan amberesi nenggih.

19. Mbesuk yen apaputra sang Maolana, yen mbesuk angrawuhi, saking bumi Ngarab, tedhak maring nalendra, karana kang sun pasrahi, nagara ika, pugeran kita sami,

20. Sawangsule Pangeran Kejaksaan dadya, ing kana angormati, ika ingkang nama, Pangeran Pangayunan, sakarsane den duluri, nanging mungakak, sarawuhe Syekh Jati.

21. Pramila dados Pangeran Pangayunan, ababak pan nagari, ana ing Panjunan, sakulawarganira, yata asal sampun dadi, Kadi nagara, ambagusi ing bumi.

22. Piyangkohe wus apa dudune ika, raja wangun isbat ing alit, lan wangun siyasat, ngangge sawenang-wenang, tan ana malang tumuli, wong Carbon padha, betarepan ing pikir.

23. Mbok manawa iya kuwen kang dumadiya, raja ing Pakungwati, Kuwu Carbon sira, dadya tan eca manah, sejen kidul ana maning, kang kaya raja, piyangkohe ngungkuli.

24. Iya iku Pangeran Makdum karana, wangun Kodi pribadi, kang liwat prayoga, yen samangko nagara, kidule pon ana maning, ing Kalijaga, pon ya Kodi Bopati.

25. Ing Darajat pon iya mangkono uga, ngarib idibi aji, ing Bungko pan ika, wartane ana jalma, punjul ing apapak maning, lah iki mung ta, endi kang ngadhang dadi,

26. Ki Syekh Molana Magrib nuli wawarta, ing Kuwu Pakungwati, lan nabda sawakca, he lanang Sri Mangana, aja waswas ja kawatir, kang dadi raja, karsane Hyang sayekti.

27. Kang wus ana ing Lokhmahmud ingkang serat, iki Molana Jati, kang gadhang dadi raja, ngimponi ing Kasundan, sanadyan akeh kang prapti, mung nggo warana, rame-rame ing sepi.

28. Kuwu Carbon wus teger ing manahira, datan arah kawatir, yata putra Bagdad, sampun mencar ana sakawan, sang Pangeran Saripudin, aneng Japura, sabalane angiring.

29. Kang katelah Pangeran Plangon kang nama, diri-diri ing wani, kendel para sura, wong Jawa sami nembah, sami wedos aningali, sang pinangeran, apa dudune aji.

30. Datuk kang ana ing Sembung madadya nata, iku Syekh Datuk Kapid, ingkang kumagungan, kaya ratu pandita, sabalane keh kang ngiring, angoyak-ngoyak, ati sang Patih Keling,

31. Babu Dampul lan Pangeran Carbon Girang, muwah sang patih Kering, kang padha ajaga, kang kagungan Molana, padha siyaga ingajurit, gaman sabarang, rehing sang Patih Keling,

32. sarta wong satus kawula warganira, dupi sang patih Kering, udira dinira, gagaman Pajajaran, kabeh jaga rina wengi, bilih manawa, wong Bagdad kumawani.

33. Maka Siti Bagdad ingkang madadiya, piyangkohira dadi, ratu wadon ana, ing Junti dhuk ika, Ratu Junti kang rumihin, manah salempang, betarepan manawi,

34. sanyatane bakal angereh Kasundan, yata sang Ratu Junti, kang akon pepoyan, ing ngarsa Syekh Lemahabang, punapa temah ing mangkin, Nyi Rara Bagdad, madadya aneng Junti.

35. Sabalane kinerig sawenang-wenang, angasab bumi Junti, datan ana warah, yen estu dhewekira, wong bener kudu piranti, aja kalawan, sawayah-wayah bumi.

36. Syekh Lemahabang ngandika he Rara Nata, iya iku angiseni, wong kenang upata, ing wong atuwanira, dumeh reremen kekirik, kalawan terbang, lah titenana ing benjing.

37. Mangsa tuli wong samono dadi raja, olih waris sing endi, anyakra Kasundan, pon dudu warisira, kajaba yen den pasrahi, ing kang kagungan, iku layak dumadi.

38. Atawa si yen ana raja kupar, iku ana sadhidhik, kongang den perwasa, dening kita wong Islam, dupi Sunda ing saiki, kang aduwe hak, wus dadi wong mukminin.

39. Sunan Renggah wus haji maring Betullah, sun rungu apa maning, wus den pasrahena, maring kang kaponakan, Syekh Molana Jati luwih, layak dadiya, raja ing Pakungwati.

40. Sinigeg ingkang sami tagyur ing manah, kocap ika tumuli, Pangeran Panjunan, sampun angalap garwa, putrine Ki Gedheng Jati, pangulu ingkang, paparab Nyi Rarangin.

41. Kadhange kang mau wus kapantha garwa, ing Syekh Molana Jati, dadi lebuhira, kaitung paripeyan, lan Syekh Molana Jati, wus dadi sira, Panjunan ingkang masjid.

42. Kinudhang-kudhang ika masjid kang kadhang, pacaremane wali, samana dhuk cipta, ciptane sang Panjunan, piyambeke kang ngimami, wali sadaya, kang kinen aneng wuri.

43. Ora kaya mungguhing Allah waspada, maring agunging abdi, sanadyan karepa, mangsa den turutana, sanadiyan sami singkir, yen sampun sadya, karsane sang Hyang Widi.

44. Iya kudu bae nemu kalaksanan, sapolahe dumadi, tan lawan pangangkah, kaligane gumelar, angajaki sakoneki, benjang bancana, mapan padha sumingkir.

45. Sawaktu iku kelaring apurusa, paripaksa kaduli, Pangeran Panjunan, anggenipun akarsa, ngerad ilmu tiyang jati, akarsa arah, asalin ilmu supi.

46. Sami mesem sadaya Auliya Jawa, aningali praptaning, putra sing Bagdad, anggene kaestunan, anapekaken kariring, dasaring wadhag, mangsa alusa maning.

XXXIV. MEGATRUH.

1. Carang telung puluh siji saking trubus, sing panging Carub Kandhaning, mahayekti kang neng gunung, Giri Kedaton samangkin, sirnane dipati katong.

2. Ing Balambangan sampun dumugi umur, marmane wau weling, sasirnae awakingsun, nyangkok Balambangan iki, mapan padha pasrah magko,

3. maring mahayekti Giri putuningsun, mula ika wus dumadi, rempag, kalih karsanipun, ya sang Ratu Majapait, pramila dumados mangko,

4. Mahayekti Giri wus jinungjung lungguh, dening Ratu Majapait, sinengkahaken sinebut, anama Pangeran Giri, linggih ing Giri Kedaton.

5. Ingkang sinung kandaga lante lan payung, sampun akrami suputri, saking dipati Sidayu, kang anama Rara Mimin, lami-lami ing ajodho,

6. miyos putra kinudhang ing waktu iku, nalika kang putra nangis, cep menenga sira kacung, hidih ika ana esthi, gajah delengen lah katon.

7. Yata waktu kang tinuduhena iku, sakedhap jleg uwis dadi, rupa gajah dadi kagum, kagete Pangeran Giri, ningali kramate mangko.

8. Dene ora nyana yen samono iku, adile gusti Hyang Widi, maring kawula kang manut, dadi salampahe gampil, ing sakarepe den engon.

9. Pramila dados katelah nami gunung, Giri gajah kang per-

nami, iya saking gajah iku, salahe Pangeran Giri, sagenahe wirya katon.

10. Malah agung Ajar ing pasisir kidul, kang den perdhi amuslim, singa kang tanggelem anut, padha geseng sirna urip, mula si padha mangertos.

11. Anak putune Ajar Banyubiru, padha tobat ngasih-asih, nuhunaken tobatipun, kalih yuyute kang uwis, mati geseng ing paturon.

12. Dipun suhunaken malih uripipun, sahingga mangke kapanggih, gesang malih kadi wau, samber malebet malih, mring gama Islam kang yaktos.

13. Pangeran Giri nabda ya yen saestu, wis padha uripna maning, iya lawan karsanipun, iya sakathaheng mayid, padha mayan urip katon.

14. Sarta wus den tetesi ismu kang luhur, lah iku kawitan giri, karuru yen wali agung, dadi kathah kang bopati, kang sami sedya percados.

15. Bopati Lasem Rembang Pati Sidayu, para gegedhen pon sami, mapan sumedya anungkul, puruhita aneng Giri, kumawula samya manggon.

16. Sami kinarsakaken ing kana wau, wangun segaran kang adi, sawetan loring ya Gunung, warata rong laksa jalmi, padha magawe ing kono,

17. kalawan iklas sukane atinipun, medal sing manusa suci, anggene magawenipun, ora lan kumaruwed ati, sewaka ing amanguron.

18. Yata natkalanipun sami andhudhuk, amanggih agung sawiji, uwis katur maring guru, ing Giri wus anampeni, winisik damel pirantos,

19. ngungelaken yen ana adamel agung, kang angganal kang

arepit, dadi kawaskita kawruh, jaya digjaya ngeneni, apese kang sadya awon.

20. Wus winastanan bendhe Ki Bijaksana agung, tumelung ing candi Giri, tan antara laminipun, Pangeran ing Lepenjagi, sadya apanor ing kono.

21. Matur nuhun barkah jeng raka hyang wiku, Pangeran Giri mangsuli, nggih sumedya atiningsun, carem benjing aneng ukir, ukir Careme bang kulon.

22. Dupi sapuniki andika anungsung, pawartos ing Gunung Jati, wonten wali Arab rawuh, punika pinangka benjing, pangulu kita sakubon.

23. Yata Pangeran Kalijaga tumurun, maring Carbon tetilik, Gunung Jati kang jinugjug, abareng salampah sami, lan Pangeran Makdum anom,

24. muwah istri Nyi Gedhe Pancuran Kidul, kalawan Nyi ing Teluki, ing kana tumurun rawuh, maring Sembung Linggar Manik, wus sinanggrama ing kono.

25. Dening Pangeran Carbon Girang lan Dampul, Patih Keling Patih Kering, sajege ing anenamu, tulus sarenaning kapti, ing pasedhepipun jodho.

26. Basajanira ika kang Babu Dampul, wonten cuwanipun kedhik, kang daebe dalem anuju, suwung siweg kesah tilik, dhateng ing Arab kedaton.

27. Sampun lami punika pakesahipun, pan inggih alas puniki, kantos sampun dados dhusun, Pangeran Kalijaga ngling, mboten kula cipta ados,

28. Saban tiyang kang sampun sami atuwuh, nadyan ing nagara Mesir, lamon karsaha arawuh, sakedhap tan dangu malih, makaten dhuking pawartos.

29. Pramila mboten kaula cipta suwung, Nyi Gedheng Panjurat

angling, sabda sanadiyan suwung, piyambeke jarah iki, mboten angangkah lawan wus,

30. Sampun kasrah dening Malekat yen rawuh, jarah pyambek maring mriki, Pangeran Makdum amuwus, yen wonten lilah amung sih, wawangunan dalem kono.

31. Mapan tuli Pangeran Carbon amuwus, samangke bilih manawi, karsa ningali pangguyu, ing panggon pangguyon iki, karsa aningali ing kono.

32. Panggonjakan ingkang sami andulu, wawangunan ingkang doip, tukang Krawang suka langkung, ing nyadhap balila arti, sedya ngahesi pangguron.

33. Pangeran Kajoran mangke wuwusipun, singaha kang mboten doip, ing satingal kula tuwuh, mboten wonten ingkang sami, adamel kadi mangkono.

34. Wali nusa Jawa mboten wonten tiru, wangunan kados ing ngriki, kilap ta neng Mesir patut, hiyasan Baitullahi, punika kang dipun contoh.

35. Babu Dampul esmu wirang dening iku, den badhek tilade Mesir, nyanane sang Babu Dampul, wong asal Mesir Nga-Jawi, kang wangun reka samono.

36. Syekh Anggung Rimang pan anambungi wuwus, inggih si aheng pribadi, tanpa tandhing dalemipun, angajaki nusa Jawi, pan remen kaula nonton.

37. Yata sami mider ing kana andulu, reranggan kang pitung siki, ing latar tundhan pepitu, tabel dhingdhing cipta giri, mustakane manik katon.

38. Katon ana sagara lan ombakipun, ing jero mustaka manik, ana rebone kadulu, ting kalencar padha urip, tatamune padha gawok.

39. Sami gumujeng nabda lah iya iku, gagaweyaning pawestri,

Babu Dampul sakalangkung, wirangipun den guyoni, ing pasemone pamoyok.

40. Mangkin rudet wau pepikiranipun, mbok bilih angisin-isin, nuli ika kang tetamu, ningali guwa aparni, cilik kang surat akaton.

41. Titi mangsa namane kang gawe iku, gawe sang garba imani, gumujeng para tetamu, dening ningali malih, tulis ing watu kang katon.

42. Mungel yen puser Bumi namane gunung, padha amencep sayakti, ing ciptane mangsa iku, rempug lawan Syekh Jati, iku olihe wong wadon.

43. Tan antara dangu ika sang tetamu, sami kapinton ngagaib, maune ora kadulu, dadi ana katon ukir, galindhingane pasang ro.

44. Lan ana karsa gadhang mayoni kadulu, mega putih kang mayungi, kang atepi teja murub, dadi tetamu prasami, percaya yen iku enggon,

45. pernahing waliyullah agung akukub, anuli sami apamit, murude ingkang tetamu, Babu Dampul apepenging, yen ana padha nenonton.

46. Sun pacukaken teka ing anak lan putu, Astana kudu den sanggiri, aja singa wong malebu, yen ora bangsa pribadi, kongang amanjing andengok.

47. Wus sademing kang uwis atongton iku, dumadhak ana aprapti, maksih maksa ana mlebu, sun idini sira sabil, wus wong satus padha nglonjor.

48. Warnanen wau tetamu sami murud, dhumateng ing Lepenjangi, Pangeran ambeluk-beluk, dhateng kang garwa kang nami, Nyi Rara Maningan sira sok,

49. angliweta pependhil kang cilik iku, beburuhana cecipir,

kang olihira anandur, kanggo nyuguhi tetami, ika berase kang sabathok.

50. Nyi Maningan cipta apa sedheng iku, lawan maninge cecipir, wong nembene nandur mau, Pangeran maksa den aglis, sira ageha cecompon.

51. Dadya Nyi Maningan angliwet gupuh, pependhile mung sacanthing, parantine dhewek mau, aniliki kang cecipir, teka wus atub kang uwoh.

52. Sampun den matengi ika kang pasuguh, ulame kang den bakari, olihe mau nanawuh, wus den suguhaken aglis, sekule nyumber tan entong.

53. Den leduki den sukaken ing blekipun, nuli den kekebi maning, yen telas sekul den kedhuk, maning pon segane masih, nyumber datan entong-entong.

54. Iwake kang dhaharipun eri iku, den buwang ing jero wari, pan ngabeng maning ing banyu, marmane kawuri-wuri, yen ika wali sayaktos.

55. Lah ta bumbung labet lodhong purwanipun, cukup urip ya ingkang pring, lami wus andapur-dapur, tilase Pangeran Kali, sandhenge wukune bolong.

56. Dadi riwayat benjing maring kang kantun, yen ika karamat wali, kang tatamu suka sampun, jinaparwata abudi, wus manthuk maring sakubon.

XXXV, LADRANG.

1. Carang telung puluh loro saking, Carub Kandha, sang Syekh Jati lampahe, maring Mesir lan kang iku wus kapendhak.

2. Wus tutur catur dhuk ing Carboni, Rara Santang, langkung suka sukure, dening kang putra wus ngarti basa Jawa.

3. Kang Paman wus medhek ngasih-asih, sadyanira, arah ngistreni ageh, supados Syekh Jati sanget mboten karsa,

4. enggal pamit anglalana bumi, aning marga, ika sampun kapanggeh, lan putraning Raja Kobti kang papalas,

5. kang panjenenge ya Abdul Kapi, dadya sira, tumut nglalana bae, manjing Islam ndherek lampah Maulana.

6. Anglebur tapak wus pati urip, lampah wiyang, dumugi Johor ngke, anuli pepanggih lan wong paladara.

7. Ingkang nama iku Abdurakim, karsa uga, tumut maring lampahe, Syekh Jati mutabeat ing salampahira.

8. Lunta mring nagara sabrang Banawi, pareng ana, Raja gedhe linari, tilar kawibawan nungsung lampah Olya.

9. Sri Panduk raja laut kang nami, ingkang karsa, atumut ing lampahe, Syekh Jati langkung nglangkungi kramatira.

10. Malah katelah sang Guru Jati, raka raja, mbesuk sakti rayi ngke, ing pulo Pulo Agung Sandawa.

11. Syekh Molana Jati wus mlebet maring, praja Cina, wus katiti desa Munjul, layan kramat akeh Cina ingkang wus Islam.

12. Iku kawit ana panjang isim, Panjang Jimat, lan padasan belinge, iku weweton saking Munjul padesan.

13. Kang wus Islam neng Molana Jati, mapan lawas, kapiyarsa ika dene, Raja Cina yen ana pandita awas.

14. Nuli Syekh Jati dipun aturi, Patih Cina, Sampo Talang arane, tumandhang ngormati maring Syekh Molana.

15. Ing daleme Patih den apti-apti, gelar kramat, Sampo Talang dadine, manjing Islam tapi masih cocolongan.

16. Masih wedi maring rajaneki, dede karsa, ing sawiji dinane,

Syekh Molana den panggil maring ayunan.

17. Ayunaning Raja Cina iki, sumadiya, ngayoni ingkang nembe, wusing prapti Raja Cina asruh sabda.

18. He sira pandita awas iki, delengen ki, aja dadya akaget, isun arep takon pan maring sampeyan.

19. Anakisun wadon iki putri, Nio Ong Tin, tan krama teka metheng, tan laki ya badheken apa sanyata.

20. Syekh Jati ature metheng sayakti, Raja Cina, ngisin-isin pisuhe, mimisuhi lah sira pandita dora.

21. Pandita bobad anak sun iki, Nio Ong Tin, mapan ika wetenge, sun beseli kangulu dengapa sira ika.

22. Syekh Jati kesahe riri demit, babon nyawa, sadela wus parane, Raja Cina sakulawarga padha surak.

23. Sareng sang putri enggal den uculi, ingkang sinjang, dadya sayakti metheng, Raja Cina mangelek sakulawarga.

24. Dadya Patih Cina den timbali, kon ngulata, pandita lari mau, aja oraa katemu dening sira.

25. Nadyan sira jambul uwan kaki, aja sira, mulih tan olih gawe, yata Patih Sampo Talang pailaran.

26. Gemet kang nagara den sak-asik, datan angsal, dadya layar patihe, nyabrang kambang kampulan ika kang palwa.

27. Salawase ora bisa mulih, wus kabiyas, ing Palembang dadine, ngawula maring yasane Arya Damar.

28. Katingal sabarang gawe ngabdi, kalaksanan, karsaning Gusti kabeh, marmanira Sampo Talang ing Palembang.

29. Dadi patih klangkung den kasihi, dipun ganjar, den aku pan putrane, Ki Arya Damar mung iku putranira.

30. Malang sampuning sang damar lalis, kang dumadya, Raja Palembang ike, putri Ki Sampo Talang dadi Sultonah.

31. Anggentos rama sangkaning dadi, ya karajan, samono king tapane, lagi kambang-kampulan madyang sagara.

32. Raja Cina sawising anganthi, enggenira, ngantos kang pepatihe, dadi lawon mangka sigra amarentah,

33. maring wong Cina wewolu iki, putringwang, sun padha layar bae, aneng Prabu Enjong ika kapusakan.

34. Sadyane wong wolu sarta putri, alayaran, sun bwang neng jladri bae, sira nuruta saparan prabunira.

35. Ing ngendi nyanggreke prabu benjing, iya ika, ya enggone jodhone, putrinisun ing kana sira manuta.

36. Sarta tedha sangon kang nyukupi, yata Cina, wolu lan sang putrine, sampun layar kambang kampulan kang palwa.

37. Ngalor ngidul anut paran angin, kawarnaa, Syekh Jati wus rawuh neng, gunung Nur Manik Nur Cipta Sapta Rengga.

38. Rajalaut wus tan kari liring, Abdul Kahpa, Abdurakman layane, Babu Dampul mapan dadya girang suka.

39. Sakulawarga sami ngunjungi, renah suka, ing Syekh Jati rawuhe, sampun padha matur natkala tamuwan.

40. Sunan Renggah Pajajaran prapti, papartelan, kang sami muslim gunge, Bogor Banten Ujung Kulon lan Jakatra.

41. Cianjur Bandung Sumedang Ciamis, sampun Islam, pan amung ingkang dereng, inggih punika Talaga lan Kuningan,

42. Maleber Rajagaluh Sindangkasih, Palimanan, maksih Buda sairinge, katur langkung karsane putra Molana.

43. Nulya ana titah Molana Jati, ngadhegena, kalipah kang saestu, Rajalaut den pajengaken neng Jakatra.

44. Dupi Abdurakim agus murid, kang tinitah, ing Jung Kulon nitihe, Abdul Kahfi kang caket lan Syekh Molana.

45. Den pracaya ngagem putra Syekh Jati, ngemong putra, mila katlah arane, nguni ing peparab Ki Gedheng Kedhokan.

46. Putra Gedheng Kedhokan Abdul Kapi, ora lawas, Syekh Molana ngawangun, wari bebalongan kang neng Gunung Semar.

47. Tan antara ana prau manjing, ing muara, Jati nyata putrine, Cina Nio Ong Tin sakulawarganira.

48. mpun mentas Cina wolu lumiring, yata enggal, Cina wolu sinaksen, nurbuate Syekh Jati dadi kasmaran.

49. Pating klepek Cina wolu mati, Putri Cina, kang masih urip mau, anyungkemi padha maring Syekh Molana.

50. Wus katrima pangabdi sang putri, manjing Islam, hukum Syekh Jati kramate, kang kacangking ing dunya rawuh ngakerat.

51. Dupi Cina wolu wus den kongsi, angumbara, mariksa Pajajaran, nanging mboten karsa ingiring balanira.

52. Lampah pyambek Pajajaran nuli, dadya ika, Sunan Renggah aniti wus, aning kana sinebut nama Syekh ika,

53. yata Syekh Gilangherang anami, dhuking ana, aning Pakuwan datu, aniti praja kinasih aneng kana.

54. Lami ing kana nuli amanggih, istri pelag, saking Karawang iku, patitip dhingin Pangeran Carbon Girang.

55. Lagi masih adipati Aji, ing Cangkuwang, rayi ingkang namane, Ratu Kawunganten sedhenge apelag.

56. Ya pinundut garwa dening Syekh Jati. wus aningkah, ing kana ing lamine, paputra istri nenggeh ingkang peparab.

57. Ratu Winaon namining istri, lawas-lawas, ngadheni malih iku, nenggeh Sebakingkin dhuk peparabira.

58. Yata ika putra kalih sami, dipun alap, dening nguni yuyute, Nyi Subang Karanjang aneng pasanggrahan.

59. Dadya ika ing kana den wuri, kalih sira, eyang sing iringane, ingkang paparab Kyai Raja Sangara.

60. Aning Banten lan putra Syekh Jati, sarta ika, den kapejaki aken, nitih ngraksa temen agamaning Allah.

61. Kawarnaa Pangeran Duyuskani, mangkat sanja, aneng dalem langgare, Nur Manik lawan gumredheg balanira.

62. Kaget Patih Keling mbok manawi, kang susulan, nututi Raja Keling, mring dheweke reh wau atilar palwa.

63. Larung gustine den atingali, layan awas, bangsa wong Keling dede, sarawuhe Pangeran agung Panjunan,

64. Babu Dampul kalangkung gegering, tumon bala, prajurit saradadu, widang tibang sarira pan datan karsa.

65. Pangeran Carbon Girang manggihi, layan hormat, lan matur yen samangke, saweg sepi sami wonten Pajajaran.

66. Dadya Pangeran Panjunan balik, sarta ika, besuk maning sabdane, yen wus rawuh kita padha asesanja.

XXXVI. PUCUNG.

1. Mapan iku, maka carang kaping telung puluh telu, panging Carub Kandha, nenggih kang cariyos iki, Pangeran Kalijaga remen anyusup.

2. Arah wau, anyamur ing bidhak walaka satuhu, aling-aling maksyat, anglampahi lata lati, latos nglampahi babarongan ana ing buron.

3. Marga iku, tanggapane kalimah sadat Hyang Agung, kocap ing nagara, boya gampang tanggapneki, dadi mila desa akeh kang mukminun.

4. Ing anuju, natkala adalang barongan sinebut, ika namanira, Ki Benguk kang lare kadi, dhuk tinanggap ing Tegal na wong kajenun.

5. Nulya iku, rabining wong kaya barangasan nutug, kang nama Ki Gaba, dadi bramatya anuli, sang Benguk den jragang awani den palu.

6. Lawan mau, den sapu angin den jotos den pentung, asruh den lelarak, yata wong sakuban iki, geger yen Ki Gaba nggigit dalang Barong.

7. Dening iku, kocap satengah datan ana sambatipun, mung Allah Taala, Hyang Sukma angganjar mami, mapan sira andonga ing sasampunipun.

8. Nulya wau, tan adangu nuli enggal wungu, lampah rarangkangan, bari endhonge cinangking, murugi mring enggone Ki Gabah mau.

9. Lawan wau, bari numplek dinare ambaluruk, saking endhong tapas, panedhane ngasih-asih, mboten darbe pamales kula Ki Gibu.

10. Mung puniku, puniki dinar mangga sadaya katur, pamales kawula, ndika nyered kula iki, Ki Gabah malengek lah deng apa iku.

11. Laku bagus, wong den alani males becik wong iku, lir wraksa candana, den wadung ambune wangi, isun sugih durung bisa kadi iku.

12. Marga iku, lengleng cumleng manahe Ki Gabah masgul, sakedhap kemutan, Ki Gabah panedyaneki, arah nyungkemi asirna ya sang Benguk.

13. Satalanjung, Kaki Gabah manahe langkung gegetun, analangsa manah angentu raganeki, kenang apa maring dedalang anggebug.

14. Nanging mau, ingkale durung angladeni sang Benguk, maring rabiningwang, teka isun kuwani, kadar nyata yen Aoliya Ki Benguk.

15. Kadalurung, asusupan isun kang wus katalanjur, lah sun suka matya, yen tan katemu nggoneki, kula tobat lilinungan ya Ki Benguk.

16. Nulya iku, sigra sang Gabah anglantra-lantra nusul, nusup ngayam alas, aliwung polahe lali, ing anak rabi pomahan tan ketung.

17. Kocap iku, warnanen sang Benguk ika wus anglantur, aning Prabalingga, wus adalang Topeng dadi, mangkono uga tanggapane sadat iku.

18. Dangu-dangu, wus kaceluk nama adalang Kumendhung, ika dhuk nalika, ing wayah tengange kampir, ngambil sawijining gelas solahe liwung.

19. Datan weruh, kang isi arak enggal sira den inum, nalika samana, ana nonton Bonang santri, langkung esak manahe dadiya katur,

20. gupu-gupu, maring hyang Bonang gurune kang saestu, rayi dalem nyata, anylamur andalang Topeng, dhahar sejene nalika angalantur.

21. Dadya iku, Pangeran Bonang ling mokal iya iku, coba titenana, nalika nginum den titi, pareng tumon malih sang Jaka nglana mpun.

22. Pareng mau, lagi dhahar arak den tingali gupuh, dening santri Bonang, katon ing kiwaneki, setan ngantong mangap bari anggeligur.

23. Yaktinipun, nyata sang Jaka tan sanyatane nginum, dadi santri Bonang, sanget ing tobatneki, angalosod ing ayunan dalang mau.

24. Dadya iku, sinabdanan sira wus ageh anyeruh, maring tapanira, ing guwa agung amambrih, aja balokloken tingalira mau.

25. Nulya iku, yata santri kang balokloken anglantur, maring alas-alas, neng guwa sruh tapaneki, nuli saking dalang Topeng ngalih sampun.

26. Anyalamur, maring nagara Banyuwangi anylamur, arupa wong bidhak, sedyanira ngenger iki, sedya ngawula ing Nyi Rangdha iku.

27. Gawe mau, ambrih dadi bisa utange sinaur, karana Nyi Rangdha, duwe utang kabehneki,sangang puluh tail durung bisa nyaur.

28. Pareng iku, Nyi Rangdha manahe suka bungah iku, dening katetekan, bujang angkohe nulungi, maring kasusahan ingkang durung epur.

29. Kumalangkung, Nyi Rangdha akebat nglanja lalahan mpun, tuku pacul papat, wus den pasrahena maring, wong lanang kang mara asuka tetulung.

30. Aranipun, Entol Kajebur sampun atampi pacul, ika kang lalahan, sabau ing witaraning, mung den tanduri sawit gedhang mas iku.

31. Amung mau, sadina-dina den sawang lan den tunggu, medala kang getah, ika den usapi gelis, yen ana laler mencokden gurah gupuh,

32. dadya mau, wus ora nana maning polahanipun, Nyi Rangdha angglesah, baya ika ta wong males, gedhang sauwit rina wengi den tunggu.

33. Ciptanipun, gedhen-gedhen arep ngrewangi isun, drapon puput utang, den itung lan panganeki, bae kaya ora jongjon ya si ngedul.

34. Pareng sampun, yata ing sedhenge woh gedhang wus suluh, den tegor den gawa, katur mring majikaneki, nabda matur Jeng Nyai niki pisang mpun.

35. parengipun, sampun suluh den imbu wonten ing buyung, katur lah punika, pacul papat seren iki, kula apamit Nyai mugi tulus.

36. Marga iku Nyi Rangdha malengos sabda bari kethus, apa karepira, arep mantog ageh gelis, yata riri jati sang Entol kesah mpun.

37. Sirna sampun, badan rohani lampah sakedhap estu, wus lap tan karuwan, parane ngalor ngidul ing, Nyi Rangdha sareng watara pisangipun,

38. Pareng wau, den tiliki gedhang ingkang aneng buyung, kabeh dadi emas, malengek Nyi Rangdha trenyuh, baya ika dudu wong samena mau,

39. Ciptanipun, tekane temen ujar tetulung isun, tan dangu Nyi Rangdha, utange kabeh den sauri, wus parlina Nyi Rangdha anglantra liwung.

40. Datan dangu, ing alas birahi maring sukmanipun, sinambatira, sang Entol kula angiring, dunya akerat kula sedya abdi milu.

41. Dangu-dangu, kocap malih ika sang Entol kajebur, patakur ing guwa, apaparab ika muni, Syekh Malaya grahita pinuji luhung.

42. Sira wau, tan lami sira ana iblis angaruh, arupa Syekh Malaya, memarani rabineki, wong unehan wewengkon nagara Jepun.

43. Nulya iku, wus kawenangan ya dhateng lakinipun, tan samar yen ika, Syekh Malaya rupaneki, dupi den cekel mapan iblis wus suwung.

44. Atumuli, sang unehan wus matur maringsang ratu, Majapait pura, yen makaten lewaneki, Syekh Malaya yen maksih gadah kelentu.

45. Dadya iku, ora ganti Syekh Malaya kang aning gunung, padha den cangkalak, dening akeh para mantri, den tuntun kaya lir cemera tinuntun.

46. Datan dangu, yata manggih ing margi kekirik tutul, ngintil melu bela, ing Syekh Malaya lumaris, wus prapta ing ngayunane jaksa pitu.

47. Katawis mpun, Syekh Malaya katiti yen salah den atur, dening sang unehan, uwis pirang-pirang saksi, dupi Syekh Malaya mung saksi cemera iku.

48. Datan dangu, tuli ika cemera mapan bebaung, mungel marang jaksa, sampun ndika padha aglis, ngukum Syekh Malaya marga saksi isun.

49. Nadyan iku, ingkang uning tan linggar-linggar neng gunung, patakur ing guwa, dupi ika kadosneki, Syekh Malaya iku setan minda-minda.

50. Nadyan wau, atilada warnane sang maha wiku, pitnah darapona, ja lunta ing tapaneki, parandene para jaksa tan percados.

51. Dadya iku, kudu maksa adamel tumangan murub, ika Syekh Malaya, karsa ratu den obong ing, geni mubal geni agung adan resi guru,

52. den aracut, sandhangane kaose den buwang ing ngurub, kekirik den titah, njuput ing gamparaneki, kang aning jro geni cemera tandhang sampun.

53. Datan dangu, malebu ing geni sadela nuli metu, anyakot gamparan, datan kobar wuluneki, mapan masih waluya tan geseng wau.

54. Dadya iku, mapan para jaksa ciptane angestu, yen nyatane setan, ingkang amemadha rupi, singa wong dhawuh ngrimpik ing sang unehan mau.

55. Enggal mau, para saksi iku pon padha andulu, tan iwang saderah, lan Syekh Malaya rupaning, langkung gegetun manah sang unehan wau.

56. Nadyan iku, dadi narima kala unehan amaspul, lengleng ciptanipun, arah atobat agelis, mring Syekh Malaya enggal amerad gupuh.

57. Nulya iku, kang kekirik wus tumut samya datan kadulu, dadi sang unehan, nalangsa banget ing pikir, tan karsa balik mulih ing umahipun.

58. kadulurung, ing gunung-gunung dadi anglangut-langut, mangkana Syekh Malaya, wus pindah enggeneki, mring alas enggoning begal dalanan wau.

59. wus sinebut, jejuluk namane ika Kaki Berut, wus katon ing kana, dening santri-santri Giri, yen Pangeran Kali mejahi singa wong.

60. Nulya iku, dadi enggal matur ing hyang resi guru, Syekh ing Giri Gajah, nabda mokhal yektineki, rayi Kalijaga maksih bebegal iku.

61. Ageh gupuh, titenana kang awas ya paningalmu, manawa sira salah, gagak sira sangka putih, ya santri balik nginjen ing kana mau.

62. Mapan wau, den tingali nyata memedheni laku, darapon ja ana, begal kang satemeneki, geris ningali kang mateni begal mau.

63. den dinulu, katone ya begal kang pinaten iku, dudu ambebegal, nanging sareng lami-lami, den tingali dening santri Gajah Gunung,

64. tan lyan iku, yata kendhi bae ingkang isi banyu, ingkang dipun tigas, gulune mabyur awari, santri Giri tobat anyungkemi sampun.

65. Nulya iku, sang Berut nabda sira wus ageh nyeruh, tapa darapona, aja belokloken miling, yata Giri caraka manjing alas wus.

XXXVII. BALAKBAK.

1. Carang telung puluh papat saking panging,*carub kandhane*, anenggeh ingkang kacarita Syekh Jati, *ing Pajajarane*, mapan kersane angislamena iki, *Sundane*.

2. Talaga sarwangira maleber sami, *mawah Kuningane*, mawah pangawat pon kiwa Sindangkasih, *sakancane*, Rajagaluh wus dumadya ya sawiji, *Telagane*.

3. Ciptanipun mapan sadiyanireki, *sakancane*, yen uwis kabedhah pon ingkang Talagi, *sakabehe*, kita manut ing karsane Gilang Sowasi, *amutuse*

4. Kabedhah Talaga sakabehe iki, *karsane*, maruta ing karsane Gilang Herang ris, *putusane*, para prajurit ingkang prang puniki, *Raja Laute*,

5. kang kinarya acucuk ya manggalaning, *pancase*, pangawat Gedheng Kedhokan pon puniki, *asmane*, ingkang pangiwa mapan agus muridi, *namane*

6. Ingkang wau aning kulan kang pereni, *ing tengahe*, Syekh Gilang Herang ingkang pangawat iki, *ing wurine*, Sunan Renggah tur wingking tlaga tilari, *cucuke*,

7. Manggala Kuningan pon maleber iki, *panengene*,

Rajagaluh ingkang pan pangiwaneki, *ing tengahe,*
Lawan Sunan Talaga lan Sindangkasih, *buntute,*

8. Pan wus sami andadak berlawan iki, *tan dangune,*
anggenira padha apancas tumuli, *padha kabiyase,*
Punika dening sandhung pancawureki, *mulane,*

9. Sunan Talaga manthuk ing dalem nireki, *palayune,*
Raja Laut mangka pangundhanganeki, *ing jawine,*
wus binarisan lawan balabar iki, *kawate,*

10. Akandheg ingkang Islam anganthi-anthi, *sadyane,*
Ingkang bala Buda kewuhan tumuli, *nyanane,*
Patih Alaga kang asung marga manjing, *mulane,*

11. Dumadiya Syekh Gilang Herang pan maring, *daleme,*
Kapatihan sinuba puji akrami, *tipuhe,*
Sunan Tlaga mangko wus kapieca iki, *artine,*

12. Angandika perimbonan lah den agelis, *darapone*
darapona gampang aja susah iki, *pamrihe,*
ora ngarusak bala wong cilik-cilik, *enake,*

13. Ta weruh apa upayanen sandinereki, *bungahe,*
ingkang anulung mring jaya kita iki, *benjinge,*
yata gunging ingkang bala Buda iki, *arepe,*

14. Mapan ingkang ajeng den percaya dadi, *khususe,*
Tanpa sesa tanpa banyu sami kari, *balane,*
Sapamburine tan lulus merjaya iki, *lawane,*

15. Syekh Gilang Herang dadiya mariksani, *ing patihe,*
He sang patih mangkono ratunira endi, *prabune,*
Mapan sang apatih aturira kidib, *sayaktose,*

16. Menak kaula anglarekaken puniki, *lumarine,*
Wikan ta lah ing purugira iki, *puruge,*
Syekh Gilang Herang angandika agelis, *kandikane,*

17. Iki si delengen bae apa iki, *remane,*

kang aning dalamakanisun kacapit, *rambute,*
Sang apatih kaget anjola aningali, *pagustene.*

18. Pagustenira den capit remaneki, *ngalenggake,*
Aning jempol sikile Syekh Gilang iki, *saikine,*
Sang apatih nulya matur nembah inggih, *bendharane,*

19. Kangjeng Susuhunan Buntas enjang iki, *kang waune,*
Mapan ingkang ngereh ing Talaga iki, *tobate,*
Kaula ing tuwan inggih estu uning, *bobade,*

20. Babad kaula inggih pakening Gusti, *salagine,*
Mapan dereng kalah dupi sapuniki, *kawone,*
inggih dhateng pundi paran mami iki, *adhepe,*

21. Wadana kula yen mboten idhep maring, *Jandikane,*
Wus den tari amanjing Islam iki, *karsane,*
Yen mboten idhep maring Jandika iki, *ngabdine,*

22. Karsanira Syekh Gilang Herang puniki, *kandikane,*
Purwanira Sunan Buntas tan darbe kapti, *tampane,*
Anampi maring agama Islam dadi, *manjinge,*

23. Wekasaning Buda purwa ing Islam iki, *ing kanane,*
wusing Islam kinen atata alinggih, *sarenge,*
Lah iku kawitanira Tlaga mati, *kasebute,*

24. Dening Syekh Molana karana den perdi, *islame,*
mapan mau padha ngalawan merangi, *Rajane,*
Sene Raja Laut wus anyandhak iki, *Pangerane,*

25. Arya Kemuning ngkana wus den dawuhi, *sahadate,*
Islamira Menak Kuningan puniki, *sayaktine,*
Kawengku hukum umate sira iki, *Islame,*

26. Ki Gedheng Kedhokan nyandhak maleberi, *manahe,*
Winulang kalimah kang mulya iman iki, *surupe,*
Sampun dadiya perkawis amal ugi, *baguse,*

27. Bagus murid saking Ujungkulon iki, *panyandhake,*

Raja Galuh kang inudhag wus keni, *sasampune,*
Den lulu kalimah iman kawengku mati, *Maolanane,*

28. Sunan Renggah tan ginasam ambeledhig, *ing Menake,*
Sindangkasih paladara angungsi ing, *Palimanane,*
Den buru-buru mapan ya datan keni, *ingudhage,*

29. Ing Palimanan punika mapan dadi, *tumute,*
Pan geger den gondhel pinangsrayaneki, *saregepe,*
Dalem Kiban mapag Sunan Renggah iki, *gegamane,*

30. Perang muka danguning lawas linungin, *ing balane,*
Mangka ika bala Pajajaran sami, *sakancane,*
Arewang sindhung awor udan lan angin, *numpake,*

31. Bala Palimanan bala Sindangkasih, *babare,*
Punika anglarekaken para sami, *nusupe,*
Sunan Menak ira aning Tegal iki, *panusupe,*

32. Kari bala Palimanan ingkang pati, *awake,*
Ngadhepi bala Pakuwan mundurneki, *minggire,*
Ing esong ing lambunging giri ardi, *gununge,*

33. Ing gunung jaya mapan wus katekan ing, *pepetenge,*
Kang halimunan tembung musuh ing kardi, *rewange,*
Dadi bala Palimanan merad sami, *nyilumane.*

XXXVIII. PERLAMBANG.

1. Dupi mangke terang padhang, Dalem Kiban sampun musnah, sabalane sami merad, maring ajal kasucian, sira dhewek dewa srahan, kalisan Susunan Renggah, manthuk maring Pajajaran, sareng lan Syekh Gilang Herang, Raja Laut ing Jakatra,

2. Agus Murid ing Ujungbarat, yata Susunan Talaga, dupi liyane punika, pramila tan dados amal, karana Islam priyangga, ora lawan pinerangan, nuli Syekh Molana Gilang, karsa manthuk ing Amparan, ing giri Nur Cipta Renggah,

3. Kering ing Gedheng Kedhokan, Babu Dampul girang-girang, sarawuhe Syekh Molana, Sinuhun ing kulabala, Si Pakungwati asowan, lami-lami ingagesang, ana putra saking wetan, Putrine Ki Gedheng Karta, Dipura tedhak nalendra,

4. Namane Rara Tepasan, putri wis ningali teja, ing kulon elor gumawang, sumonge ing awang-awang, nadyan den ungsed ing pernah, yen ya tejane menusa, yen lanang panedyanira, den aku laki sanyata, yen wadhon pandayanira,

5. arah den aku akadhang, wus lepas ing lampahira, dugi ing giri Amparan, kapanggih lawan Komara, uwong kang pangawak teja, iya iku Syekh Molana, kang ginunturan ing sembah, yata putri wus basaja, anjariyaken sarira,

6. Pareng ika katarima, dening karwa Syekh Molana, siji cinangking ing krama, sing dunya tekeng akherat, lami-lami kapiyarsa, dening Ratu Brawijaya, yen Rara Tepas akrama, olih pandita utama, tur ngereh ing Pajajaran.

7. Lungguh ing Nur Cipta Renggah, Pakungwati pacantilan, mashur karame amundhak, ngaceki para pandita, kang ana ing nusa Jawa, yata sampun sinusulan, sihe Ratu Brawijaya, lante payung lan kandaga, lan cacangkoking Tepasan.

8. Den tetepaken kacarang, mancas ing praja Pakungja, lan den sengkakaken nama, ing sinambata Pangeran, Gunung Jati Waliyullah, kang dadi panghulunira, para wali nusa Jawa, dening dohire ing Arab, tedhak Nabi kinasihan,

9. Terah Kutubil Kamila, mila mundhak kaparekan, maring Allah wa Taala, lami-lamining akrama, Rara Tepasan peputra, istri ingkang winastanan, Ratu Ayu namanira, nuli angadheni lanang, ingkang sinambat ing nama,

10. Pangeran kang Pasareyan, Gedheng Kadhokan kang ngraksa, lami-laming agesang, Pangeran Jati katekan, kang raka ing Karangkendal, matur basaja amulang, he rayi sedeng

madedya, angratu aning Pakungja, mapan si diri sampeyan,

11. wus tan ana ngungkulana, padhan-padhaning Aolya, kang tuwuh ing nusa Jawa, inggih tuwan kang utama, asidiking Aoliya, Pangeran Jati anabda, aleng raka rumuhuna, madheg raja ing Pakungja, tiyang anem kumawula,

12. Gampil mangke yen wus sirna, sajenengipun wong atuwa, tiyang anem ingkang dadya, gantosipun wong atuwa, Pangeran ing Krangkendal, nabda tabeat apogal, yen kaula dahulata, wau wau ga wus dadya, mila anjungjung kang kadhang,

13. Anenggih saking punapa, pan raka rumaos cekap, cabar lir upamakena, tengu anggayuh ngawiyat, rumuhun kaula sadya, kitab sakapal manawa, ing ngriki dados dangdossan, kaligane cuma-cuma, puwarane kula obar,

14. Kitab sakapal punika, ngadat pan raka apogal, barangas mboten tlatenan, natkala nabda samana, bari anjlog sigra bisa, adan sarya uluk salam, Pangeran ing Karangkendal, wus leledang sira ngetan, maring Gunung Jati malah.

15. kapanggih ika kalayan, Gedheng Jati langkung suka, ngaturaken putrinira, pambarep ingkang anama, Nyi Gedheng Rara Siduwa, lami-lamining akrama, amiyos putra lelima, ingkang pambarep punika, nama Kyai Muara,

16. Panghulune ingkang nama, Ki Gedheng Pojok Injakan, panengahe istri nama, Nyi Gedheng Karang Cempaka, pan adhine ingkang nama, Ki Gusti namane lanang, warujune winastanan, sakabeh iku sanyata, tedhak Mutholib kang Eyang,

17. Rumuhun Jeng Rasulullah, ingkang tumurun ngajawa, lami-lami ingagesang, ing kana Kangjeng Pangeran, Gunung Jati waliyullah, akbar aning nusa Jawa, agung barjama akhira, lanang wadon amanutan, para gedheng den anembah,

18. Maguron ana ing kana, tumuli Kangjeng Pangeran, Gunung Jati mangka karsa, amethuk ing Ibunira, arah binakta ngajawa, wus kesah malih ing Arab, badan rokhani lumampah, wus tampa karuwan padha, puruge ora katingal.

XXXIX. SUMEKAR.

1. Carang telung puluh lima saking, Carub Kandha caryos Ratu Jawa, agung Budha Majapait, duwe selir, saking Cina pinangkane,

2. Kinarsakna mring Nata Majapait, dhuk wawrat nembe rong wulan, enggal sira sang suputri, dipun paring, dhumateng Palembang ageh,

3. maring Raja Sampo Talang, ing Palembang sang putri mpun katampan, ing kana sampun winangking, lami-lami, dumugi ing sumayane,

4. babar miyos jaler kang peryayi, langkung pelag winastanan nama, Raden Patah lami-lami, angadheni, Raden Kusen paparabe,

5. Lamining agesang wus persami, marjaka wus pamit saking kang Rama, sadya karo angajawi, lunga ngaji, maring pamulangan Ampel,

6. Ing ayunan Sunan Ampel Gadhing, wus sinukan dening Sampo Talang, lan pasangu ing patedhi, wus dumugi, maring Hyang Guru ing Ampel,

pon ingriyung maring
kubur gustinipun

48. Kocap nuli Pangeran kekalih
kang mau sing kulon
Pangeran Arya Palembang mangke
Pangeran Kudus ingkang tumuli
sami manthuk maring
Demak dalem wau

49. Wus pinanggih ika lan pra Wali
wewolu ing kono
lan sira Pangeran Kudus mangke
kang anembeh rawuh saking haji
gilang-gilang jurni
kang estu rahayu

50. Girang-girang sami para Wali
padha tumon ngomong
Pangeran Arya Palembang lire
sampun rawuh sampurna kang agami
tetiga prekawis
ing Islam kang rukun

51. Galagah ingkang sinusun sari
sarupa kang elok
lir teja gumawang komarane
ingkang pangawak teja linuwih
ika lah sang Adi
srupa ing Demak gung

XLVI. DURMA

1. Carang patang puluh loro saking epang
   Carub Kandha awarti
   ingkang para Olya
   ing Demak sami ngangkat
   Arya Palembang dumadi
   Sulton ing Demak
   witing Ratu Agami

2. Satuhu ingkang amapas Ratu Budha
   mupakat para Wali
   Sasanga ing Jawa
   sami amastanana
   Muhammad Tajul Aripin
   Ratu ing Demak
   saluring Majapait

3. Kawasane wus asimak Brawijaya
   angereh nusa Jawi
   miwang nusa sabrang
   kang salikur nusa
   seba maring Demak mangkin
   upetinira
   ing salamining urip

4. Papatihe nama Patih Wanasalam
   panghulune anami
   ing wau Pangeran
   Kudus panatagama
   Kodi Amiril mukminin
   jaksane lunta
   jaksa sing Majapait

5. kang anama Ki Jaksa Yuda Bintara
   sakapat wus dumadi
   kang aran nagara
   Ratu Panghulu Jaksa

Papatih wus dadi siji
sabadan nyawa
tan salempang sademi

6. Sulton Demak ing salamine akrama
maring estri putraning
Nyi Gedheng Malaka
ika sampun peputra
jaler sakawan kang sami
Pangeran Arya
Sabrang elering kali

7. Kaping kalih kang nama Raden Trenggana
ping tiga ingkang nami
Rahaden Baskara
kaping sakawan nama
ingkang Raden Sedhang Lampir
Sulton dadiya
rampaging para Wali

8. Kinawenangaken anabuh gamelan
nama Tobal Ibrahim
nalikane pangkat
pangadheging Narendra
nalika riya-riya iki
den pitrah adha
lan waktu Mulud Nabi

9. Kasonean ngulon minggir ing pasabinan
ngalor abuntas maring
Gedheng Pakiringan
nuli iya mangetan
ing sabangkiduling kali
Pabean dadya
ngidul minggir kekisik

10. Tepung den lawangi saking Jagabayan
margining Gunung Jati

lan saking Sunean
margi kang maring Gebang
reka dalem Pakungwati
kang padaleman
miwah kang Siti Inggil

11. Pon Sultan Demak ingkang tetulung yasa
lunta amangun masjid
kan mau den tunda
mangko den tutugena
kajeng kajeng sampun dadi
pon kadya Demak
prabutan kang pra Wali

12. mungguh saking prekara leresing kiblat
pon kaya mau maning
sawusing sampurna
tumuli winastanan
Masjid Agung Carbon nami
Sang Cipta Rasa
sinangkalan dhuk lagi

13. Bata mungal mangil mungup kang sangkalan
memolo den arani
ika Sang Selatbang
para wali andonga
salametan ingkang masjid
Pangeran Bonang
andalahaken ubin

14. Ampar siji ana ing paimaman ika
bade waryata mangkin
pan mangkana uga
Pangeran Kalijaga
pon andalahaken ubin
ampar sajuga
ing paimaman ugi

15. Bangkidule ampare yakti ing Bonang
mapan mangkana ugi
Sunan Jati ndalah
ampar siji ing kana
mungguh elar saking ubin
mapan sang Bonang
wus sampurna kang masjid

16. Tegal pangalang-alang iku wis ilang
dadi tuwuh masigit
makmuring ibadah
para wali ing kana
anjungjung Sinuhun Jati
madeg narendra
ana ing Pakungwati

17. Gadah den estu suluring Pajajaran
genya amurba maring
karajaan Sunda
mangkurat kinaridan
dening Allah anyuluri
Sri Pajajaran
timbul ing Carbon puri

18. Ora nganthi karasanioun Sultan Demak
mapan mulang asih
maring Pangeran Bonang
bubar ngetan ing Tuban
Wali Sasanga pon ngiring
ana ing Tuban
angistreni Sang Yogi

19. Pangeran Bonang jinungjung kalungguhan
angrah cacangkok Tubin
wus den wulusena
layan sinebut nama
Sang Prabu Cakrawati

Susunan Bonang
Ratu Pembareping Wali

20. Nuli Sulton Demak karsa mulang marma
maring Pangeran Giri
yata sami bubar
Wali Sasanga mintara
maring Gresik angistreni
Purba Sasmata
iya Suhunan Giri

21. Den lulusaken cacangkok Balambangan
sampurna madheg Aji
nuli Sulton Demak
karsa amulang marma
maing yakti lepenjagi
jinungjung nama
pan Susuhunan Kodi

22. Den lulusaken cacangkok Wilatikta
sampurna kang sinunggi
nuli Sulton Demak
angganjari Aolya
kang padha ora nduweni
cacangkok Jawa
yata Maolana Magrib

23. Pangeran Majagung ya Syekh Bentong Lembang
sami sinungan karti
juru lados desa
kalayan sawatara
sadaya kang para Wali
sami angrasa
sihing Sang Demak Aji

24. Mangkana Sultan Demak gadah pangandika
sejati ika maring
yakti Kudus sira

sacangkok biyangira
Bulisa kang saking Tubin
sun lulusena
ingkang basa sethithik

25. Gih lumayan anganggo ajang manira
lan sinebut anami
iya ingkang gesang
Sunan Kudus ta sira
kodi Amiril Mukminin
yata sadaya
Wali Sasanga ngamini

26. Padha amuwuhi puja donganira
maring Demak Sang Aji
wus padha abubar
mernah sewang-sewangan
saenggen-enggen pribadi
mung nuju bala
dina becik amaya prapti

27. Malem Maulud sami angiryung Demak
angrobi puji bakti
ingkang tanpa sela
ikhwal dunya akerat
kang pangidhep para Wali
atitip awak
ing bab prekara dohir

28. Dupi bab prekara batin iku yata
para Wali kang sami
nanggung hal akerat
ing wong sanusa Jawa
mila sami silih asih
Wali lan Raja
sami titip-tinitip

29. Tarib-tinarik amaga lan dirgama

gemuling alam pani
ya dening dirgama
ya dening paugeran
pikih undhang-undhanging
parentah Raja
lawan patiti tulis

30. Ingkang kanggo salamining Karajaan
ing dalem tuwuh iki
ing dalem gumelar
tan ana surudira
anetesi basa genting
tan ana pegat
Salagi dunya masih

31. Malah ing Carbon sagunging kalampahan
atilad dhateng Jawi
tan karsa tinuwa
kang adat Pajajaran
padha tiru Majapait
den tiwa-tiwa
lan den arani Jawi

32. Ora katelah Carbon kawula Sunda
balik kawula Jawi
ing dalem kanyatan
sasanesipun Jawa
ila-ilanipun Jawi
ingkang babasan
pumali den singkiri

33. Dadi Sunda pasisir kasebut Jawa
sing Carbon dugi maring
Banten kocap Jawa
anurut pasisiran
Kandhanghaur miwah Junti
lawan Karawang
kabeh kasebut Jawi

XLVII. MEGATRUH

1. Mangka carang kaping patang puluh telu
saking Carub Kandha iki
carita keraton agung
ing Demak sanusa Jawi
sadaya nungkul apanor

2. Anging ika Ki Gedheng Pengging kang lumu
sebaa maring narpati
genya lagi nuru laku
asruh tapane kamengi
kang den puji ing Hyang Manon

3. Kongsiya pyambeke jumeneng aratu
amurba ing nusa Jawi
datan ana sanesipun
pandhenge milasi dadi
nyala wadi ing Kaprabon

4. Sang sudewi Andayaningrat kalangkung
genya nor ngemutaken ing
laki aja kaya iku
ndika seba ing nagari
Demak kang tuhu Keraton

5. Luwih apa Majapahit pon wus tumpur
ndika apa kang den edir
mring tingkah kang murang dudu
maring Demak para Wali
kang luhur tan kena asor

6. Datan dangu putusan sing Demak rawuh
Jaksa Bentara dhuk angling
ya tinitah ing Sinuhun
yata kinen mariksani
Ki Pengging mula tan katon

7. Sesebane punapa ingkang den anglu
wus sataun tan kaeksi
pan sanesipun padha nungkul
ing nagari mung Ki Pengging
ingkang mboten ugi katon

8. Ki Ageng ing Pengging amangsuli sampun
dereng kober dening mangkin
pijer angurusi buku
kang gadhang bade nurui
toya wening ing Kedaton

9. Kiyai Jaksa sabdane inggih sukur
lan makaten kang pahili
sampun dora ndika wau
kranten Demak kadhang Wali
awas tingal tan abloklok

10. Embok ndika den senggeh Bapaning Ratu
tan wurung dipun pejahi
yata Jaksa pamit sampun
manthuk maring Demak puri
sataun lamining mangko

11. pan Ki Pengging durung ana sebanipun
enggal den putusi malih
Patih Wanasalam gupuh
mintar ing nagara Pengging
paksanira kudu glomoh

12. Atingal maring nagara Demak iku
apa bae kang den karsi
apa maning kang den jaluk
asanga di apa maning
apan wis rong taun mangko

13. Ki Gedheng Pengging asruh ing pamuwusipun

mapan kula pijer sakit
bilih wonten senggangipun
tan wande kula ngesthi
dhumateng Demak sang Katong

14. Kiyana Patih Wanasalam sidane asruh
apacuwan goroh maning
ngajaraken sira lampus
mangko sira den pateni
dening para Wali Katong

15. Yata patih Wana salam wangsul sampun
warnanen Ki Gedheng Pengging
ika sampun asesunu
istri ayu kang pernami
kang sinebut namaning wong

16. Nyi Rara Asirayu pan jenenganipun
anenggeh den jujuluki
Nini Indang Kadhuk Arum
sedheng ing rumajang putri
nuli ana jaka elok

17. metu saking kekisik warnane bagus
nurut kali maring Pengging
tejanira pan amancur
sedya ngawula ya maring
Ki Ageng Pengging apanor

18. Dewi Andayaningrat langkung panuju
ing jajaka ingkang prapti
yen dipun alapa mantu
dumugi ing pareng asih
putri ayu jaka elok

19. Wus tinakonan ing asal mulanipun
sang jajaka amangsuli
kaula asal ing dangu

saking Cempa putra ari
Pandita Mustakim kahot

20. Pramila mriki kaula pan ing wau
asiram wonten ing pinggir
nunten dilalah katampu
maring banjir kula kentir
ing laut dalah ing mangko

21. Kaula mentas nunten anungsung banyu
dugi dhumateng meriki
nulya saking dewi sem madu
sarwi sabdanipun aris
kanthi repit manah alon

22. Bapa Kyai pakanira isun gawe mantu
anak manira pawestri
kang nama Nyi Kedhuk Arum
sun sedhepaken alaki
maring sira anakingwong

23. Yata ing semara jaka elok sanggup
dados mantune Ki Pengging
ing kana wus carem jatuh
karama ing wadon becik
kalawan wong lanang elok

24. Ing salamine elok akrama lulut
Nyi Indang sampun garbini
telung wulan ngandhegipun
tumuli mangsa sawiji
sang jaka aning peturon

25. turu kawanan dangu maksih angligur
meh tengange ika masih
kulambu masih kumendhung
Nyi Indang sampun amijil
dugi adangu den tinjo

26. ingkang tilam dipun wiyak gegubuhipun
lakine dipun tingali
rupi buaya kadulu
ingkang garang ika lagi
kemureb bari ngadhangkrong

27. Nyi Indang sigara lumayu wawadul
maring kang rama tumuli
Ki Ageng Pengging andulu
maring mantu kang wus dadi
buaya aneng peturon

28. Dewi Andayaningrat geger agupuh
ngundangi kawula wargi
padha den bisiki sampun
yen mantune ika dadi
siluman aneng peturon

29. Mangkana kawula kulawarga ingkang sepuh
nabda iki aja bribin
aja kang wawarta iku
lelingseme sapa nini
mangko yen anor maring wong

30. Becik kita padha silap laku iku
karana Indang garbini
mbok salamete ing besuk
adohir si jabang bayi
ya akunen iang samangko

31. Akunen yen mangke putune Ki Penggung
kita padha anutupi
kita masrahaken mbesuk
yen Pengging aduwe siwi
maning ingkang iku mangko

32. Ki Ageng Pengging ing kana sampun rempug
ya bener Ki kulawargi

ora kaya iki mantu
kaparimen rempug mangkin
apa sih kita keroyok

33. Kita pateni apa kita gedepung
kita buwang maring kali
warga agung aris muwus
iku aja padha bribin
mangko dalu kita gotong

34. padha kita buwang ing bangawan agung
yata guneman wus dadi
sareng dalu den kedepung
wus den buwang maring kali
sirna ingkang tampi raos

35. Ki Gedheng Pengging suka ing manahipun
sirnanipun kang kawatir
Dewi Andaya gumuyu
lah iki si Jaka Pekik
ora weruh lamon mangkono

36. Ing saiki ing ati luwih kaduhung
mung kawatir isun si
mbok manawa aning pungkur
salamet besuk yen dohir
mbok meta tetengel katon

37. Atawa menyawak iku melang isun
kulawarga amangsuli
mboten kawatir kang iku
dumadak dohir bebayi
medal mboten jinis uwong

38. Padha kita luwang maning maring banyu
dumadakan mijil jalmi
kaya apa ing sapungkur
datan duwe bapa iki
dimone melu mring embok

39. Kita amashuraken ika satuhu
anake Ki Ageng Pengging
yata ginunem wus nutug
ing mangsa lami ing lami
tekeng sumayane bobot

40. babar priyayi lanang manusa bagus
kalangkung jatmika adi
amanis sumung sumunu
mancur kang cahya nelohi
kaya nurbuat Kaprabon

41. Wus kawarta yen Geheng Pengging sesunu
jaler kalangkung apekik
namane ingkang sinebut
Jaka Tingkir kang abecik
ing Pengging kalangkung elok

42. Sami suka andrawina ning atuwuh
datan ing lami watawis
putusan king Demak rawuh
sunan Kudus ingkang prapti
Waliyullah agung solot

43. kang luwih prakosa anaker ing musuh
tan larap genya ngrawuhi
he wong kemit ageh matur
ing gustinira den aglis
yen utusan Demak mangko

44. atawa utusan saking langit rawuh
yata ika uwong kemit
matur mring Ki Gedheng gupuh
yen ana utusan prapti
winangsulan iya esok

45. aturana malebet ing kubahipun
tundhan tiga Ageng Pengging

tan gumingsir genya lungguh
Sunan Kudus asruh angling
he Gedheng Pengging samangko

46. diksura ing Ratu Adil isun hukum
hukuming Bapa ing Adil
yen sira sumaya terus
ora bareng alumaris
seba ing Demak Kaprabon

47. Palamarta jeng andika Sunan Kudus
ya jandika ngawīkani
mapan sakathahing laku
mboten pati-pati mangki
kula gingsir saking enggon

48. Yen mboten kalayan jaya Hyang Agung
mapan jandika udani
sarawuh andika ingsun
boten gumingsir sademi
jandika yan estu kahot

49. Sunan Kudus wus angunus badhikipun
den tibakaken tumuli
dhumateng ya sikutipun
Ki Pengging sira anarik
napase sapisan epot

50. Satedhane Ki Pengging ya angrepapung
Sunan Kudus sampun mijil
murude sarta anaku
bareng si macan kang muni
tumelungkung kang sayaktos

51. Tan aneh yen unggul jajane wong Kudus
yata anak Gedheng Pengging
geger kang nangis gumuruh
waneh kang samya nututi
sambat belakena kang wong

52. pabarisane umbul anungsung laku
anelingaken unining
bareng kaya aneng kidul
tur tah ing lor saktining
Bareng Ki Macan mangkono

53. Dadi kang padha nusul musuh ing kidul
pinasthiora kapanggih
krana ngalor purugipun
Sunan Kudus wus lastari
manthuk ing Demak Kadaton

54. Matur maring kang Sinuhun Demak sampun
yen Ki Ageng Pengging
sampun ing kana kahukum
pejah lawan hukum Nabi
wong ambangga mring Sang Katong

55. Pon pinaten ing sarengate Kangjeng Rasul
Sultan Demak suka ati
aningali Sunan Kudus
laksanane amejahi
ora pindho gawe mangko

XLVIII. LADRANG

1. Carang patang puluh papat panging
Carub Kandha
Sunan Jati cature
angestokaken ing sang Pandita Raja

2. Kang Sinuhun Carbon Sunan Jati
barjaahnira
pan anglangkungi agung
pinangka saloring Ratu Pajajaran

3. patihe kang nama Patih Keling
kang sanyata
tan ngepalang suhude
wus sabada sanyawa lan Kangjeng Sunan

4. Lawan Kangjeng Sinuhun Gunung Jati
kang pinangka
panghulu Syekh Kapide
ingkang asale saking nagara Bagdad

5. Kang pinangka dadi jaksaneki
hal dirgama
Pangeran Kajaksan namine
terahing Pajajaran kang langkung bisa

6. mpun lengkap kang jejering nagari
Ratu Islam
jaksa patih panghulu
wus dadi siji tan salempang ing sodrah

7. Dupi Pangeran Carbon lan patih
Kering ingkang
tinitah ika lungguh
ing Carbon Girang nama Wilayatullah

8. Pangeran Karangkendal sinung sih
nama lawan
kendaga lampit iku
lan payung kuning Seykh Lanang Wilayatullah

9. Ugi Nyi Panguragan sinung nami
ing kamulyan
Syekh Wadon Sirna Jatine
jatining wadon terus yatna abu lanang

10. Rara Bagdad sinebut malih nami
ing kamulyan
sang Rara Jati Prabu
ing samana Sunan Jati amupakatan

11. ngadhegaken Kutagara luwih
lamon ana
musuh nekani sing lor
padha den saponana resiking manah

12. yen na musuh sing wetan nekani
cangkolana
nimbal mring hawa napsu
papagen wekasan salamet ing sira

13. Yen na musuh sing kidul nekani
jaganana
kalawan tawakale
yen na musuh sing kulon anarajang

14. sangganen den rempag lawan puji
tan antara
tuli ika lamine
Raja Laut sinengkakaken kang nama

15. Pangeran Dipati Jakatra ki
kang pinangka
dadiya kalipahe
Ratu Carbon Kangjeng Gusti Sunan ika

16. Mangka ugi putra Sunan nami
apaparab
Sebajingkin waune
sinengkakaken kalawan jenengan

17. Pangeran Dipati Banten tur sinung sih
kinawenang
angangge payung agung
pon pinangka kolipah ing Banten Jeng Sunan

18. Kang sinengka pon dalem kekalih
ing Panganjang
nama dipati dalem
ingkang wonten ing ukir Bandung punika

19. Lan kekalih nama Kuwu Dipati
ing Dawuan
asal sing Demak wau
kangkat dadi panghuluning tukang sawah

20. cekele sakeh tang tinanen siti
lawan toya
wari mudhik milire
sangkane tulusa ingkang sawah gaga

21. Kacarita lawan mbendhung wari
luwih bisa
kanthi pribadine
kang kinarya papathok ambendhungi toya

22. Tan walangati ing udan angin
aning sawah
den nggo warigi wasuh
dhuk kulambi kadhut den samber ing gelap

23. Kanthi kapendhem lumpur boya mati
mula sapa
anak putu wurine
aja nganggo kulambi kadhut bok tan kaya

24. isun lawan malihe anami
ing jenengan
Dipati Panderesan iku
dipati kuwu mapan ing tukang gula

25 Cekele sakehing wong akardi
tukang mahat
kalawan gendhis gawe
sacekele tan kena sinalang rupa

26. Lan kekalih istri winastani
kadaleman
kapala nenun ngante
sacekele ingkang wangun sandhang karya

27. Kapalane ingkang den arani
ing pernama
Nyi Pakungwati iku
kapindho ingkang nama Nyi Mas Rarewan

28. Kang dadi kapala tukang daging
pajagalan
lawan saking pamburu
kidhang menjangan lawan sato kang liyan

29. Iku cekelane Nyi Dalem Rayi
ya mangkana
Sunan Jati karsane
Patih Keling kinarsa nyalini jalma

30. Pajajaran kenthang den sundhuki
kang kinarya
kuningan sari prunggu
dupi mangko karsane awangun timah

31. Tipis cilik den arani picis
drapon barkah
tunggal pon dipun sundhuk
kinarya kanggo belanjaning kawula

32. Yata Patih Keling kadya niti
pamicisan
wus gumelar barkate
luwah ing harja maring kang wadya bala

33. Ing sakul kukuban Sunan Jati
tanpa kurang
babarokah Walie
ingkang megeng karamat salami gesang

34. Tan antara Nyi Ratna Tepasari
mapan merdi
kinen aminda mande
kapatihan saking Tepasan Wilwatikta

35. nami Mande Mangu Uning Putri
adan mangkat
Patih Keling tindake
mring Demak uhun idin Sulton Demak

36. arah mendhet saking Majapahit
Sultan Demak
pan wau kandikane
aja susah sira aglis abalika

37. Mande Mangu sun anter ing benjing
aneng karsa
Sunan Jati sun estu
mbesuk ing kana sun adhegaken pisan

38. Yara Patih Keling wangsul lirih
lampahira
ning margi den sesuwe
dugi wong ngunjal bale kang sinarengan

39. Wong Demak ngaturken mande prapti
ing Pakungja
Sunan Jati karsane
adhegaken Bale aneng Cipta Rengga

40. Karana ika enggonisun mati
adadiya
rodot sarengat iku
lunta wong Demak angadhegaken pisan

41. Mande Mangu mpun palastra sumandhing
ing amparan
Ukir Sembung yektine
ingkang rinengga adi kalangkung pelag

42. Tan dangu karsane Ratu saking
Banten ika
Kawunganten yektine
bakti Budi Jajar mande saking Pakwan

43. Sunan Rengga kang pinular iki
ing aturan
wis den burak rumuhun
wong Pakwan ingkang ngaturaken punika

44. Wus den adhegaken pisan iki
Budi Jajar
palastra sumandhing wus
Linggar Manik abecik ingkang den gadhang

45. mati pinukur duwur mundhak iki
malah yoga
Nur manik puniku
ing benjing padha kita enggo Astana

46. Lami-lami Sunan animbali
asasawah
kang pasthi patang bau
Ki Gedheng Bulu kang nuhun barkat Sunan

47. Dadi dinuluran karsa Sunan Jati
gaga sawah
ingkang pasthi saenjung
pareng panen olihe mung sakaranjang

48. Mula katlah mbesuk desa iki
Desa Junjang
Gedheng Jungdjang kang ngenen
barkat nutug ingkang pari sakaranjang

49. Den pangan sataun prandene luwih
datan telas
ya sang Wali barkate
wateking wong kinasihan kaduluran

50. Lami ingagesang ana mungkin
ingkang prapta
sejati sedya guru
Gedheng Cigugur ing kana puruhita

51. Anama Ki Gedheng Cabolan Wari
sabda karya
ing Sinuhun maguru
salamine dipun wulang mung sahadat

52. Dadi kirang renahe ing ati
lawas pisan
nganthi kalanthi iku
dadi pamit manthuk atine anacad

53. Kapendhak lan Pangeran Paluping
sedya beat
maring Kangjeng Sunane
den pelatuki dening Gedheng Cabolan

54. Pake naon guguru ka Sunan Jati
pulanganana
cek kami taya guna
ngawulang kami meunang tilu bulan

55. Sugan aya deui pamulang jati
taya pisan
ngan sadat kalimah bae
pangrasa kaula geus bisa sorangan

56. Pangeran Kuningan lunta ngabdi
Kangjeng Sunan
ing arsa Sunan guru
telung wulan nulya sira apamitan

57. Langkung pangestu Pangeran Palping
dhuk nalika
mati ing Tegal Kacung
ing dedelan tinonggon dening kang putra

58. Malihe layone ingkang jisim
glis mendagdag
Gedheng Cabolan pareng
lintang marga kapendhak kalawan batang

59. Ngentu-entu jar isun lah nuli
bapanira
maksa amanjing kudu
kadadyane mati abatang butungan

60. Sareng sinabdan mangka kang mayit
angles dadya
kang jisim dados alit
Gedheng Cabolan getun ing manahira

61. Sareng kari sakudhuping mlati
adan sigra
enggala den telangkep
kenging dening kang putra binakta pulang

62. Yen renggah-rengguh murid sejati
maring bengat
kawuryan jisim iku
lalis kadya sakudhuping mlati gilang

63. Katitik ing Jeng Susunan Jati
lah yen ika
murid tilar urip mpun
dadya kang putra sinengkakaken kang ana

64. Nggentosi bapane kang ngemasi
malih ika
sang Pangeran puniku
turuning murid kang satuhuning sanyata

65. Dupi Gedheng Cabolan den arani
ika nama
ya Ki Gedheng Cigugur
dening den kukum gugur genya puruhita

66. Batal murid sabab dening manci
pamulangan
mung kang den wisik iku
sahadat deui tea geus bisa sorangan

67. Karana Sunan Jati wus uning
ingkang sedya
manci ya maring guru
kauningan kang repit lawan kang ganal

XLIX. PUCUNG

1. Kandha Carub
anrubusaken carang ingkang patang puluh
punjul lima ika
anenggeh cariyosneki
Ratu Sindhang Kasih pala dara wau

2. tampa durung
wejangan kalimah kalih iki wau
sahadat yen iya
katemu lagi pon ngimpi
kang den udhag wau dening Sunan Rengguh

3. Nyana iku
yen wis merad mau sadaya sakutu
lawan Dalem Kiban
tur nyaluwat lakuneki
merad sekal kulawarga ing panusup

4. Dadya mangko
padha mring kayanganira samiya manthuk
ing kedatonira
amulang ing Sindhang Kasih
mulangaken aji pameradan iku

5. Sanak putu
winulang tuwuh ing pameradan ilmu
ing malem jumuah
mapan wus teteh puniki
kang pinalar tiru maring Pajajaran

6. Lan mring guru
sakaro ta sira Kyai Tegal Gubug
mapan dumadakan
sira Islam we pakolih
mana ika mau dal

7. Mangko isun
ganjar anama Kapatihan alungguh
apamit samiya
loro gegedhen sami
pejah nuhun bakat dunganipun

8. Gedheng iku
Gedheng Susukan dhangdhan sami nyalimur
seja dhingin lampah
ambrih ngarep dhewek olih
lampahe katilar Gedheng Tegal Gubug

9. Yata iku
Dalem Sindang Kasih mapan weruh sampun
yen musuhe prapta
adan animbali matri
ken masang balabar mring pusaka iku

10. mubeng sampun
mapan kabeh karatone sampun tepung
ki Gedheng Susukan
kaweleh ing kasekteneki
datan bisa kadhangan balabar iku

11. Blabaripun
mapan ika waring kalangkung ateguh
sampun sinurakan
rame mring wong Sindang Kasih
dadya miri wirang Gedheng Susukan iku

12. Ya kasusu
trangginas lajune Gedheng Tegal Gubug

kang bawa laksana
kang waring ageh den wisik
bala Sindang Kasih abubar lumayu

13. Ingkang wau
Dalem Digja sidhakep manah gegetun
ningal kang pusaka
beda datan suwe iki
Dalem Digja sakulawarga agupuh

14. mangkat wau
ambles ing bumi wus katingal ing musuh
binedhag ta sira
den cawel datan keni
putrine loro kang kacandhak pan sampun

15. kang jejuluk
pernami Rarasa lan Ririsi langkung ayu
kacandhak ing asta
kiwa lan tengen sakalih
cirak-cirak suka Gedheng Tegal Gubug

16. suka sampun
nalika suka ana swara anguruh
aja girang-girang
sira olih loro putri
nak putunira aja kalambuan mbesuk

17. Mangke mbesuk
ing sawuri yen bumi iki anjaluk
dhateng ratunira
kawasane amung kari
namanipun bae titenana mbesuk

18. Dadya iku
Gedheng Tegal Gubug kalangkung gegetun
ing sawangsulira
sakehe wong Sindang Kasih
den kerig amerad kang ora akatut

19. Dadya iku
kawangen lampahe Gedheng Tegal Gubug
ngarereb neng sawah
neng gubug reren anganthi
balawarakan sadaya kalesan wau

20. Dalu sampun
Meh rahina saliring sadaya turu
ora kaya ingkang
asandhingan loro putri
amung awangi semu sedhep asmara mau

21. kanthi iku
wus den karoni putri loro ing gubug
tan kangkat tangana
jar wis dadi boyonganeki
sampurnaning kang krama sacombana wau

22. Kocap mau
Gedheng Susukan mapan andhingini manthuk
medhek ing ayunan
Sunan Jati kalaneki
aturira kula angsal karya sampun

23. laku sampun
Dalem Digja Sindang Kasih sampun lampus
kantun ingkang bala
sadaya ta ing samangkin
kula pejahi babar pisan rajanipun

24. Dados iku
kang kulawarga kula akerig sedya katur
tumunten ing marga
direbut sadayaneki
dening abdi sampeyan Gedheng Gubug

25. Sapuniku
dipun angken sadaya pikangsalanipun

Kangjeng Susuhunan
awas ing tingal kakalih
mesem-mesem nabda iya endah iku

26. Kudu weruh
sanajana idin isun Tegal Gubug
yen olih boyongan
tan wurung katur mariki
sira aja pitnah iku ora bagus

27. Mapan sampun
wus sun jenengaken aranira iku
nama patih Sumbang
datan suwe antaraning
ngaturna boyongan Gedheng Tegal Gubug

28. Prapta sampun
ingkang sarta putri loro dipun katur
ing Kangjeng Susunan
nuli pan kandikaneki
kula bala Sindang Kasih kabehipun

29. Kang sun pundut
dadya sira gelem ngabdi maring isun
tekeng tedhakira
anadene putri kalih
sun paringaken ing sira den rabenmu

30. miwahipun
lan sun jenengaken patih Rurusuh
Sunan Kodi Jaga
sarwi mesem delingneki
kenang apa kowen ambeber ing laku

31. Sira iku
Ngaturaken pepesan kosong mring Ratu
apa nyana sira
nunasi maring narpati
patih Rusuh ngaraos ing dosanipun

32. Nulya sujud
sumungkem ing padhane ingkang Sinuhun
anuhun pertobat
Sunan jembar apuraneki
kandika sun lumusaken sira bagja

33. Ndika iku
gawanen putri iku loro kang mulus
dadya rabinira
patih Rusuh aturineki
sarya pamitan sakalangkung kasuhun

34. Nulya wau
adan patih Sumbang amedheki sampun
ing ngarsa sang Sunan
dikulan panembahireki
apunten dalem putri satunggal nuhun

35. ujaripun
karanten kaula sareng alumaku
den tekeng pikangsal
lawan kang jempolneki
sinten nguningaken ing tetiyang untung

36. Abdi nuhun
nanging abdi mapan leresipun nuhun
pasihan Jeng Sunan
Sunan Jati amangsuli
kenang apa sira ngucap kurang mau

37. Iki mau
wis kadalangsung ucapan ujar ingsung
amung si manawa
jaken ing padha diri
patih Sumbang gagancangan sigra kondur

38. Celuk-celuk
awakca ujare ana ing delangkung

patih Rusuh nyentak
sacuwil sewang tan olih
andik rekoh sewota sedya papan sun

39. Terusipun
saking mau sira laindat-salindut
pan mungguh ing Allah
ing sira pamelehneki
patih Sumbang kalesan sadyanipun

40. Kocap sampun
tan antara lamine ki patih Rusuh
garwa putri pelag
akir-akire malesi
wong Tegal Gubug wadone akeh kang bagus

41. balik iku
lanang ingkang kaya menyoreng lan kunyuk
yaiku martabat
saking putri loro iki
lami-lami kinarsa yan patih Rusuh

42. Dadi njujug
penutus maring Demak sigra lumaku
diwegira parata
ing Brebes jol atineki
anaratab ana apa ing omahku

43. Dadya iku
cangkewak wangsul malih mring Tegal Gubug
ing umahe mendhak
patih Sumbang aneng riki
putrinira sakarone rasan lungguh

44. Andik gupuh
bramatya nalane ya sang patih Rurusuh
gupuh patih Sumbang
cinandhak sinendal aglis
kuwel uleng katibanting susurudug

45. Kocap iku
medal ing sawah sakaro taker wasuh
kaparengan ika
patih Rusuh kasleo ing
keyong tibane kanggek kantana mau

46. Sapuniku
patih Sumbang aningali musuh rubuh
tan karsa alunta
dadi kesah gancang aglis
isun wirang musuh lawan batang iku

47. Nulya iku
anglilir patih Rusuh ningali musuh
tan ana ing kana
dadi merem atineki
ngraos yen piyambeke winales wau

48. Dhuk rumuhun
angraos memeru ing kagungan Sinuhun
putri dhuk tatkala
ing gubug karesmen sami
mangko dadi dening Sumbang den memeru

49. Lingsem isun
kaniaya kiyong ing panedhanisun
pasawahan ingwang
aja ana kiyong nganthi
nuli lunta lampah ngetan patih Rusuh

50. Sigra gupuh
maring Demak ambakta karsa Sinuhun
ayun bebesanan
lawan Demak sang narpati
Ratu Ayu Carbon dipun tikah ayun

51. lawan iku
maring putra Demak ingkang awulangun
ya Pangeran Arya

Dipati Sabrang ler iki
antaranira lunta ing Demak pengukus

52. Sapandulu
kocap ing Carbon ing sapraptanipun
Ki Gedheng Cabolan
atur ing tobateneki
maring Jeng Sunan manjing sahadat wau

53. ing rumuhun
dhuk nalika ningali Gedheng Palupung
dening bisa pejah
angles ringkes ing jasmani
kapengen kemen mangkono kang sira tiru

54. Sapunika
Kangjeng Sinuhun Jati tan karsa nemu
ing murid Cabolan
rehing wus gugur ing kapti
Nyi Mas.Panguragan kang amanggihi iku

55. Mapan iku
winangsulan.dening Nyai Mas iku
he Gedheng Cabolan
sira wus tan angsal mangkin
guguru mring Sunan kene sabab iku

56. sira iku
tekade uwis padha anggugur mau
manci ing sahadat
ngulatana bae resi
lian kang muruk luwih sahadat iku

57. Sira weruh
mapan akeh para wali kang ginuru
dene beatira
kang mring Sunan Carbon iki
ora den angken kamuridan wus gugur

58. Mapan iku
amung den angken pangabdinira kang estu
kang babasan umat
Cigugur namane iki
katelaha tumeka ing akhir windu

59. Nulya iku
yata Ki Gedheng Cigugur sampun wangsul
kocapa Susunan
Jati Carbon ingaden dening
kawula bala saking kasundan Ratu

60. Mapan iku
yen arah wangun atilad ing Majalangu
pakuing nata kang
bagi nama Wadu Aji
kang linggih ana ing Gebang iku

61. kinaweruh
Jagasatru putra kadipaten guru
Arya Pandelegan
putra Kuningan ayakti
kandha mau putra gegedhen ing Susuk

62. Dene iku
putra saking Pasir Sabrang kang sinebut
Arya Kanduruan
dupi kang winawangen iki
Gedheng Senapati ing pinarek Mundu

63. Mapan mau
wis lepat ping pimane Kangjeng Sinuhun
Carbon amadiya
pandita ratune jati
kadhang malaikat abadan Allah estu

L. PRALAMBANG

1. Carang ingkang kawan dasa
pinunjul nenem punika
saking panging Carub Kandha
anenggeh ingkang carita
para wali kang sasanga
kang ana ing nusa Jawa
karsanira majemungan
alinggih ing pacareman
sela pacareman iya

2. Wonten ing Giri kadatyan
ing dalemipun pandita
Kangjeng Sunan Giri Gajah
sampun sigra makumpulan
Sunan Kodi ingkang warwar
angempelaken sadaya
para Aolya Nusa Jawa
Sasanga ingkang angejawa
sinihan ingkang Kawasa

3. Samya nenggeh kasamantan
alampah sakedhap netra
wadi liman gagancangan
sampun sami rerempagan
jangjen-jangjen apersami
Aliman Mutakaliman
aja na gama dirgama
wong sasanga dipun padha
dados satunggal ing cipta

4. Darapon sampun abeda
mungguh tohid ing Hyang Sukma
den arani atunggal ya
persami amyak balabar
aja ana tinedhengan
sadaya samya ambabar

ing tekad-tekad priyangga
dhumateng awarahnira
wangkiding Guru kang nyata

5. Pangidhep kita sadaya
maring dat kang Mahamulya
yata sadaya wus rempag
ingkang rumihin ngandika
yata Kangjeng Sunan Bonang
utawi kang aran Allah
jatinipun dede dat ya
ingkang sinembah punika
anging ya ingkang anembah

6. inggih ingkang asinembah
punika tan ana liyan
yata sampun katarima
dening kang wali sasanga
Pangeran Majagung nabda
utawi kang aran Allah
ing sanyatane tan ana
wujud anging iku Allah
ingkang datipun satunggal

7. datan wonten kekaliha
yata sumerep wardaya
wardaya wali sasanga
Sunan Jati angandika
utawi kang aran Allah
punika inggih Pangeran
ingkang yakti darbe iya
sipat kawula punika
wajib mokal lawan wenang

8. Wus sumarira ing rasa
Rasul kang wali sasanga
Sunan Kodi Jaga nabda
utawi kang aran Allah

punika ingkang tumingal
mboten wonten sanesira
layan ingkang tiningalan
tingal-tiningalan priyangga
wus kadahar ingkang rasa

9. Reseping wali sasanga
Syekh Bentong nuli ngandika
utawi kang aran Allah
inggih punika nanging tah
dede punika ingkang dat
anging tiyang bodho ika
tur cekap wus kaanggepa
sabdanira ingkang rasa
dening para wali sanga

10. Maulana Magribi nabda
utawi kang aran Allah
jatine inggih punika
sanese dening kang jasad
yakti inggih ika uga
resep suraose manah
hidup kang wali sasanga
Syekh Lemahbang angandika
utawi kang aran Allah

11. punika inggih kawula
ing pundi sih wonten Allah
kang sanes saking kawula
kawula abadan Allah
Maulana Magrib anyengkah
kenging punapa mangkana
jisim wastane punika
mokal Allah warna rupa
pan kasiku dening sara

13. Syekh Lemahbang datan kena
den sendu sangsaya hunta
sabdane mboten yen kula

si inggih nyatane Allah
kaula jatining Allah
mboten ajeng karorehan
pon wau sampun ubaya
jangji amingkis balabar
jangji angrampak larangan

14. Sapinten dadosing cidra
mentah mateng mungguh kula
Molana Magrib anabda
nggih tuwan atur kaula
sampun sabda kadadawan
mangke ya kenging kukuman
Syekh Lemahbang wangkeng sabda
tiyang anganken Allah
mboten ajrih ing kukuman

15. Sunan Kudus anembalang
sabda watak barangasan
lah tuwan sampun andhangdhang
kula ingkang ambecaka
dadane wong ngaku Allah
sampe tekeng antakanya
tuntuten apa tah rosa
dhumateng Susunan Bonang
sapinten punika eyang

16. kukume tiyang punika
ingkang purun ngaku Allah
Sunan Bonang angandika
kapir kukume wong ika
wenang yen den patenana
Susunan Jati ngandika
kaula kang ana nedha
yen Syekh Lemahbang kaukuma
rehipun nembe sapisan

17. wenang kita ingagesang
layan adil pala marta
ing wong kang salah sapisan
dumadak mindone benjang
pon sayogiya ingapura
layan adil upama mara
saparyogine kang kena
wong iku den emutena
dumadak ping telu salah

18. amarga angaku Allah
tan ngidhepa ujaring wara
inggih sejeng pinejahan
Syekh Bentong nembalang sabda
inggih leres karsa nata
ing Carbon kadi mangkana
karanten nadyan sapira
punika jeng Syekh Lemahbang
kapir indanas kewala

19. layan mungguh ing Hyang Sukma
piyambek mboten uninga
Pangeran Majagung nabda
inggih leres karsa tuwan
Kangjeng tuwan Syekh Bentongan
sejatene mungguh kula
Syekh Lemahabang wong kapir
ananging sampurna iman
lah cobi-cobi ing benjang

20. datan katon ing awuryan
Sunan Kodijaga nabda
prayoga ingapuntena
ing tiyang salah sapisan
bilih dereng uning marga
karanten marga punika
kalangkung ing warna-warna

bilih mangke kaelokan
sampun kantos kathah barak

21. leuheung sih angluntah
dhumateng basa pacareman
sampun apunggel kapapas
ing tekade Syekh Lemahbang
mapan kantun Kalijaga
wali kang dereng ngandika
ing atase sabda rasa
pacek kang guru utama
sasampune Syekh Lemahbang

22. mboten kaserep kang sabda
dening karsa waliyullah
katampik ing tekadira
mboten pajeng caremira
lir anggane wong akrama
eling mbok manawa wenang
ingusadan dados waras
dumadya ika alunta
Sunan Giri angandika

23. Utawi kang aran Allah
nggih punika nama kula
nanging mangke mpun panedha
ing panjenengan kaula
sinebut denira nama
jejuluk Prabu Sasmata
yata suraning acipta
ing dalem cipta pra olya
para wali kang sasanga

24. Tan sadaya yen maidoa
ing pacek Syekh Andayaliman
mangka anabda sang Sunan
ing Kudus panutup iman
utawi kang aran Allah

lawan kang aran kawula
punika lir kadya surya
ing sonten kalawan enjang
ing tunggale mboten tunggal

25. Bedane mboten abeda
tamat amung samenika
careming Wali Sasanga
minangka kangge pangeram
boboting iman ngaislam
raketing makluk mring halak
pangangge sangu ngakerat
lahir batin tan sumuda
ginawa ing telenging hak

LI. BALAKBAK

1. Dhuk wonten kadatyan ing Giri, *purwane*
Yata mpun sami bubar maring, *Demake*
Majmungan ing prakara hal iki, *dunyane*

2. Ayun ningkahaken ratu sami, *karsane*
Ratu Ayu Caruban putri, *putrane*
Kangjeng Sunan Maolana Jati, *Gununge*

3. Wus den alap mantu dening, *Sultone*
Pinanggihaken lawan iki, *putrane*
Putraning Sultan Demak iki, *namane*

4. Pangeran Sabrang lering kali, *Demake*
Sampung sadya ngungelaken iki, *wasyate*
Kang Sukati je karajaning, *waline*

5. Mpun bubar mring pernahireki, *kantune*
Kang peryayi Demak sanak sami, *sukane*
Andarwina ing sajejeging, *bungahe*

6. Datan ana malang-malang iki, *karepe*
Ratu Ayu Carbon akrami, *ing Demek*
Kalangkung ing kinasihan dening, *mertwane*

7. Sulton Demak tan den kantha-kanthi, *emane*
wus den kantha putra ireki, *pyambeke*
Ngkana Ratu Ayu kumarasening, *Demake*

8. Tinunggu ing kawibawan iki, *mulyane*
Tan kawoworan tegesing putri, *temune*
Satuhu trahing kusuma iki, *tempuhe*

9. Lan wijiling tapa sayakti, *benjinge*
Ing Carbon awet pribawaneki, *lawase*
Katingalan ing waryatinaning, *mulyane*

10. Angungkuli mring Demak iki, *karsane*
Kangjeng Molana Sunan apik, *karnane*
Ing barang lampah tan karsa iki, *milike*

11. Sakadingahan malah dadi, *raharjane*
Ing Carbon mula awit ya iki, *wantune*
duryat kang sinihan Rasul iki, *mulane*

12. Beda karaton aneng Demak iki, *kwasane*
Sadela nulya apindah iki, *tan awete*
Tan langgeng kawibawaneki, *miyose*

13. Wiyosaken sarah nak putuneki, *prabute*
Silih rendah silih gantosi, *karepe*
Kang bagja sabab awor rembesing, *cinane*

14. Ibu Jeng Sulton Demak iki, *selire*
Sang Brawijaya ika asaling, *cinane*
Istri totos saking Cina iki, *milane*

15. watak sarakah ing satedhaking, *turunane*
rewah nggone wibawa benjing, *sanese*
sejen sanalika lakaring, *karepe*

16. Wong sinembadan kocap wali, *sangane*
samya kempel ingatturan sami, *ing Carbone*
Karsanira sang Sinuhun Jati, *nalikane*

17. Karsa mantu lawan wong Agung iki, *sabrange*
putra Syekh Jatiswara yogi, *yaktine*
kang wasta Pangeran Atas angin, *namine*

18. Neng Carbon karsa panggih lan putri, *putrane*
Sunan Molana ing Gunung Jati, *karsane*
kang wasta Ratu Winaon iki, *dhuk namane*

19. Rakanira Pangeran Sebakingkin, *ing Banten*
kabeh kang sasanga para wali, *sasampune*
sami amuji andongakaken iki, *ing awake*

20. kang becik kramasira iki, *sartane*
rinempug denira Atas Angin, *Pangerane*
Lininggih marwata suta adi, *tumute*

21. Banten nagara lawan kang rayi, *rayine*
muwuhi kukuhing Banten negari, *harjane*
ya dening Pangeran Atas Angin, *marutane*

22. miwah Raja Sengara eyangneki, *pinangkane*
Baitu anta adel-andeling, *nagarane*
datan ana anging parajeki, *kalise*

23. Langkung harja ing Banten iki, *dadine*
winuri trahing Jeng Sunan Jati, *barkahe*
dadi pangeling samudayaning alit, *karsane*

LII. SUMEKAR

1. Carang patang puluh pitu saking
pang Carub Kandha nutur carita
Sultan Demak ngemasi

para Wali
kumpul mulasara

2. Kantos patang puluh dina nuli
kang den angkat gantos Sultan Demak
Pangeran Sabrangler kalih
kang sayakti
ika putra pambarepe

3. Sarta nabuh gamelan Sukaati
mang dadya Ratu Carbon sinengka
tata linggih prameswari
lan sang Aji
Demak kang anyar jenenge

4. Nami Kolipah Amiril Mukminin
kang barkah pra wali sung nama
njungjung jeneng kang alinggih
linggih Aji
Sultan Demak jumeneng ngke

5. Tan antara lami wonten nisip
sedya wangkal datan karsa seba
turunane rakyan patih
kang anami
Gajah Mada pan jenenge

6. Turune kang neng Lasem asingid
kang nama mangke Raden Andura
aglis wis den parepeki
dening wali
Susunan Kudus jenenge

7. kang sakti mantra prajurit wali
prang wadana senapati rananggala
anjajah kang estu nisip
den tutugi
Andana pakarepane

8. Wantu Sunan Kudus wali singgih
segut ganas sidik barangsangan
atilad Baginda Ali
sang prajurit
luwih sinebut namane

9. Macan Allah Demak datan tandhing
anging ika Sunan Kudus iya
kang kinarya tambah jurit
ing narpati
liring ing sang prabu karsane

10. Andara ing Lasem den prepeki
den tigas janggane katep pejah
gumuling tinilar kari
matur yen wis
kapunah bala witane

11. Langkung suka Sunan Demak mangkin
renah uninga ing kalaksanan
mapan Sunan Kudus mangkin
nganthi maring
Karaton Demak purwane

12. Miwah pandungan ing para wali
kang amuji kamulyaning Demak
ikwan dohir batin sami
kang persami
panganutan salawase

13. Kocap langkuhira dumugi batin
ingadene pangrenggat salawas
lunta satedhake nuli
ing salenggah
karsaning Hyang Sukma ugi

14. Sultan Demak pan ingkang puniki
mboten lami amangku nagara

amung kalih taun singgih
gantos iki
Aji Demak satalanjunge

15. Dereng kantos amutrani nuli
Sultan kang iku nuli sumala
pinetek sakuloning masjid
sagnah sami
alayan ingkang ramane

16. Pon para wali kang samya ngapti
kubur para Sultan aning Demak
aning kuloning masigit
mangka dadi
kang para wali guneme

17. Kang den angkat Sultan anggentosi
Sultan kang sampun wapat punika
ingkang sinebut anami
amiril iki
Raden Trenggana jenenge

18. Karana Sultan kang wapat niki
datan kagungan putra kerajan
gumantos dhateng ingkang arayi
kang ing wuri
ing Demak anyar rajane

19. Nama Sulton sat hakekat tul alim
ing Demak pinuja ing pra olya
pinuji ing para wali
wondene rayi
rinempag Sunan cangkoke

20. puri aneng Jipang sengka nami
Pangeran Arya Dipati ika
kang aning Jipang alinggih
karatoneki
mashur Arya Jipang mangke

21. Sunan Kudus den tikad kendali
tan keringan wadi kang tingkah
mring nitine gung bopati
teguh sakti
jaya digjaya lan wonten

22. kang padha dinulang mangap iki
ander-ander kapara yatnan
pambeking sang Aryo Jiping
yen ing mangkin
Sultan mati beh nitine

23. piyambeke kang dadia gantosing
tan ana lyan kang den embeng Demak
sasirnanipun kang raki
para wali
mesem ningali tingkahe

24. Pan dalining sabda para wali
sihing Allah gayuha tan kena
Sunan Kodi anembungi
sabda inggih
aleres dhuk pribasane

25. Den gayuh luput den tinggal nututi
yata ika ing Demak raharja
nata nyar kalangkung adil
mboten mambri
ing hal dunya dhuk condhonge

26. Mangka Sunan Jati basaja ling
he putra Sultan Demak ing prakara
raka saiki rehing wis
rongdha iki
isun epri ing mulihe

27. mring Carbon lilanana kang sajati
Sultan Demak ature sumangga

raka Ayu pan ya rehing
sapuniki
tuwan karsakaken manthuke

28. Mangga katur napa dening waris
kang kasebat ing sarengat Rasulullah
kaula sadaya amin
mboten epri
dhateng milik kang waweneh

29. Sunan Kali nuli animbali
ing Pangeran Makdum karsa ambagya
sajejeging kukum waris
mayit laki
ingkang atilar garwane

30. Layan sadherek jaler dan nuli
Pangeran Makdum tangginas karya
purude kang den paraid
sampun dadi
kinukuhan masalane

31. Sultan Demak Arya Sedhang Lampir
kabagen albaki saking garwa
Ratu Ayu diparingi
saparating
milik kang mpun semeren

32. Pramila Ratu manthuk pakolih
waris sinaksen wali ing Demak
angsal gamelan Sukaati
ya sing Demak
marmitane Carbon ana unen

33. Ing Carbon kawitan ana Sukaati
ya sing Demak pikanthuk warisan
Ratu Ayu lagi mulih
rangdha saking
Jeng Sultan Demak Sabrangler

34. Bubar ingkang para wali sami
ing pernahira sewang-sewangan
Sunan Jati sampun linggih
ing nagari
Pakungwati karatone

35. Lami-lami agesang watawis
wong Agung rawuh saking seberang
pandita kalangkung singgih
ratu luwih
ingkang apethak getihe

36. Nama Ratu Bagus Paseh mawi
karajan kalem sikepe madya
pedhang ules mawi bedhil
amukulin
panglima papat namane

37. Gagak rinangsi jalma cemani
pedhang sinandhang ireng busana
lan sijine maning nami
ing prajurit
Kunthul Wilanten jenenge

38. Wong bule sandhange sarwa putih
sayuga kapodhang kang binarean
wandan kuning den sandhangi
sarwa kuning
lan siji maning namane

39. Bebido Gering wong ulat kering
sinandhang rebabang-rebobong kaya
ciler-ciler yang agering
api-api
ing kedhadhar-kedhodhore

40. Nging yen nemu gawe prayatna luwih
perkosa iku wong papat paesan
upacaranipun aji

kang anami
Gusti Ratu Bagus Paseh

41. Yeki kang rumihin den wangkidi
nusul yen wis salawe warsa
pramila ing sapuniki
ingajawi
dhumateng Carbon karsane

42. Seja pareng mati urip ngapti
mring Sunan Molana Jati ngawula
sing dohir tumekeng batin
angangken sih
sinihan ing sakarsane

43. Dadya pinaringan garwa saking
rangdha nata saking Demak nama
Nyi mas Ratu Ayu singggih
arah paninggi
kawantu sami-sami sukane

44. Sinaksenan para sasanga wali
samya dedonga kang sata muja
amuji dhateng hyang Widi
nggih puniki
kang gadhang tumurun ngereh

45. Lami-lami akrama sang aji
paputra ika kakalih lanang
winastanan kang sejati
ing anami
Pangeran Agung namane

46. Satunggal malih winastan pernami
mapan jejuluk Pangeran Dewa
anuli tetiga istri
kang sawiji
Ratu Agung paparabe

47. satunggal malih istri anami
yeki Maha Ratu Saluwetan
kang waruju den wastani
istri nami
Ratu Wanawati ike

48. Mangke gumelar nak putu Gusti
duryat Rasulullah kang ngejawa
ing Banten ing Carbon mangkin
wus dumadi
Jeng Sunan suka sukure

49. Amamantu Ratu Ayu dadi
wus sabadan sanyawa urip sapolah
datan lami malang ati
saking urip
dumugi maring sumeren

50. Kinudhang layan benjing ngemasi
aja tebal kubure ing gurnapa
sajajar pati uriping
lami-lami
sami darbe kasenengane

51. Sunan Jati ngon-ingone paksi
nama Kokok Beluk Dudaraga
idheping karsa sang wali
anjenengi
ing saban waktu unine

52. Isa Subuh Duhur Asar Magrib
bagus pisan kaya ta pangundhang
ing adan solat wancining
pangeling-eling
ika mungguh salamine

53. Tu Bagus Paseh ingone paksi
manuk Sidakari namanira
sal king Paseh angajawi

tumut ngiring
ing salinggihe gustine

54. Pangeran karangkendal kang paksi
sapasang Dadali Pethak ika
asal saking sabrang ugi
ingkang sami
datan karuhan enggone

55. Nanging yen na gawe sambat dadi
padha teka anut sakarsanira
yen mpun tutug ingkang kardi
sigra goib
datan karuhan enggone

LIII. DHANGDHANGGULA

1. Carang patang puluh wolu saking
panging Carub Kandha anyarita
Sultan Demak ing samangke
Sultan Trenggana sampun
cinarita agung kang siwi
kang pambarep sinenggah
namine sinebut
Pangeran Demak kinudhang
kudhang mapan badhe anggentosi dadi
ing sasirnaning kang rama

2. yaiku dadi ngedohaken ing
darajatipun sang Arya Jipang
ya sote mau lungguhe
Sultan Trenggana nyulur
kang raka kang bang leripun kali
sababe Sultan ora
pisan darbe sunu
mila dadi karajaan
bebebere mring Sultan Trenggana mangkin
bedha mangko Trenggana

3. Sugih putra marmanipun dadi
nyempolehaken karsane sang Jipang
wus Hyang Widi karsane
maka putra panggulu
kang den sengkakaken dumadi
anama Pamanahan
linungguh Parabu
ing kana ing Madiyun ika
ing nagara Madiyun wus olih rabi
putri Banten Sanggrahan

4. Putrine Dipati Sebakingkin
nami Ratu mas Bintara Warsa
katelah ing Madiyune
Ratu Ayu Madiyun
mangka adhining pangguluneki
aneng paparabira
Kadiri Angratu
mangkana ingkang panengah
estri nama Ratu Tumenggung alaki
aneng Katamenggungan

5. Adhining kang panengah ya estri
sinebut nama Ratu Jepara
pan punika paparabe
sarehing ingkang wau
nampi paparing leberan saking
ramanipun wau
Sultan ing Demak punika
sihira sampun amaringi dumadi
ing cacangkokanira

6. Sabab Serang salikur pulo iki
maksih kawilang sasebanira
den titi ing ladurate
dhuk Majapait mau
ora bedha ing Demak mangkin

marmanipun Palembang
sinungaken iku
maring ingkang putri ika
kang aneng Japara anging Palembang iki
tan manut ing Japara

7. Pakarepane masih anuli
seba ing Demak Sultan ing Jawa
lah pan iku marmitane
Syekh Bentong dipun pethuk
dipun boyong kinen angalih
maring balad Japara
kinarya tettunggul
payung wali binagawan
ambarkahana ing salinggihe sang putri
Dalem kang neng Japara

8. Syekh Bentong tan langgana ing wisik
sampun apindah saking Karawang
aning Japara lungguhe
panunjung ingaguru
binaktenan dipun guroni
aneng praja Japara
iya dening iku
akeh wong Palembang teka
dhumateng sadaya barkah karamatneki
ing karamat kang mulya

9. Singa kang tan tumut padha kenging
cangcala sangkalaning wilalat
saestu iku tulunge
Syekh Bentong donganipun
amayungi Japara puri
putri panedhi Demak
ya sang Ratu Ayu
adhining panedhi kapan
istri kang nami Ratu Jawa sajati
kang sampun angsal krama

10. putra Sinuhun Carbon kang nami
ya Pangeran Barata Kelana
kang sedha ing laut mbesuke
putri Demak waruju
Ratu Alunan dereng laki
maksih timur sumedya
warnanipun ayu
kocapa Sultan Trenggana
saking Demak layar karsa atetilik
sanake ing Palembang

11. Wus kaurugan aneng jaladri
ambeneri Carbon papanahan
ningali komara gedhe
sumung ing langit murub
den kira-kira ing pasisir
Carbon den nyata kabar
Sultan dadya gupuh
sadya lalawad ing Caruban
tejane ingkang amurub muncar yakti
tejane Kangjeng Sunan

12. Jati Carbon Ratu Komaradi
intening jalmi Ratu sajagat
Sultan sigra panor ageh
ing ayunan Sinuhun
matur sadaya anglebeti
beat ilmu kang hak
wawangkid Hyang Guru
Sinuhun Jati karenan
atumon ing karsane Sultan amanjing
wirid apuruhita

13. Langkung sihe Jeng Sinuhun Jati
genya mulang jatining iktikad
ingkang suci sabenere
Sultan Demak kalangkung
sumarira atampi pawiwih

ing makripat sanyata
maring Hyang Agung
malah alami ing kana
Sultan Demak ing Carbon suhud anyantri
mangunaken astana

14. Karana Kangjeng Susunan Jati
ing gesang sampun angandika
ing mbesuk sahingga mangke
isun sing dunya murud
kurnapanisun poma mbenjing
peteken anang linggar
nur manik ing Sembung
karyanen rodoh sarengat
tiwa-tiwae Astana Bethullahi
kubur Sunan Anbiya

15. Sultan Demak kang sugih pangarti
adan tarekat mangun ken yasa
kutha-kutha sagedhene
ing luhur Gunung Sembung
pinapar tundan pitu abecik
ingadi wawangunan
dalem puri pintu
Putri Cina kang pinular
ampar beling padasan beling kong beling
ngintaraken putusan

16. Enggalira mring Cina nagari
yata wus mintar ing kaputusan
datan lami wangsulane
angsal tigang parau
sarana sarwa beling adi
Sultan Demak asuka
rehing wus kadulu
sakarsane wus kapasang
wus asikep warna Rodoh Sarengatneki
latar tundan sabata

17. Majeng ngidul ika ingkang margi
sing kulon pinaten dalanira
wus dadi rengga-renggane
aparyoga dinulu
tiningalan purba asingid
pantes yen candine besar
gadhang Sinuhun
Sultan Demak karsanira
pamit rehing sampun sampurna kang bakti
arah manthuk ing Demak

18. Ingkang kinarsakaken akari
ing Carbon angrumati kang rawadat
punika kang sadherek
ingkang aneng Wulangun
nama Pangeran Sindang Lampir
kang ana ing ayunan
pan ingkang Sinuhun
ing Carbon mpun tinarima
pangabaktine Sultan Demak lan malih
pan sampun linilanan

19. Pamanthuke Sultan ing nagari
Demak sampun ambawa sampurna
anithi karatone
angsal barkat ing guru
dadya mundhak tingal ing arip
pan maring sukmanira
mangkana Sinuhun
Carbon sawurinira ragab
kalayan kang amat maring Cina putri
nutug ing salawasira

20. Nanging tan lawas tuli sang putri
wafat ing arsaning Kangjeng Sunan
saestu wadon bagjane
gadhang hake ing mbesuk

ing Suwarga Janatun adnin
amargi kinawula
ing Gusti Sinuhun
kurnapanipun wus sirna
ana ing pinggiring Dalem Cipta Giri
ingkang gadhang Astana

21. Sira wus sampurna kang amat putri
anuli ana ingkang pakarsan
Dalem Sinuhun ing mangke
ngaturi Sunan Kidul
Sunan Kodi Jaka parapti
lan Pangeran Krangkendal
lan Ratnaning Ayu
Nyi Gedhe ing Panguragan
sampun kumpul sakawan alinggih
Sunan Jati ngandika

22. Tyang tetiga kaula tedhani
kutha goib kang ambabar katanan
kang ndadosaken pangraksane
dhumateng anak putu
dupi kula sampun mendhemi
wonten ing bungkas wetan
ing laksananipun
yen wonten musuh sing wetan
kasanggreka gagara madyaning tasik
binung tan uning marga

23. Sunan Kodi Jaka mangke angling
kula mendhem emas sasalingan
bang kidul punika lah yen
wonten musuh saking kidul
singa mara singa tan dadi
andadak ing sakala
ical kang pangawruh
wonten sedya mboten teka

wonten teka mboten sedya anyidrani
salamet babarkatan

24. Nyi Mas Panguragan atur angling
kula mendhem kekodhokan emas
bungas kilen ika lah yen
wonten musuh arawuh
saking kilen yen mangsa wengi
katingalan sapanat
yen siyang kadulu
katon segara kang jembar
dados numpes sadaya kang anyalawadi
sirna tanpa karana

25. Pangeran Karangkendal ris angling
kula mendhem candana sapilar
ingkang awulung warnane
bungas eler puniku
yen wonten musuh andhatangi
saking ler mangka dadya
peteng tan kadulu
katingal tanana praja
kadi wengi kang ribed datan amanggih
dhumateng kang sinadya

26. Kasaru ana ingkang perapti
Datuk Kapid medhek ing ayunan
reh ingangken pangulune
pan anoraken kukum
Pangeran Kajaksan lumiring
rehing ingangken Jaksa
Patih Keling tumut
reh papakuning parentah
sakatiga matur kados pundi mangkin
awiyosing kukuman

27. Punapa tilar ing Arab mangkin
Kangjeng Sinuhun Jati ngandika

iku aja sira gawe
kadya ing Arab kang kukum
aneng kene nagara doip
sabab wadon nagara
waris saking ibu
ibu putri Pajajaran
